

Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur

Buku Siswa

Kirtya Basa

Adhedhasar Pergub Jatim No. 19 Taun 2014
Muatan Lokal Bahasa Daerah
Provinsi Jawa Timur
Lan KTSP 2013

Tim Penyusun :
Drs. Samsul Hadi
Drs.Yusuf Budi Santosa
Drs. Sunardi
Dra. Rini Murwati
Dra. Agus Windarti, M.Pd
Dra. Umi Nayirotin

Kanggo
SMP/MTs
Kelas VII

Editor/ Penyelia : Dra. Sri Sulistiani, M.Pd

Kirtya Basa

Tim Penyusun:
Drs. Samsul Hadi
Drs. Yusuf Budi Santosa
Drs. Sunardi
Dra. Rini Murwati
Dra. Agus Windarti
Dra. Umi Nayirotin

Editor/Penyelia: Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.

Penerbit : Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur

Isi : ix, 160 hal

ISBN 978-602-404-004-8 (no.jil.lengkap)
ISBN 978-602-404-005-5 (jil.1)

KATA PENGANTAR
KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA TIMUR

Alhamdulillah buku "Kirtya Basa" sudah selesai disusun dan diterbitkan. Buku ini disusun dengan berpedoman pada Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 tentang Mata Pelajaran Bahasa Daerah sebagai muatan lokal wajib di Sekolah/Madrasah. Pergub tersebut memberikan pegangan hukum yang kuat bagi guru-guru untuk melaksanakan dengan sungguh-sungguh pembelajaran bahasa daerah. Sebagai tindak lanjut, buku ini disusun untuk menyelesaikan masalah ketiadakan buku ajar seiring dengan terbitnya Pergub dan diharapkan dapat diterima dan digunakan dalam pembelajaran di sekolah/madarasah di wilayah Jawa Timur.

Terima kasih disampaikan kepada tim penyusun yang telah dengan kesungguhan menyelesaikan buku ini. Kerja sama Tim Eksternal sebagai penyusun bersama-sama dengan Tim internal Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur telah mampu menghasilkan karya yang bermanfaat bagi pembentukkan budi pekerti dan karakter generasi muda lewat jalur pendidikan formal di sekolah/madarasah.

Kesempurnaan buku ini adalah tujuan dari penyusun dan pengguna buku ini. Akan tetapi, buku ini masih memiliki kekurangan. Karena itu, kritik, saran, dan masukan dari berbagai pihak yang peduli terhadap pelestarian, pengembangan, dan pemertahanan bahasa Daerah sebagai salah satu budaya bangsa ini sangat diharapkan. Insya Allah pada kesempatan lain buku ini akan disempurnakan dengan mengakomodasi masukan dari berbagai pihak.



Surabaya, Nopember 2014
Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur,

Dr. Harun, M.Si, MM

ATUR SAPALA

Era Globalisasi ngicalaken wates-wates budaya satunggal kaliyan satunggalipun. Kanthi era globalisasi sampun milai nglunturaken jatidhiri utawi karakter kabudayan tartamtu lan kagantos budaya global ingkang sipatipun umum, kalebet budaya Jawi. Ing wekdal sapunika kedahipun konsep globalisasi dipunwawas malih maknanipun supados budaya Jawi tetep kukuh sesandhingan kaliyan budaya sanesipun, wonten ing tataran nasional, regional, dalasan internasional. Babagan punika salaras kaliyan pamrayoganipun UNESCO bilih bebrayan donya kedah tetep ngenalaken lan ngrembakaken kearifan lokal minangka salah satunggalipun solusi alternatif kangge mrantasi prekawis tataning gesang bebrayan. Kangge nyengkuyung kawicaksananipun UNESCO punika kearifan lokal budaya Jawa prelu dipunangkat, dipundhokumentasi, dipunlestarekaken, dan dipunrevitalisasi. Kabudayan Jawi mujudaken kaca benggala saking tata gesangipun bebrayan Jawi. Kabudayan Jawi punika boten namung budaya kemawon, ananging arupi basa, sastra, lan kasenianipun.

Salah satunggalipun upaya kangge nyengkuyung pangrembakanipun kearifan lokal lumantar donyanipun pendhidhikan. Peraturan Gubernur Jawa Timur No. 19 Taun 2014 ngengingi " Mata Pelajaran Bahasa Daerah sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/ Madrasah". Pasal-pasal wigatos ingkang dados lelandhesan pamucalan dan penyeratan buku, ing antawisipun:

(1) Pasal 2: Bahasa daerah diajarkan secara terpisah sebagai mata pelajaran muatan lokal wajib di seluruh sekolah/madarasah di Jawa Timur, yang meliputi Bahasa Jawa dan Madura, dengan kurikulum sebagaimana tersebut dalam lampiran.

(2) Pasal 3: Muatan lokal bahasa daerah sebagaimana dimaksud dalam Pasal 2, dimaksudkan sebagai wahana untuk menanamkan nilai-nilaipendidikan etika, estetika, moral, spiritual, dan karakter.

(3) Pasal 4: Muatan lokal bahasa daerah sebagaimana dimaksud dalam Pasal 2, bertujuan untuk melestarikan, mengembangkan, dan mengkreasikan bahasa dan sastra daerah.

(4) Pasal 8 (ayat 1): Strategi pembelajaran bahasa daerah berbasis pada budaya, tata nilai, dan kearifan lokal yang berkembang di lingkungan masyarakat untuk menciptakan Pembelajaran Aktif, Inovatif, Kreatif, Efektif, dan Menyenangkan (PAIKEM).

(5) Pasal 9 (ayat 1): Kurikulum bahasa daerah disiapkan dengan mengacu pada peraturan perundang-undangan dan mengindahkan kearifan lokal.

(6) Pasal 10 (ayat 1): Materi ajar bahasa daerah disiapkan oleh pemerintah provinsi dan pemerintah kabupaten/kota bekerja sama dengan institusi/ pihak yang terkait.

(7) Pasal 10 (ayat 4): materi ajar bahasa daerah bersumber dari budaya, tata nilai yang berkembang di lingkungan masyarakat sebagai integrasi tematik yang memanfaatkan kearifan lokal.

Salaras kaliyan isinipun Pergub, pamarentah lumantar *Dinas Pendidikan dan Kebadayaan* Jawa Timur nyedhiyakaken buku ajar ingkang berbasis kearifan lokal.

Buku kasusun kanthi tahap-tahap tartamtu kacundhukaken kaliyan anggaran ingkang sumadya. Kangge tataran SMP/M.Ts. ing pungkasipun taun 2014 ngrampungaken buku kelas VII kanthi irah-irahan ”Kirtya Basa”.

Buku ***“Kirtya Basa”*** punika dipunserat dening para guru Basa lan Sastra Jawi alumni saking Universitas Negeri Surabaya (Unesa). Salaras kaliyan owah gingsiripun kurikulum pendhidhikan, buku punika sampun kacundhukaken kaliyan ***Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan.*** Isinipun buku punika sampun kasusun lelandhesan kaliyan Standar Kompetensi Lulusan (SKL), Kompetensi Inti (KI) lan Kompetensi Dasar (KD), sarta ngagem paugeran ingkang sampun dipunsusun dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*.

Isinipun buku punika sampun katitipriksa dening **Drs. Sukarman, M. Si.** (*Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni (FBS), Universitas Negeri Surabaya (Unesa) lan Ketua Tim Pengembang Kurikulum Bahasa Daerah Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur*). Wondene babagan Basa (Linguistik), Sastra, lan Metodologi Pembelajaran sampun dipuntitipriksa dening **Dra. Sri Sulistiani, M. Pd.** (*Sekretaris Jurusan, Dosen Bahasa, Sastra, dan Metodologi Pengajaran* saking *Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni FBS, Universitas Negeri Surabaya - Unesa)*. Kanthi asil paniti priksa kasebat dipunajab sageda murakabi kangge srana sinau Basa Jawi tumrapipun para siswa lan saged mbiyantu para kadang dwija anggenipun nggulawenthah siswa-siswinipun ing jagading pamucalan Basa Jawi.

Buku punika edhisi kaping-1, pramila buku punika tinarbuka lan prelu dipundandosi lan dipunsampurnakaken. Pramila, kita nyuwun dhumateng pamaos kangge maringi kritik, saran lan pamrayoga kangge ndandosi lan nyampurnakaken edhisi salajengipun. Mugi-mugi kanthi wontenipun buku punika saged mbiyantu para siswa, kadang dwija, lan sutresna Basa Jawi anggenipun marsudi basa, sastra, lan kabudayan Jawi supados saged ngrembaka lan tetep lestari.

Surabaya, Nopember 2014
Paniti Priksa

Drs. Sukarman, M. Si./ Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.

(Ketua dan Wakil Ketua Tim Pengembang Kurikulum Mulok Bahasa Daerah Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur 2014)

ATUR PANGIRING

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti ingkang Maha Kuwaos dene panyerat sampun saged ngrampungaken buku Basa Jawi ***"Kirtya Basa"*** kangge para siswa Sekolah Menengah Pertama (SMP) / Madrasah Tsanawiyah (M.Ts). Wiwit taun pelajaran 2014/2015, piwucalan Basa Jawi SMP/M.Ts sampun ngginakaken kurikulum enggal inggih punika *KTSP Mulok Bahasa Daerah 2013*. Lelandhesan Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 ***"Mata Pelajaran Bahasa Daerah Sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/ Madrasah"*** kanthi alokasi wekdal 2 (kalih) jam pelajaran satunggal minggunipun. Kangge njangkepi srana piwucalan Basa Jawi ing SMP/M.Ts panyerat nganggit buku ajar Basa Jawi ***"Kirtya Basa"*** punika.

Buku punika kasiyapaken kangge nyengkuyung kawicaksanan KTSP 2013. Salaras kaliyan Peraturan Menteri Pendidikan No. 64 Tahun 2013, ingkang ngrembag bab *Standar Kompetensi Lulusan (SKL),* paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran kedah ngagem acuan dhumateng *Standar Kompetensi Lulusan (SKL)* lan *Kompetensi Inti (KI)* lan sarta ngagem paugeran ingkang sampun dipunsusun dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*. Wondene *Permendikbud No. 71, Tahun 2013, ingkang ngrembag Buku Teks Pelajaran* lan *Buku Panduan Guru Untuk Pendidikan Dasar Dan Menengah,* ugi paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran ingkang dipunginakaken ing pawiyatan-pawiyatan kedah sampun kasusun adhedhasar KTSP Mulok Bahasa Daerah Tahun 2013.

Ewah-ewahan tumrap buku teks kedah karancang lan kasusun kanthi berbasis teks. Teks kawawas minangka perangan basa ingkang kagungan makna kontekstual. Lumantar buku punika siswa kaajab saged ngasilaken lan ngginakaken teks salaras kaliyan tujuan lan fungsi sosialipun. Salebetipun piwucalan basa Jawi ingkang berbasis teks, boten namung mucalaken teori lan konsep, ananging teks ugi migunani minangka sumber aktualisasi dhiri tumrap ingkang migunakaken ing salebeting konteks sosial budaya akademis.

Kanthi wontenipun buku ***"Kirtya Basa"*** punika dipunajab sageda mbiyantu para siswa SMP/M.Ts anggenipun ngleluri lan marsudi Basa Jawi lan saged nglancaraken para kadang dwija anggenipun nggulawenthah para siswa-siswinipun ing piwucalan Basa Jawi. Kejawi berbasis teks, pangrakiting buku punika ugi ngginakaken *Pendekatan Saintifik*. Piwucalan lelandhesan teks, mawi pandhom ngrembakakaken babagan (1) Piwucalan basa kawawas saking teks boten namung kasusun kanthi munjeraken paramasastra utawi *ketatabahasaan* kemawon. (2) Piwucalan lelandhesan teks minangka proses pamilihan basa ingkang ngandharaken makna. (3) Piwucalan basa lelandhesan teks asipat *fungsional* ingkang ateges boten saged uwal saking *konteks* ingkang mbabaraken maneka warni *ide, karakter, nilai*, ugi *idiologi* panuturipun, (4) Piwucalan basa

lelandhesan teks ugi minangka sarana kangge mangun kawasisan olah pikir tumrap para siswa. Jinising teks ingkang kaandharaken ing buku punika arupi teks dheskripsi, palapuran, narasi lan carita, eksposisi, eksplanasi, lan sapiturutipun. Wondene *Pendekatan Saintifik* ingkang kasajekaken ing buku punika mawi proses, ing antawisipun *Mengamati (Observing), Menanya (Questioning), Mencoba (Experimenting), Menalar (Associating), Mengkomunikasikan (Comunicating),* lan *Membentuk Jejaring (Networking).* Wondene aspek ingkang dados punjering piwucalan inggih punika kanthi nengenaken aspek *Sikap Religius, Sikap Sosial, Kognitif, lan Psikomotorik*.

Pambabaripun buku ***"Kirtya Basa"*** kajawi ngemot *materi*, ugi sinartan *gladhen (latihan)* ingkang sampun kasalarasaken kaliyan *Kompetensi Dasar* lan *Indikator* ingkang sampun sinerat ing silabus, pramila dipunajab supados saged nyekapi kangge ngukur *kompetensi* minimal ingkang kedah dipunkuwaosi para siswa. Pambabaripun buku ugi berbasis teks kanthi tahapan: *(1) Tahap Pembangunan Konteks, (2) Tahap Pemodelan Teks, (3) Tahap Pembuatan Teks Secara Bersama-sama,* lan *(4) Tahap Pembuatan Teks Secara Mandiri*. Kejawi materi lan gladhen, buku punika ugi dipunjangkepi "bausastra" lan pepeling ingkang ngandharaken konsep-konsep inti saben wulangan utawi bab. Kanthi mekaten dipunajab sageda njangkepi *penyajian materi* piwucalan lan kangge nambah wawasanipun para siswa.

Buku punika minangka edhisi kaping-1. Panyerat sampun mbudidaya murih buku punika saged sampurna, ananging minangka manungsa limrah sarta saking winatesipun sarta cupetipun kawruhipun panyerat, taksih wonten kekirangan-kekiranganipun. Pramila panyaruwe saking pamaos tansah kaantu-antu kangge nyampurnakakaken buku punika. Wusananipun atur, mugi-mugi Gusti Ingkang Murbeng Dumadi tansah njangkung lan nyengkuyung pangetrapanipun buku punika tumrap kemajengan lan lestarinipun piwucalan Basa Jawi. Nuwun.

Surabaya, Nopember 2014

Panyerat

Daftar Isi

WULANGAN 1

PARIWISATA

Kompetensi Dasar	Indikator
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional	1.1.1 Berdoa sebelum memulai dan sesudah kegiatan belajar bahasa daerah
1.2 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana memahami informasi lisan dan tulis.	1.2.1 Menggunakan bahasa daerah sebagai sarana memahami informasi lisan
1.3 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa sebagai sarana menyajikan informasi lisan dan tulis	1.3.1 Menggunakan bahasa daerah sebagai sarana menyajikan informasi lisan dan tulis 1.3.2 Menggunakan bahasa daerah sesuai dengan tata krama
2.2. Memiliki perilaku demokratis, kreatif, dan santun dalam berdebat tentang kasus atau sudut pandang.	2. 2.1 Memiliki perilaku kreatif dalam berbahasa daerah. 2.2.2 Memiliki perilaku demokratis. 2.2.3 Membiasakan perilaku santun dalam berbahasa.
3.1Memahami teks hasil observasi, tanggapan deskriptif, dan eksposisi dalam bentuk informasi atau berita secara lisan dan tulis.	3.1.1 Menjelaskan struktur teks tanggapan deskriptif secara lisan dan tulis 3.1.2 Menentukan ciri bahasa teks tanggapan deskriptif secara lisan dan tulis 3.1.3 Menyimpulkan isi teks tanggapan deskriptif secara lisan dan tulis
4.1 Menelaah dan menyunting teks hasil observasi, tanggapan deskriptif, dan eksposisi dalam bentuk informasi atau berita secara lisan dan tulis	4.1.1 Menelaah teks tanggapan deskriptif lisan dan tulis. 4.1.2 Menyunting teks tanggapan deskriptif secara lisan dan tulis. 4.1.3 Membaca hasil suntingan teks tanggapan deskriptif.

Mbabar Wawasan

Lelagon kreasi anyar ing ngisor iki tembangna bebarengan!

Pariwisata

Anjajah desa milang kori
Kalamangsane pariwisata
Wruh endahe alam nuswantara
Keh kang adiluhung
Alas lan gunung-gunung

Sawise nembangake lelagon kreasi anyar ing ndhuwur semaken gambar-gambar ing ngisor iki, sabanjure wangsulana pitakon-pitakon sing sumadiya.


Gambar 1. Sendang Biru


Gambar 2. Kawah Ijen


Gambar 3. Tlaga Sarangan


Gambar 4. Pulo Merah

1. Papan panggonan apa sing katon ing gambar?
2. Manggon ing ngendi objek wisata ing dhuwur?
3. Apa sing kokweruhi bab pariwisata?
4. Papan pariwisata ngendi wae sing wis kokweruhi, mligine ing Jawa Timur?
5. Coba jelasna guna paedahe nindakake pariwisata!

Kegiatan 1 Modhel Teks Tanggapan Dheskriptif

Salah sijine papan pariwisata ing Jawa Timur sing oleh kawigaten gedhe saka masyarakat yaiku Gunung Bromo. Gunung Bromo kang manggon ing patang wilayah kabupaten, yaiku kabupaten Probolinggo, Lumajang, Malang lan Pasuruan kasebut ora tau sepi pangunjung. Apa maneh ing sakiwa tengene Gunung Bromo panguripane para warga duwe ciri khas sing ora padha karo masyarakat ing papan liyane. Kaendahan lan tradisi ing Gunung Bromo bisa nambahi wawasan tumrap

Indonesia sing pranyata sugih potensi alam kang bisa kanggo nambahi kemakmurane bangsa.

Tugas 1: Nyemak Teks Tanggapan Dheskriptif

1. Ing ngisor iki tuladha teks tanggapan dheskriptif kanthi irah-irahan ”Gunung Bromo”, wacanen kanthi permati!

GUNUNG BROMO



Gunung Bromo yaiku sawijining obyek wisata gunung ing Jawa Timur sing banget nengsemake tumrap para wisatawan dhomestik lan wisatawan saka manca negara. Gunung Bromo dumunung ing wilayah pamarentahan propinsi Jawa Timur kang dumadi saka patang wilayah, yaiku kabupaten Probolinggo, Pasuruan, Lumajang lan Malang. Dhuwure gunung Bromo yaiku 2.392 meter saka lumahe segara. Gunung Bromo minangka obyek wisata kang wis misuwur ing saindenging donya didadekake icon wisata dening pamarentah Propinsi Jawa Timur.

Gunung Bromo tansah dadi papan kang nyenengake, jalaran duwe pemandhangan kang ora tinemu ing panggonan liya. Gunung Bromo kinupengan segara wedhi kang jembare kurang luwih 10 km persegi, misuwur anane *sunrise* sing saben-saben dienteni dening para wisatawan. Ing pucuke gunung Bromo katon kawah sing ajeg nyemburake geni lan kukus, nduweni dhiameter kurang luwih 800 meter yen diukur saka arah lor nganti sisih kidul, lan kurang luwih 600 meter saka arah wetan nganti pinggire kawah sisih kulon. Ana papan sing dianggep mbebayani tumrape pangunjung, yaiku papan radhius 4 kilometer saka kawah.

Obyek wisata Gunung Bromo klebu wewengkon *Taman Nasional Bromo Tengger Semeru*. Tumuju menyang Gunung Bromo sing paling kepenak kawiwitan saka Penanjakan. Ing Penanjakan para wisatawan bisa ndeleng *sunrise* utawa prastawa mletheke srengenge sing sesawangane endah lan nengsemake. Sabanjure bisa nerusake laku menyang kawahe gunung, bisa mlaku bisa uga nyewa jaran utawa jeep supaya ora kesel. Nalika ngliwati segara wedhi bisa ndeleng bangunan papan ibadahe suku Tengger sing nggilut agama Hindu. Bangunan kasebut diarani *Pura Luhur Poten*.

*(liburan**bromo**murah.com/wisata-**gunung**-**bromo*** (15 okt 2014 kanthi owah-owahan sawetara)

Bausastra

misuwur	:	kondhang
nengsemake	:	nyenengake
jembar	:	amba
kukus	:	pega
endah	:	apik
wewengkon	:	wilayah
nggilut	:	nganut

2. Kanggo mangerteni isine wacan, wangsulana pitakon ing ngisor iki!
   a. Ing ngendi papan dunung Gunung Bromo?
   b. Prastawa mletheke srengenge diarani apa?
   c. Papan ngendi sing dianggep mbebayani tumrap pangunjung Gunung Bromo?
   d. Terangna sing urut, yen menyang Gunung Bromo sing kepenak kawiwitan saka ngendi?
   e. Apa wae sing nengsemake ing Gunung Bromo?

Pepeling:

Teks tanggapan dheskriptif yaiku teks sing isine nggambarake obyek kanthi gamblang lan rinci

Tujuan paragraf ing teks tanggapan dheskriptif yaiku kanggo njlentrehake, nerangake sawenehe obyek marang sing maca saengga wong sing maca kaya-kaya melu ngrasakake, ngrungokake, ndeleng utawa ngalami tumrap apa sing wis didheskripsekake dening penulise.


Tanggapan dheskriptif yaiku kesan tumrap apa sing wis dideleng, dirungu marang (tumrap) obyek tartamtu, lan nalika maca kaya-kaya weruh lan ngrasakake obyek sing diwaca.

Ciri-ciri teks tanggapan dheskriptif:
1. Nggambarake panggonan, wong, barang, kahanan nganggo pancadriya
2. Tujuane supaya wong sing maca kaya-kaya melu ngrasakake utawa ndeleng dhewe marang obyek sing didheskripsekne
3. Ciri-cirine obyek diterangake kanthi gamblang lan rinci.

Tugas 2: Nyemak Struktur Teks Tanggapan Dheskriptif

1. Wacanen sepisan maneh teks "Gunung Bromo" ing ndhuwur. Sawise maca teks tanggapan dheskriptif bakal tinemu perangan teks kang dumadi saka idhentifikasi, klasifikasi/dhefinisi lan dheskripsi bagean.

a. Idhentifikasi yaiku perangan utawa bagean sing nerangake titikan (ciri), barang, tandha lan sapanunggalane.
b. Klasifikasi/dhefinisi yaiku perangan sing mantha-mantha manut jinis utawa klompoke
c. Dheskripsi bagean yaiku perangan sing nerangake gegambaran sing luwih rinci.



2. Wacanen maneh teks "Gunung Bromo", sabanjure ukara ing ngisor iki pilahen manut struktur teks tanggapan dheskriptif!

Struktur teks	Ukara
Idhentifikasi	a. Gunung Bromo yaiku sawijining obyek wisata gunung ing Jawa Timur sing banget nengsemake tumrap para wisatawan dhomestik lan wisatawan saka manca negara. b. ....
Klasifikasi/ Dhefinisi	a. Gunung Bromo kinupengan segara wedhi kang jembare kurang luwih 10 km persegi, misuwur anane *sunrise* sing saben-saben dienteni dening para wisatawan. b. .... c. ....
Dheskripsi bagean	*a.* Obyek wisata Gunung Bromo klebu wewengkon *Taman Nasional Bromo Tengger Semeru.* b. .... c. ....

Tugas 3: Nyemak Unsur Basa Teks Tanggapan Dheskriptif

1. **Andharan ing ngisor iki semaken!**
   a. **Swara Jejeg lan Swara Miring**

"Gunung Bromo kinupengan segara wedhi kang jembare kurang luwih 10 km persegi"

Ing ukara dhuwur tembung-tembunge ngemot swara jejeg lan swara miring. Tuladha: gunung [gunUng]. Swara /u/ ing wanda [gu] swarane jejeg, dene /u/ ing wanda [nUng] swarane miring.

Pepeling

Swara jejeg uga diarani swara sampurna. Swara iki durung owah saka asale. Swara /a/ jejeg tuladhane kaya ing tembung mata, wana, rasa, lan liya-liyane. Swara /a/ miring iku manawa lafale padha karo tembung wani, garu, sate, wedang, nanas, lan sapanunggalane.

Swara /i/ bakal diarani swara jejeg manawa lafale dadi /i/ kaya ing tembung bali, sasi, wisata, wanita, pitulung, lan sapanunggalane. Swara /i/ bakal diarani swara miring manawa lafale kaya ing tembung bathik, nangis, guling, tertib, lan sapanunggalane.

Kanggo mangerteni swara jejeg lan swara miring jingglengana tabel ing ngisor iki:

Swara (vokal)	Jejeg	Miring
a	widada	dumadi
	tumata	palupi
	lara	dadi
i	wadi	manis
	wirama	guling
	gati	jarit
u	lunga	sarung
	madu	marmut
	palupi	alus
e	sate	golek
	wedang	mewek
	suwe	kopen
e pepet	sega, sepet, lega, lepet, merem, lan sapanunggalane	
o	soto	bolong
	loro	dados
	obat	Klobot

b. Jinise Tembung

Sawise njingglengi teks tanggapan dheskriptif "Gunung Bromo" tinemu panganggone tembung aran, tembung kahanan, tembung panggandheng, lan jinis tembung liyane.

Tuladha:

"**Gunung Bromo** yaiku sawijining obyek wisata gunung ing Jawa Timur sing banget **nengsemake** tumrap para wisatawan dhomestik **lan** wisatawan saka manca negara"

Kanggo nyinaoni teks tanggapan dheskriptif uga kudu nyinaoni jinising tembung basa Jawa. Jinise tembung ing basa Jawa kaperang dadi 10, yaiku:

1) Tembung Aran (*Kata Benda*)
   Tembung aran yaiku tembung sing nerangake sakabehe jenenge barang utawa sing dianggep barang.
   Tembung aran diperang dadi loro, yaiku:
   a) Tembung aran sing kasat mata
      Tuladha: gunung, jaran, jeep, pura, omah, dalan, segara, wedhi, lan sapanunggalane.
   b) Tembung aran sing ora kasat mata
      Tuladha: pemandhangan, kabudayan, pariwisata, lan sapanunggalane
2) Tembung Kriya (*Kata Kerja*)
   Tembung kriya yaiku tembung sing nerangake pagawean.
   Tuladha: lunga, dolan, tuku, turu, nulis, numpak, nggawa, mangan, njaluk, nggambarake, nerangake, lan sapanunggalane.
3) Tembung Kahanan (*Kata Sifat*)
   Tembung kahanan yaiku tembung sing nerangake watak, sipat, lan kahanane samubarang.
   Tuladha: adoh, cedhak, ayu, panas, sugih, kepenak, sengsara, luwe, panas, nengsemake, lan sapanunggalane.
4) Tembung Katrangan (*Kata Keterangan*)
   Tembung katrangan yaiku tembung sing nerangake tembung aran, tembung kriya, lan tembung kahanan.
   Tuladha: saiki, sesuk, awan, bengi, minggu ngarep, lan sapanunggalane.
5) Tembung Wilangan (*Kata Bilangan*)
   Tembung wilangan yaiku tembung sing nerangake cacahe utawa jumlahe barang lan pepangkatan.

Tuladha: siji, loro, telu, sepuluh, selawe, seket, satus, sewu, sasendhok, sethithik, akeh, kabeh, pirang-pirang, separo, seprapat, sakjam, ka-2, lan sapanunggalane.

6) Tembung Sesulih (*Kata Ganti*)

   Tembung sesulih yaiku tembung sing dadi sesulih utawa gantine wong, kewan, barang utawa sing dianggep barang.

   Tuladha: aku, kowe, dheweke, iki, kuwi, kae, lan sapanunggalane.

7) Tembung Ancer-Ancer (*Kata Depan*)

   Tembung ancer-ancer yaiku tembung sing dienggo nyambung tembung kriya karo panggonan.

   Tuladha: ing, saka, menyang, lan sapanunggalane.

8) Tembung Panggandheng (*Kata Sambung*)

   Tembung panggandheng yaiku tembung sing dienggo nggandheng gagasan loro utawa luwih.

   Tuladha: nalika, karo, lan, banjur, mula, yen, manawa, sebab, lan sapanunggalane.

9) Tembung Panyilah (*Kata Sandang*)

   Tembung panyilah yaiku tembung sing dienggo menehi sesilah utawa sandhangane tembung aran sing wis genah.

   Tuladha: sang, si, para, lan sapanunggalane.

10) Tembung Panguwuh (*Kata Seru*)

   Tembung panguwuh yaiku tembung sing nerangake rasa pangrasa.

   Tuladha: ah!, adhuh!, oh!, hore!, ya ampun...!, lho!, haa!, lan sapanunggalane.

2. Ukara-ukara ing ngisor iki udhalen manut jinising tembung!

Tuladha:

Gunung Bromo misuwur ing saindenging donya.

gunung bromo	: tembung aran
misuwur	: tembung kahanan
ing	: tembung ancer-ancer
saindenging	: tembung wilangan
donya	: tembung aran

a) Budi budhal menyang gunung Bromo liwat Probolinggo.
b) Gunung Bromo dikupengi segara wedhi.
c) Hawa ing pagunungan kuwi adhem.

d) Bocah-bocah seneng ndeleng kaendahan alam.
e) Aku lan adhiku nyuwun oleh-oleh.

3. **Sawise nyinaoni babagan jinise tembung basa Jawa, wacanen maneh teks ”Gunung Bromo”. Tindakna pakaryan ngisor iki!**
   a) Tulisen sing kalebu jinise tembung aran 5 bae!
   b) Tulisen sing kalebu jinise tembung panggandheng 5 bae!
   c) Tulisen sing kalebu tembung kahanan 5 bae !
   d) Tulisen sing kalebu tembung kriya 5 bae!

c. Unggah-Ungguh Basa

Basa ngoko kaperang dadi loro, yaiku:

1. Basa Ngoko Lugu

Basa ngoko lugu yaiku ukara sing dumadi saka susunan tembung ngoko kabeh.

Tuladha:

a) Para wisatawan seneng lunga menyang gunung Bromo.
b) Aku numpak sepedhah.
c) Winarno ngombe wedang jahe.
d) Kancaku wis teka kabeh.
e) Bocah-bocah padha mangan rujak legi.

Basa ngoko lugu kuwi kanggone ana ing pasrawungan kang kahanane raket banget, kayata:

a) Pacelathon ing antarane sapepadhane.
b) Pacelathon karo wong sing drajate luwih endhek/asor.
c) Pacelathon wong tuwa marang bocah.

Gawea ukara nganggo basa ngoko lugu kanthi migunakake tembung-tembung ing ngisor iki!

1) tuku
2) lunga
3) akeh
4) apik
5) pinter

2. Basa Ngoko Alus utawa Andhap

Basa ngoko alus yaiku basa sing migunakake tembung-tembung ngoko kacampuran tembung krama inggil. Tembung-tembung sing kudu nggunakake krama inggil yaiku tembung-tembung kang ana sambung-rapete karo wong sing dikurmati utawa diajeni.

Tuladha:

a) Aku ditimbali bapak arep diutus resik-resik latar.
b) Bapak tindak menyang Malang nitih sepur.
c) Pak Lurah ora sida rawuh ing kampungku.
d) Bu Dartik mundhut gula rong kilo.
e) Dhek wingi Rini didukani ibune jalaran mulihe telat.

Panganggone basa ngoko alus ing pasrawungan, yaiku:

a) Wong tuwa marang wong enom kang perlu diajeni.
b) Wong enom marang wong luwih tuwa sing wis raket.
c) Ngajeni wong sing digunem.

Gawea ukara nganggo basa ngoko alus kanthi migunakake tembung-tembung ing ngisor iki!

1) tindak
2) maos
3) mundhut
4) ngaturi
5) ngendika

Tugas 4: Nyimpulake Isine Wacan

Maca teks tanggapan dheskriptif kanthi premati kowe bakal mangerti apa isine wacan. Gatekna pituduh ing ngisor iki kanggo nyimpulake isine wacan.

1. Wacanen teks "Gunung Bromo" kanthi premati
2. Tulisen ukara baku ing saben pada (*Paragraf*)
3. Roncenen ukara-ukara baku supaya dadi sapada.
4. Gawea dudutan *(kesimpulan)* teks "Gunung Bromo" manut pituduh ing dhuwur!

Kegiatan 2 Nulis Teks Tanggapan Dheskriptif kanthi Klompok

Ing pasinaon iki para siswa bakal sinau bebarengan sajroning klompok.
Gawea klompok, saben klompok anggotane 4 - 5 siswa

Tugas 1: Nintingi Teks Tanggapan Dheskriptif

1. Teks tanggapan dheskriptif sing irah-irahane "Tlaga Sarangan" ing ngisor iki durung urut. Coba ukara-ukara ing kolom ngisor iki tintingana, sabanjure wenehana nomer saengga bisa dadi teks tanggapan dheskriptif sing urut, kanthi migatekake struktur teks kang kedadean saka idhentifikasi, klasifikasi/dhefinisi lan dheskripsi bagean. Saben klompok macakake asile dhiskusi ing sangarepe kanca-kancane.

TLAGA SARANGAN

Nomer	Ukara
....	Tlaga Sarangan dununge ing sakulone kutha Magetan, kurang luwih adohe 16 km.
....	Ing sakiwa tengene tlaga akeh sumadya papan panginepan.
....	Tlaga Sarangan yaiku tlaga alami sing manggon ana ing sikile Gunung Lawu, Kecamatan Plaosan, Kabupaten Magetan, Provinsi Jawa Timur.
....	Ing sakiwa tengene Tlaga Sarangan akeh restoran, warung, lan panganan sing diiderake dening para bakul.
....	Kepingin ngubengi tlaga wis dicepaki sarana transportasi kang arupa jaran, prau motor, lan becak air.
....	Kabeh siap ngajak para pengunjung ngubengi tlaga!
....	Magetan duwe potensi indhustri *kecil* sing wis misuwur.
....	Pengunjung ora perlu kuwatir keluwen.
....	Pengunjung obyek wisata Tlaga Sarangan saben taun cacahe bisa nganti ewon.
....	Tlaga Sarangan uga diarani Tlaga Pasir.
....	Tlaga Sarangan minangka obyek wisata andelane Kabupaten Magetan.
....	Fasilitas liyane kayata: kios *souvenir*, prau, restoran, warung, telpun umum, papan ibadah, lan liya-liyane.
....	Tlaga iki ambane kurang luwih 30 hektar, jerone 28 meter, dene suhu rata-rata antarane 18 – 25 derajat celcius.
....	Para pangunjung bisa ngenggar-enggar ati sasuwene liburan.
....	Ing warung akeh pilihan menu.
....	Panganan khas ing tlaga Sarangan yaiku sate truwelu (*kelinci*).
....	Prodhuk indhustri *kecil* wujud kerajinan sing bisa kanggo *souvenir,* kayata: anyaman saka pring, kerajinan sepatu kerajinan kulit lan prodhuk panganan ana emping mlinjo, lempeng, jrangking lan carang mas.

Tugas 2: Nyunting Teks Tanggapan Dheskriptif

Nyunting teks yaiku mbenerake panulisan kang kleru lelandhesan wewaton.
Carane nyunting teks:

1. Njingglengi teks lan nggoleki panulisan sing kleru, bisa jeneng, panggonan, gelar, ejaan, lan tandha panulisan.
2. Mbenerake panulisan kang kleru lelandhesan wewaton.

Teks "Pesisir Pulo Merah" ngisor iki wacanen kang titi! Ing teks tinemu tembung-tembung, ejaan lan tandha panulisan sing kleru. Panulise teks kang kleru kasebut golekana, sabanjure benerna!

PESISIR PULO MERAH

Pesisir Pulo Merah kang uga diarani *Red Island* kuwi minangka salah sijine obyek wisata sing kawentar ing kabupaten banyuwangi. Pesisir Pulo Merah saiki dhadhi primadhona wisata ing Banyuwangi. Panggonane ana ing desa Sumberagung, kecamatan pasanggaran kabupaten Banyuwangi.

Pesisir Pulo Merah, yaiku jeneng sing pas kanggo ngarani pesisir sing manggon ing desa Sumberagung kasebot. Di arani pesisir Pulo Merah jalaran wedhi ing sadhawane pesisir rupane semu abang. Saka pesiser nyawang mangidhul katon pulo-pulo seng apik banget. Ing mangsa ketiga pulo-pulo mau yen kena sunare srengenge mantulake cahya warna semu abang, jan nengsemake banget. Apa maneh sesawangan mau didheleng nalika ngancik sore, wayah srengenge meh angslup.

Obyek wisata pesisir Pulo Merah pancen nengsemake. Akeh papan sing bisa kanggo seneng-seneng. Para wisatawan bisa ndheleng endahe pesisir sing resik. Ing kono uga ana *event* taunan sing rame banget, yaiku selancar. Pengen mundhut oleh-oleh ya ana, panganan khas banyuwangi lan produk-produk unggulan liyane wis sumadiya ing kios-kios. Mula ora aneh yen pesisir Pulo Merah dadi obyek wisata primadhona ing Banyuwangi.

Panulisan sing Kleru	Panulisan sing Bener
1. dhadhi	1. dadi
2.	2. ....
3.	3. ....
4.	4. ....
5.	5. ....
6.	6. ....
7.	7. ....
8.	8. ....
9.	9. ....
10.............................	10. ....

Tugas 3 Nulis Teks Tanggapan Dheskriptif

1. Jingglengana teks "Tlaga Sarangan" kanthi premati.
2. Karo klompokmu tulisen maneh teks "Tlaga Sarangan" kanthi urutan:
   a. Idhentifikasi
   b. Klasifikasi/dhefinisi
   c. Dheskripsi bagean

Struktur Teks	Dheskripsi
Idhentifikasi	....

Klasifikasi/dhefinisi	....
Dheskripsi bagean	....

Kegiatan 3 Nulis Teks Tanggapan Dheskriptif Kanthi Mandhiri

Ing kegiatan pasinaon iki para siswa bakal sinau nulis teks tanggapan dheskriptif kanthi cara mandhiri. Nalika nulis teks tanggapan dheskriptif miliha tema Pariwisata.

Tugas 1: Idhentifikasi Teks Tanggapan Dheskriptif

Kanggo nyusun teks tanggapan dheskriptif tindakna langkah-langkah ing ngisor iki:

1. Goleka dhata lan informasi salah siji obyek wisata sing kokweruhi.
2. Idhentifikasinen obyek wisata sing wis kokpilih.
3. Gawea klasifikasi utawa dhefinisi sing gegayutan karo obyek wisata.
4. Deskripsekna bagean-bagean obyek wisata kanthi rinci lan gamblang.

Tugas 2: Nulis Teks Tanggapan Dheskriptif

Sawise dhata lan informasi sawijining objek wis jangkep, nulisa teks tanggapan dheskriptif sing prasaja wae. Sajrone nulis teks tanggapan dheskriptif, jingglengana maneh kanthi permati struktur teks tanggapan dheskriptif kang kadadean saka:

1. Idhentifikasi
2. Klasifikasi / dhefinisi
3. Dheskripsi bagean

Pepeling

Kerep tinemu teks nganggo basa Jawa kang panulisane kleru. Tuladhane tembung /lara/ ditulis /loro/, /cara/ ditulis /coro/, lan sapanunggalane. Klerune panulisan mau bisa nuwuhake tegese tembung lan ukara kang beda. Mula saka iku, nalika nulis gatekna pamilihe tembung sing trep lan gunakna ejaan sing bener. Panganggone swara jejeg lan swara miring perlu oleh kawigaten mirunggan. Aja kleru panulise. Ayo dikulinakake nyambutgawe sing tliti, temen, lan kebak tanggungJawab. Cocog karo unine sesanti ”Sing tlaten bakal panen, sing temen bakal tinemu”

Tugas 3 Maca Teks Tanggapan Dheskriptif

Asil tulisanmu wacanen neng ngarepe kanca-kancamu!

Uji Kompetensi Wulangan 1

A. Teks ing ngisor iki wacanen sing premati, sabanjure wangsulana pitakon-pitakon kanthi milih wangsulan sing paling bener!

SENDANG BIRU

Sendang Biru yaiku salah sijine pesisir ing wewengkon Kabupaten Malang, klebu Kecamatan Sumbermanjing. Manggone ing sakidule kutha Malang kang adohe kurang luwih 30 kilo meter.

Pesisir Sendang Biru minangka obyek wisata sing endah lan bisa narik kawigaten marang sapa wae sing teka menyang Sendang Biru. Jalarane pesisire resik, wedhine katon putih, lan yen nyawang mangidul katon njenggerenge Pulo Sempu. Saka Pesisir Sendang Biru bisa nyabrang menyang Pulo Sempu. Anane Pulo Sempu ombak ing Pesisir Sendang Biru ora gedhe. Ing Sendang Biru dijangkepi fasilitas kang bisa nyengkuyung kegiatan pariwisata.

Diarani Sendang Biru kuwi ana sejarahe. Ing pesisir ana sawenehing sumber kang banyune wernane biru. Tembung sumber bisa uga ateges sendhang, mula banjur diarani Pesisir Sendang Biru.

Pesisir Sendang Biru ing dinane iki dikelola dening perusahaan negara aran *Forestay*. Ing kana fasilitas wis sumadiya, ing antarane yaiku panginepan, *guess house*, omah jaga, lan prau sewan.

Para pangunjung yen kepengin menyang Sendang Biru bisa nganggo kendaraan pribadi utawa kendaraan umum, yaiku mikrolet jurusan Gadang – Turen – Sendang Biru.

(Sumber: http://www.eastjava.com kanthi owah-owahan sethithik)

1. Pesisir Sendang Biru kuwi salah sijine pesisir ing wewengkon Kabupaten Malang. Tembung wewengkon tegese ....
   a. bagean
   b. panggonan
   c. wilayah
   d. dunung
2. Isine paragraf siji yaiku ....
   a. Pesisir Sendang Biru
   b. Panggonane Pesisir Sendang Biru
   c. Pesisir ing wewengkon Kabupaten Malang

    d. Jarak Pesisir Sendang Biru saka Malang
3. Diarani Pesisir Sendang Biru jalaran ....
    a. wernane banyu segara katon biru
    b. pemandhangane katon biru
    c. ana sumber sing banyune biru
    d. wedhine katon biru
4. Fasilitas sing sumadiya ing Sendang Biru yaiku kaya ing ngisor iki, *kajaba* ....
    a. prau sewan
    b. panginepan
    c. travel
    d. omah jaga
5. Ukara sing klebu bagean idhentifikasi yaiku ....
    a. Ing Sendang biru sumadiya fasilitas, ing antarane yaiku panginepan, *guess house*, omah jaga, lan prau sewan.
    b. Para pangunjung yen kepengin menyang Sendang Biru bisa nganggo kendaraan pribadi utawa kendaraan umum.
    c. Sendang Biru yaiku salah sijine pesisir ing wewengkon Kabupaten Malang, klebu Kecamatan Sumbermanjing.
    d. Ing Sendang Biru dijangkepi fasilitas kang bisa nyengkuyung kegiatan pariwisata.
6. Papan panggonan sing ... obyek wisata mesthi duwe sesawangan sing apik. Tembung sing cocog kanggo nggenepi ukara ing dhuwur yaiku ....
    a. ndadekake
    b. didadeni
    c. didadekake
    d. ndadeni
7. Sing klebu tuladhane tembung panggandheng yaiku ....
    a. apa, pira, kaya
    b. apik, resik, padhang
    c. karo, nalika, lan
    d. loro, akeh, sepuluh
8. Panulise tembung ing ukara ngisor iki bener, *kajaba* ....
    a. Adhiku duwe pitik kate cacah limo.
    b. Wayah sore akeh kalong mabur golek pangan.
    c. Ajining dhiri dumunung ana ing lathi.
    d. Para kadang tani sengkud tandang gawe ing sawah.
9. Panganggone basa ngoko alus sing bener, yaiku ....
    a. Bapak gadhah sawah pirang-pirang hektar.
    b. Pak Marto ora weruh yen ana tamu.

c. Siti tumbas sekul tigang bungkus.
d. Bu Prapti dhek wingi mundhut beras limang kilo.

10. Tuladha tembung sing nganggo swara [i] miring yaiku ....
    a. wajik, sapi, ublik, petis
    b. siji, sawi, klambi, mati
    c. lading, kalis, arit, alis
    d. wiwitan, dhuwite, adhine

B. Tindakna pakaryan ing ngisor iki !

1. Tulisen sing kalebu tembung aran ing teks “Sendang Biru” paling sethithik 5 tembung!
2. Gawea ukara nganggo tembung-tembung ing ngisor iki!
   a. supaya
   b. apik
   c. lima
   d. nyiram
3. Ukara-ukara iki owahana dadi basa ngoko alus!
   a. Pak Mujo lunga menyang Solo numpak sepur.
   b. Bu Marjuki mulih saka kantor mampir pasar.
4. Udhalen manut jinise tembung!
   a. Dhek wingi Banu tuku layangan loro.
   b. Parman ora mlebu sekolah jalaran lara.
5. Pethikan teks ngisor iki suntingen, sabanjure benerna!

“Anggrek kuwi jinese werno-werno. jines catelya, dendrobium lan phalaenopsis. Kembange ana sing puteh, kuning, abang, wungu. Wujude ana seng gede ana sing cilek”

WULANGAN 2

KEPAHLAWANAN

Kompetensi Dasar	Indikator
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional	1.1.1 Berdoa sebelum memulai dan sesudah kegiatan belajar bahasa daerah. 1.1.2 Menggunakan bahasa daerah dalam berkomunikasi informal
1.3 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana menyajikan informasi lisan dan tulis	1.3.1 Menggunakan bahasa daerah sebagai sarana menyajikan informasi lisan dan tulis sesuai dengan tata krama
2.3 Memiliki perlaku kreatif, tanggung Jawab, dan santun dalam mendebatkan sudut pandang tertentu tentang suatu masalah yang terjadi pada masyarakatdengan menggunakan berbagai ragam bahasa	2.3.1 Kreatif dalam menceritakan profil tokoh nasional /pahlawan dengan bahasa yang santun,. 2.3.2 TanggungJawab atas kreativitasnya dalam menceritakan profil tokoh nasional/ pahlawan.
3.2 Memahami struktur teks, dan unsur kebahasaan dari teks lisan dan tulis untuk menceritakan pengalaman pribadi, profil tokoh , kegiatan, atau prastawa	3.2.1 Menjelaskan struktur teks profil tokoh. 3.2.2 Mengidentifikasikan unsur kebahasaan teks profil tokoh. 3.2 3 Menyimpulkan isi teks profil tokoh
4.2 Menceritakan pengalaman pribadi, profil tokoh, kegiatan, atau prastawa dengan menggunakan tata krama	4.2.1 Menuliskan teks profil tokoh dengan menggunakan bahasa yang sesuai kaidah. 4.2.2 Membaca teks profil tokoh yang telah ditulis. 4.2.3 Menceritakan profil tokoh dengan menggunakan tata krama.

 **Mbabar Wawasan**

Teks geguritan ing ngisor iki wacanen!

KI HAJAR DEWANTARA

dening: Poerwanto

Panjenengane gumuyu
Yen para siswa sregep sinau
Saben dina bukak buku
Awan bengi ngudi ilmu
Penjenengane mesem
Yen para siswa gelem
Golek pinter sangu bebener
Wani luwe kendel kesel
Panjenengane duka
Yen ana siswa murang tata
Nyingkir marang budaya
Lirwa ing tata krama
Ki Hajar pancen panutan utama
Asring paring tuladha
Aweh pangarsa
Lan panyengkuyung karsa

http://agussiswoyo.net/seni-sastra-budaya

Kanthi njingglengi geguritan sing irah-irahane ”Ki Hajar Dewantara” bisa kogambarake kepriye kapribaden lan semangate Ki Hajar Dewantara nalika mbudi daya amrih Indonesia bisa uwal saka cengkeremane penjajah.

Supaya bisa nggambarake kepriye tokoh sing ana ing geguritan, coba wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Sapa sing tansah gumuyu yen pirsa murid sregep sinau?
2. Apa sing nyebabake Ki Hajar Dewantara dadi duka?
3. Miturut pamawasmu, Ki Hajar Dewantara iku tokoh babagan apa?
4. Sebutna sesanti sing diwulangake Ki Hajar Dewantara!
5. Piwulang apa sing bisa kapethik saka isine geguritan ing dhuwur?

Ing wulangan iki arep disinaoni babagan profil tokoh nasional sing duwe andhil gedhe tumrap bangsa lan negara kita kang kinasih, yaiku Indonesia. Kanthi nyinau profil tokoh iki, diajab bisa nuwuhake rasa syukur, nasionalisme, lan ngajeni marang lelabuhane para pahlawan.

Kegiatan 1 Modhel Teks Profil Tokoh

Teks profil tokoh uga diarani teks biografi. Teks kasebut klebu jinise teks naratif. Teks profil tokoh utawa teks biografi nggambarake tokoh lan prastawa apa wae sing tau dialami dening tokoh kasebut. Kanggo nggampangake mangerteni isine teks profil tokoh utawa biografi ana bab-bab sing kudu dijingglengi, yaiku (1) irah-irahan/ judhul, (2) babagan sing narik kawigaten sing tau dialami dening tokoh, (3) tindak-tanduk, gagasan sing bisa dituladha.

Tugas 1: Nyemak Teks Profil Tokoh

Raden Ajeng Kartini klebu salah sijine tokoh pergerakan nasional, lelabuhane pantes diapresiasi lan dituladhani dening para generasi mudha, mligine para wanita. Apa sing nate ditindakake Raden Ajeng Kartini bisa dadi inspirasine para wanita ing bumi nuswantara.

1. Ing ngisor iki tuladha teks profil tokoh ”Raden Ajeng Kartini”, wacanen kanthi permati!

RADEN AJENG KARTINI



Raden Ajeng Kartini miyos tanggal 21 April 1879 ing Jepara, Jawa Tengah. Panjenengane isih klebu golongan kaum bangsawan, jalaran Raden Ajeng Kartini putrane bupati Jepara kang asma Raden Mas Adipati Ario Sosrodiningrat lan ibune asma M.A Ngasirah.

Raden Ajeng Kartini kuwi putra pambarep, kagungan adhi loro yaiku Raden Ajeng Kardinah lan Raden Ajeng Rukmini.

Raden Ajeng Kartini sekolah ana ing ELS (*Europese Lagere School*). Ing pasinaon piyambake klebu murid sing sregep. Sasuwene sinau ing ELS uga nyinaoni basa Walanda, mula Raden Ajeng Kartini bisa nguwasani basa Walanda kanthi becik. Nanging emane, sawise umur 12 taun Kartini kudu ninggalake pamulangan, jalaran kudu dipingit. Raden Ajeng Kartini nelangsa banget. Arep nulak ora wani, piyambake wedi diarani ora ngerti adat. Kabeh mau dilakoni kanthi susahing ati. Kanggo nglipur ati, Kartini nglumpukake buku-buku pelajaran lan buku pengetahuan umum kanggo wacan nalika dina-dinane krasa sepi. Saben dina pegaweane maca lan maca kanthi dikancani abdi kinasihe.

Maca malih dadi hobi. Ora mung buku wae sing diwaca, nanging surat kabar uga diwaca. Menawa ana bab-bab sing ora dingerteni Kartini nyuwun pirsa marang Ramane. Amarga sregep maca wawasane tambah akeh. Kartini ngerti yen para wanita Eropa kuwi wis maju, pikirane maju, lan wawasane jembar. Raden Ajeng Kartini nduweni pepinginan amrih wanita Indonesia uga maju, ora mung

dadi kanca wingking wae. Raden Ajeng Kartini nglumpukake kanca-kancane kanggo diwulang nulis lan maca. Ing sela-selane wektu kuwi Kartini asring nulis layang kanggo kanca-kancane sing ana ing negara Walanda. Panjenengane uga nulis surat kagem Mr.J.H Abendanon supaya diparingi beasiswa kanggo sekolah menyang Walanda.

Raden Ajeng Kartini klakon oleh beasiswa, nanging emane ora dilakoni, jalaran ing wektu iku uga Kartini kudu manut wong tuwane dinikahake karo Bupati Rembang kang sesilih Raden Adipati Joyodiningrat. Sawise krama Panjenengane kudu ndherek kakunge menyang Rembang. Ing Rembang Raden Ajeng Kartini ngedegake sekolah wanita kang disengkuyung dening garwane.

Tanggal 13 September 1904 Raden Ajeng Kartini mbabarake putra kakung sing diparingi jeneng Soesalit Djoyoadiningrat. Tanggal 17 September 1904 Raden Ajeng Kartini seda ing yuswa 25 taun. Ndeleng semangate Raden Ajeng Kartini, taun 1912 ing Semarang didegake Sekolah Wanita dening Yayasan Kartini sing dipimpin dening kulawarga Van Deventer. Banjur kasusul ing Surabaya, Madiun, Cirebon lan daerah-daerah liyane. Sasedane Raden Ajeng Kartini, Mr. J.H Abendanon nglumpukake surat-surat sing tau dikirimake RA Kartini marang kanca-kancane sing ana ing Eropa lan didadekake buku. Buku kasebut diwenehi irah-irahan "*Door Duisternis Tot Light*" sing tegese "*Habis Gelap Terbitlah Terang".*

Para wanita Indonesia wis padha maju, pendhidhikane akeh sing dhuwur, pegaweane bisa sajajar karo para priya. Kabeh mau ora liya amarga kena daya semangate Raden Ajeng Kartini. Ide-ide , gegayuhan, lan semangate Raden Ajeng Kartini didadekake inspirasi, dituladha dening para wanita Indonesia supaya dadi wong pinter, pinunjul, nanging ora ninggalake kodrat kadidene wanita.

(Sumber: www.kolom.biografi.blogspot.com/16 okt 2014
Kanthi sawetara owah-owahan)


Bausastra

miyos	= lair
asma	= jeneng
abdi	= batur
dipingit	= disengker
eman	= owel
jembar	= amba
kagungan	= duwe
palakrama	= rabi
pinunjul	= duwe kaluwihan
putra	= anak
seda	= mati

2. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!
   a. Kapan Raden Ajeng Kartini miyos?
   b. Ing kutha ngendi Raden Ajeng Kartini miyos?
   c. Sapa asmane ramane Raden Ajeng Kartini?
   d. Geneya Kartini kok ora nerusake sekolahe?
   e. Apa sing ditindakake Raden Ajeng Kartini ing mangsa pingitan?
   f. Sawise maca teks "Raden Ajeng Kartini", patuladhan apa sing bisa kojupuk?
   g. Apa bedane adat pakulinan wanita jaman biyen karo jaman saiki?

Tugas 2 Nyemak Struktur Teks Profil Tokoh

1. Semaken andharan ing ngisor iki!
   Sawise maca teks "Raden Ajeng Kartini" bisa dideleng manawa ing teks ana bagean-bagean sing isine ngenalake tokoh, ana sing nggambarake prastawa sing dialami tokoh lan panutup sing isine cathetane panulis marang tokoh.
   Struktur teks profil tokoh utawa biografi kaya kaandharake ing ngisor iki:



   a. Orientasi yaiku yaiku bagean teks sing isine ngenalake tokoh, umume ngandharake jeneng, papan kelairan, lan kulawargane.
   b. Prastawa yaiku bagean sing ngandharake kahanan, prastawa, masalah sing tau dialami nanging sing menjila lan duwe kesan mirunggan kang bisa didadekake tepa-tuladha.
   c. Reorientasi yaiku bagean panutup lan ngandharake pandhangan lan pamawase panulis marang tokoh sing dicritakake.
2. Kanggo mangerteni struktur teks profil tokoh/biografi coba jingglengana sepisan maneh teks "Raden Ajeng Kartini", sabanjure pilah-pilahen manut strukture!

No	Struktur Teks Profil Tokoh/Biografi	Ukara
1	Orientasi	....

		....
2	Prastawa	....
3	Reorientasi	....

Tugas 3: Nyemak Unsur Basa Teks Profil Tokoh

1. Jingglengana pethikan paragraf saka teks ”Raden Ajeng Kartini” ing ngisor iki!

   ”Raden Ajeng Kartini miyos tanggal 21 April 1879 ing Jepara, Jawa Tengah. Panjenengane isih klebu golongan kaum priyayi utawa kaum bangsawan, jalaran Raden Ajeng Kartini putra bupati Jepara kang asma Raden Mas Adipati Ario Sosroningrat lan ibune asma M.A Ngasirah.”

   Coba bedakna antarane tembung-tembung iki!

tanggal, kaum, putra, isih, asma	klebu, golongan, bangsawan, kaparingan

Supaya bisa mbedakake tembung-tembung ing sajroning kolom kasebut perlu nyinaoni wujude tembung. Manut wujude tembung kaperang dadi loro, yaiku tembung lingga lan tembung andhahan.

a. Tembung Lingga lan tembung Andhahan

1) Tembung Lingga (*Kata Dasar*)

Tembung lingga yaiku tembung sing durung owah saka asale.

Tuladha: omah, anak, putra, panas, dawa, sugih, lunga, tuku, klambi, anyar, apik, sapu, banyu, lan sapanunggalane

2) Tembung Andhahan (*Kata Berimbuhan*)

Tembung andhahan yaiku tembung sing wis owah saka asale.

Tuladha: diparingi, nulis, nyapu, gumuyu, anake, nggambarake, nambani, digawa, nyapu, ngombe, nyawang, nyolong, lan sapanunggalane.

Pangrimbage/Pandhapuke Tembung Andhahan:

Tembung lingga bisa owah dadi tembung andhahan kanthi cara diwenehi wuwuhan (*imbuhan*), dirangkep, lan dicambor.

a) Wuwuhan

Wuwuhan kaperang dadi telu, yaiku:

(1) Ater-ater (*Awalan*)

Ater-ater yaiku wuwuhan sing manggone ana ing sangarepe tembung.

Tuladha:

Tembung Lingga	Tembung Andhahan	Pangrimbage
sapu	nyapu	any- + sapu
gambar	nggambar	ang- + gambar
thuthuk	nuthuk	an- +thuthuk
bathik	mbathik	am- + bathik
timba	daktimba	dak- + timba
jupuk	kojupuk	ko- + jupuk
pilih	dipilih	di- + pilih
gawa	kagawa	ka- + gawa
sapu	kasapu	ka- + sapu
guru	maguru	ma- + guru
omah	saomah	sa- + omah

(2) Seselan (*Sisipan*)

Seselan yaiku wuwuhan sing manggon ing tengahe tembung.

Tuladha:

Tembung Lingga	Tembung Andhahan	Pangrimbage
tulis	tinulis	tulis + -in-
guyu	gumuyu	guyu + -um-
gawe	ginawe	gawe + -in-
sawang	sinawang	sawang + -in-
sunar	sumunar	sunar + -um-
kelip	kerelip	kelip + -er-
kelap	kerelap	kelap + -er-
kepyur	kelepyur	kepyur + -el-

(3) Panambang (*Akhiran*)

Panambang yaiku wuwuhan sing manggon ana ing mburine tembung.

Tuladha:

TembungLingga	Tembung Andhahan	Pangrimbage
gambar	nggambarake	ang- + gambar + -ake
siram	siramen	siram + -en
bali	balia	bali + -a
resik	resikana	resik + -ana
golek	nggoleki	ang- + golek + -i

b) Tembung Rangkep (*Kata Ulang*)

Tembung rangkep wujude ana telu, yaiku:

(1) Tembung Dwilingga

Tembung dwilingga yaiku tembung lingga sing dirangkep
Tuladha: bocah-bocah, putra-putra, abang-abang, gawe-gawe, seneng-seneng, rame- rame, ayu-ayu, lan sapanunggalane.

(2) Tembung Dwilingga Salin Swara

Tembung dwilingga salin swara yaiku tembung lingga yen dirangkep, nanging swarane owah/salin.

Tuladha: bola-bali, mulah-mulih, gonta-ganti, tuka-tuku, mesam-mesem, lan sapanunggalane.

(3) Tembung Dwipurwa

Dwi tegese loro, purwa tegese wiwitan. Dadi tembung dwipurwa yaiku tembung sing dirangkep purwaning tembung utawa wanda sing dadi wiwitane tembung.

Tuladha:
mangan = ma+mangan = mamangan = memangan
tulung = tu + tulung = tutulung = tetulung
lara = la + lara = lalara = lelara
resik = re + resik = reresik

(4) Tembung Dwiwasana

Tembung dwi tegese loro lan wasana tegese pungkasan. Tembung dwiwasana iku tembung kang ngrangkep wasanane utawa wanda sing pungkasan wae.

Tuladha:
cenges = cengesnges = cengenges
cekak = cekakkak = cekakak
celuk = celukluk = celuluk

Nanging apa bener kaya mangkono? Tembung dwiwasana yen dirunut saka linggane tegese bedane adoh banget, mula tembung dwiwasana uga diarani tembung rangkep semu. Tegese, katone kaya tembung rangkep, nanging sejatine dudu.

(5) Tembung Camboran (*Kata Majemuk*)

Tembung camboran yaiku tembung loro utawa luwih dienggo bebarengan, lan nuwuhake teges anyar. Tembung camboran diperang dadi loro, yaiku:

(a) Tembung camboran wutuh.

Tembung camboran wutuh yaiku tembung loro dicambor/ dicampur dadi siji lan sing dicambor wujude tembung wutuh.

Tuladha:
omah gedheg, sapu duk, sepedhah montor, rujak uleg, sandhang pangan, lan sapanunggalane.

(b) Tembung camboran wancah/tugel.

Tembung camboran tugel yaiku tembung loro dicambor dadi siji, lan sing dicambor wujud wancahan utawa tugelane tembung.

Tuladha:

paklik ➔ bapak cilik
budhe ➔ ibu gedhe
bangjo ➔ abang ijo
perko ➔ emper toko
lunglit ➔ balung kulit

2. Ing ngisor iki kasediyakake pethikan teks ”Raden Ajeng Kartini” , wacanen sing premati!

”Maca malih dadi hobi. Ora mung buku wae sing diwaca, nanging surat kabar uga diwaca. Menawa ana bab-bab sing ora dingerteni Kartini nyuwun pirsa marang Ramane. Amarga sregep maca wawasane tambah akeh. Kartini ngerti yen para wanita Eropa kuwi wis maju, pikirane maju, lan wawasane jembar. Raden Ajeng Kartini nduweni pepinginan amrih wanita Indonesia uga maju, ora mung dadi kanca wingking wae. Raden Ajeng Kartini nglumpukake kanca-kancane kanggo diwulang nulis lan maca. Ing sela-selane wektu kuwi Kartini asring nulis layang kanggo kanca-kancane sing ana ing negara Walanda. Panjenengane uga nulis surat kagem Mr.J.H Abendanon supaya diparingi beasiswa kanggo sekolah menyang Walanda.”

3. Tintingana pethikan teks ing ndhuwur, sabanjure golekana tuladhane tembung lingga lan tembung andhahane!

Tuladha Tembung Lingga	Tuladha Tembung Andhahan
1..	1..
2...	2..
3..	3..
4..	4..
5...	5..

Tugas 4: Unggah-Ungguh Basa

1. Pethikan Teks ”Raden Ajeng Kartini” iki wacanen sing premati!

“Tanggal 13 September 1904 Raden Ajeng Kartini mbabarake putra kakung sing diparingi jeneng Soesalit Djoyoadiningrat. Tanggal 17 September 1904 Raden Ajeng Kartini seda ing yuswa 25 taun. Ndeleng

semangate Raden Ajeng Kartini taun 1912 ing Semarang didegake Sekolah Wanita dening Yayasan Kartini sing dipimpin dening kulawarga Van Deventer. Banjur kasusul ing Surabaya, Madiun, Cirebon lan dhaerah-dhaerah liyane. Sasedane Raden Ajeng Kartini, Mr. J.H Abendanon nglumpukake surat-surat sing tau dikirimake RA Kartini marang kanca-kancane sing ana ing Eropa lan didadekake sajining buku. Buku kasebut diwenehi judul "*Door Duisternis Tot Light*" sing tegese "*Habis Gelap Terbitlah Terang*".

Teks profil tokoh kuwi ngemot biografi salah sijining tokoh. Tokoh ing bebrayan agung mesthi pawongan sing duwe panggonan kang mirunggan ing satengah-tengahe bebrayan. Minangka pemimpin sing duwe daya pangaribawa. mula tindak-tanduke bisaa dadi tepa tuladha. Nalika nyritakake utawa nggambarake tokoh perlu nganggo basa ngoko alus, yaiku basa sing tetembungane ngoko kacampuran krama inggil, gunane kanggo ngajeni tokoh sing dicritakake.

Tuladha:

"Tanggal 13 September 1904 Raden Ajeng Kartini *mbabarake putra kakung* sing *diparingi* jeneng Soesalit Djoyoadiningrat."

2. Golekana tuladha ukara sing nganggo basa ngoko alus sing ana ing pethikan teks ing dhuwur!

Kegiatan 2 Nulis Teks Profil Tokoh kanthi Bebarengan

KI HAJAR DEWANTARA

Ki Hajar Dewantara miyos ing Jogyakarta tanggal 2 Mei 1889, kagungan asma asli RM Suwardi Suryaningrat. Panjenengane miyos ing lingkungan kulawarga bangsawan saka trah Kraton Ngayogyakarta. Ki Hajar Dewantara kepingin bisa srawung lan cedhak karo kawula cilik, mula gelar kebangsawanane ora diagem lan ganti asma dadi Ki Hajar Dewantara.

Sawise ngrampungake pendhidhikan dhasar Ki Hajar Dewantara nerusake pasinaon menyang STOVIA nanging ora nganti tamat, jalaran nandhang gerah. Sabanjure panjenengane nyambut gawe dadi wartawan, yaiku ing layang kabar *De Express, Utusan Hindia*, lan *Kaum Muda*. Liwat tulisan-tulisane mau Ki Hajar Dewantara ngobarake semangat antikolonialisme.

Ki Hajar Dewantara uga aktif ing jagading politik, ing antarane ing organisasi Budi Utomo, Indische Partij lan Komite Bumi Putera. Nalika tulisane "*Seandainya Aku Seorang Belanda*" ngemot sindhiran marang pamarentah Walanda, ndadekake

Walanda muntap. Akibate Ki Hajar Dewantara oleh ukuman dibuwang menyang negara Walanda.

Ing negara Walanda Ki Hajar Dewantara nyinaoni pendhidhikan lan pengajaran. Bareng kondur menyang Tanah Air Ki Hajar Dewantara munjerake perjuwangane ing babagan pendhidhikan. Panjenengane ngedegake Perguruan Taman Siswa ing tanggal 3 Juli 1922. Para siswa digladhi supaya duwe rasa kebangsaan nganggo sesanti *"Ing Ngarsa Sung Tuladha, Ing Madya Mangun Karsa, Tut Wuri Handayani"*.

Ki Hajar Dewantara kagungan lelabuhan kang gedhe banget ing donyaning pendhidhikan. Taun 1959 pamarentah paring gelar "Bapak Pendidikan" marang Ki Hajar Dewantara, lan tanggal 2 Mei cundhuk karo tanggal miyose ditetepake minangka *Dina Pendidikan Nasional.* Sesanti *Tut Wuri Handayani* nganti saiki dadi lambange *Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan*.

(Sumber: Wikipedia Pahlawan Indonesia kanthi owah-owahan sawetara)

Tugas 1: Njingglengi Teks Profil Tokoh

1. Kanggo mangerteni isine teks "Ki Hajar Dewantara" wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki bebarengan karo klompokmu!
   a. Kapan Ki Hajar Dewantara miyos?
   b. Sapa jeneng liyane (jenenge nalika cilik) Ki Hajar Dewantara?
   c. Kena apa Ki Hajar Dewantara ganti jeneng?
   d. Ki Hajar Dewantara tau sekolah ing ngendi?
   e. Apa pakaryane Ki Hajar Dewantara?
   f. Kena apa Ki Hajar Dewantara dibuwang menyang negara Walanda?
   g. Apa sesanti sing diwulangake dening Ki Hajar Dewantara?
   h. Gelar apa sing diparingake pamarentah marang Ki Hajar Dewantara?
   i. Terangna tegese sesanti Ing *Ngarsa Sung Tuladha, Ing Madya Mangun Karsa, Tut Wuri Handayani*i!
   j. Kejaba Ki Hajar Dewantara, sapa pahlawan liyane kang koweruhi?

Tugas 2: Ngringkes Teks Profil Tokoh

1. Sawise maca teks "Ki Hajar Dewantara" sabanjure tulisen kanthi ringkes bakuning crita manut struktur teks bebarengan karo klompokmu!

No	Struktur teks	Bakuning Crita
1	Orientasi	....
2	Prastawa	....

3	Reorientasi	....

Tugas 3:Nulis Teks Profil Tokoh

1. Ing kegiatan iki bakal nyinaoni nulis teks profil tokoh/biografine tokoh. Gawea klompok, saben klompok anggotane dumadi antarane 4 nganti 5 siswa!
2. Ringkesan teks "Ki Hajar Dewantara" ing tugas 2 tulisen maneh supaya dadi teks anyar nganggo basamu dhewe! Bab-bab sing kudu digatekake yaiku perangan teks diwiwiti saka orientasi, prastawa sing tau dialami tokoh kanthi urut lan panutup sing isine kesan marang tokoh sing dicritakake.

KI HAJAR DEWANTARA
Paragraf 1 bagean orientasi : bagean wiwitane teks sing isine ngenalake tokoh sing dicritakake. ....
Paragraf 2-4 bagean prastawa: bagean teks sing nyritakake kahanan, prastawa sing dadi inspirasi . ...
Paragraf 5(paragraf pungkasan) bagean reorintasi: bagean dudutan/ kesimpulane teks sing isine kesan marang tokoh. ....

Kegiatan 3 Nulis Teks Profil Tokoh Kanthi Mandhiri

Tugas 1: Ngganepi Teks Profil Tokoh

1. Ing ngisor iki ana teks profil tokoh sing durung sampurna, coba ganepana nganggo tembung- tembung sing trep!

....

Taufik Hidayat ... ing Bandung tanggal 10 Agustus 1981, ... bapak Aris Haris ... ibu Denok Dartilah. Dheweke klebu salah sijine ... tunggal putra Indonesia saka klub SGS Elektrik Bandung.

Taufik Hidayat kuwi atlet sing ... medhali emas Olimpiadhe Athena taun 2004. Taun 2005 ... juara donya BWF, lan taun 2006 oleh .... Tunggal putra Asian Games, ... dheweke isih nyumbangake gelar sapirang-pirang. Pengalaman liyane ... dadi ... beregu Piala Thomas ... Piala Sudirman.

Taun 2007 Taufik Hidayat ... karo Ami Gumelar, ... siji kang diwenehi ... Natarina Alika Hidayat.

Wiwit 30 Januari 2009 Taufik Hidayat mundur ... pelatnas Cipayung lan milih dadi pemain profesional ... bisnis piranti olah raga ... karo Yonex.

Taufik Hidayat atlet Nasional sing pantes ... dening para mudha. Kabeh gegayuhan bisa ... kanthi semangat, kerja keras, lila ngurbanake samubarang kasenengan. Sing marahi ... apa sing ... dening Taufik Hidayat wis ngarumake ... bangsa lan negara

Tugas 2:Maca Teks Profil Tokoh

1. Wacakna asiling pakaryanmu ana ing tugas 1!
2. Gatekna tandha wacan sing ana ing teks!
3. Gatekna panganggone swara jejeg lan swara miring ing teks, wacanen kanthi lafal lan intonasi sing trep!
4. Wacanen kanthi *ekspresi* sing bisa ngyakinake marang wong sing ngrungokake!

Tugas 3: Nulis Teks Profil Tokoh Lelandhesan Biografi Ringkes Tokoh

Ing tugas 3 iki para siswa kudu bisa nulis dhewe teks profil tokoh. Supaya bisa nulis kanthi becik gatekna pituduh ing ngisor iki!

1. Pilihen salah sijine tokoh sing narik kawigatenmu, bisa pahlawan nasional, tokoh olah raga, tokoh lingkungan, tokoh pendhidhikan, tokoh masyarakat, lan liya liyane!
2. Kanggo ngembangake teks delengen maneh struktur teks profil tokoh kang kedadean saka bagean orientasi, prastawa lan reorientasi.
3. Nulisa teks profil tokoh kanthi lelandhesan jati dhirine tokoh sing kokpilih kanthi ringkes kanthi urutan ing ngisor iki:

Biografi ringkes	Katrangan
Jeneng	
papan, tanggal lair	
asma wong tuwa	
cacahe kulawarga	
riwayat pasinaon	
riwayat pagawean	
prastawa sing tau dialami	
kesan tokoh sing bisa dituladha	

4. Nulisa teks profil tokoh kanthi cengkorongan kaya ing ngisor iki!

Irah-irahan ....
Orientasi ....
Prastawa 1 ....
Prastawa 2 ....
Lan sateruse yen isih ana prastawa ....
Reorentasi ....

Pepeling

Nulis teks profil tokoh, ana sawijine bab kang kudu digatekake, utamane nalika milih tokoh. Prastawa apa sing narik kawigaten, lelabuhane apa, kepriye tindak tanduke kang bisa dituladha. Teks profil tokoh uga diarani teks biografi amarga nggambarake tokoh lan prastawa apa bae sing tau dialami dening tokoh. Tokoh sing apik ing ngarep bisa dadi patuladhan, ing satengahe bebrayan dadi sumber inspirasi, lan manawa ing buri bisa menehi panyengkuyung, cundhuk unine sesanti *ing ngarsa asung tuladha, ing madya mangun karsa, tutwuri handayani.*

Uji Kompetensi Wulangan 2

A. Teks ing ngisor iki wacanen sing premati, sabanjure wangsulana pitakon-pitakon kanthi milih wangsulan sing paling bener!

1. Wacanen teks ing ngisor iki sing titi!

   Rafida Helmi lair tanggal 31 Juli 1998 ing Sukabumi, Jawa Barat. Dheweke kenya putrine bapak Helmi lan ibu Rofi'ah. Rafida pancen pinter lan genius. Umur lagi 14 taun wis nyandhang status mahasiswi kedokteran ing Universitas Islam Sultan Agung (Unissula) Semarang. Setaun sinau ing TK banjur mlebu SD Sriwedari Sukabumi mung mbutuhake wektu 5 taun, jalaran mlebu ing kelas akselerasi. Ing SMP lan SMA uga mlebu kelas akselerasi, kabeh mung mbutuhake wektu 4 taun. Prestasine Rafida ngetutake mbakyune, yaiku Rina Helmi sing tau kawisuda dadi dokter paling enom ing FK UGM. Rafida kasil jalaran karo wong tuwane ditanemake kesadharan sinau dhewe-dhewe.

   (Sumber: Panjebar Semangat, No.2, tgl. 12 Januari 2013)

   Babagan sing narik kawigaten tumrap tokoh Rafida yaiku ....
   a. Rafida pinter lan genius
   b. Ing SD mlebu kelas akselerasi
   c. Prestasine Rafida ngetutake mbakyune
   d. Umur 14 taun dadi mahasiswi kedokteran
2. Tindak-tanduk sing pantes dituladha saka tokoh ing teks yaiku ....
   a. prestasine
   b. kesadharan sinau dhewe
   c. isih enom dadi dokter
   d. mlebu kelas akselerasi
3. " Rafida kasil jalaran karo wong tuwane ditanemake kesadharan sinau dhewe-dhewe."
   Ukara ing dhuwur kalebu bagean teks .....
   a. orientasi
   b. prastawa
   c. masalah
   d. reorientasi
4. Ki Hajar Dewantara kagungan lelabuhan kang gedhe banget ing donyaning pendhidhikan. Taun 1959 Pamarentah paring gelar *Bapak Pendidikan* marang Ki Hajar Dewantara, lan tanggal 2 Mei cundhuk karo tanggal miyose ditetepake minangka *Dina Pendidikan Nasional*.

Sesanti *Tut Wuri Handayani* nganti saiki dadi lambange *Kementrian Pendidikan dan Kebudayaan*.
Tembung lelabuhan tegese ....
a. cita-cita
b. jasa
c. andhil
d. modal

5. Teks ing nomer 4 kalebu bageane struktur teks profil tokoh ....
   a. prastawa
   b. orientasi
   c. masalah
   d. reorientasi
6. Tut wuri handayani, sesanti saka Ki Hajar Dewantara sing pantes dienggo nganti saiki, tegese yaiku ....
   a. Ing mburi tansah menehi tuladha
   b. Saka mburi tansah paring tetulung
   c. Ing mburi tansah menehi pamrayoga
   d. Saka mburi tansah nyengkuyung
7. Pak Isman .... nalika prastawa ”perobekan” gendera Landa Merah Putih Biru engga kari Merah Putih ing Hotel Oranye Surabaya. Tembung sing cocog kanggo ngisi ceceg-ceceg ing ndhuwur yaiku ....
   a. ndelok
   b. nyawang
   c. nyekseni
   d. mriksani
8. Susi Susanti wis (bali) nyumbang medhali marang bangsa lan negara. Pandhapuke tembung jeron kurung yaiku ....
   a. mbaleni
   b. bola-bali
   c. bali-bali
   d. dibaleni
9. Tuladha ukara sing nganggo basa ngoko alus yaiku .....
   a. Mas Nardi sampun rawuh saking Surabaya
   b. Sinten ingkang Sampeyan percados dados ketua kelas?
   c. Kula diutus tumbas camilan dhateng warung
   d. Panjenengan sesuk apa sida tindak Lamongan?
10. ”Ki Hajar Dewantara miyos ing Jogjakarta tanggal 2 Mei 1889. Kagungan asma asli RM Suwardi Suryaningrat”. Ukara kasebut migunakake basa ....

a. ngoko lugu
b. ngoko alus
c. krama lugu
d. krama alus

B. Wangsulana sing patitis!

1. Struktur teks profil tokoh kedadean ana pira? Sebutna lan terangna!
2. Owahana supaya dadi basa ngoko alus!
   a. Bu Supini duwe anak loro lanang kabeh
   b. Bapak mulih saka kantor mampir omahe Simbah
3. Apa tegese tembung sing kacithak miring ing ukara ngisor iki?
   a. *Pangarsane praja* kudu duwe watak ambeg *adil paramarta*.
   b. Aja dumeh sugih, duwe pangkat lan drajad banjur tumindak *adigang, adigung, adiguna.*
4. Jeneng : Eny Kartika
   Sekolah : SMP Diponegoro kelas 9
   Prestasi : taun 2013 juara 1 siswa berprestasi, 2014 juara 3 maca geguritan tingkat kabupaten.
   Lelandhesan andharan ing dhuwur nulisa teks profil tokoh kanthi migatekake struktur teks profil tokoh!
5. Pethikan teks ing ngisor iki pilahen miturut jinis tembung lingga lan tembung andhahane!
   ”Sawise ngrampungake pendhidhikan dhasar Ki Hajar Dewantara nerusake pasinaon menyang STOVIA nanging ora nganti tamat, jalaran nandhang gerah. Sabanjure panjenengane nyambut gawe dadi wartawan, yaiku ing layang kabar *De Express, Utusan Hindia*, lan *Kaum Muda*. Liwat tulisan-tulisane mau Ki Hajar Dewantara ngobarake semangat antikolonialisme.”

WULANGAN 3

BUDI PEKERTI

Kompetensi Dasar	Indikator
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional	1.1.1 Berdoa sebelum memulai dan sesudah kegiatan belajar bahasa daerah. 1.1.2 Menggunakan bahasa daerah dalam berkomunikasi dengan tata krama.
1.3 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana menyajikan informasi lisan dan tulis	1.3.1 Menggunakan bahasa daerah sebagai sarana menyajikan informasi lisan dan tulis sesuai dengan tata krama.
2.2 Memiliki perilaku percaya diri dan tanggungJawab atas karya budaya masyarakat daerah yang pebuh makna	2.2.1 Bertanggung Jawab dalam membuat tanggapan pribadi terhadap struktur teks wayang/ *topèng ḍhâlâng*. 2.2.2 Santun dalam menyajikan tanggapan pribadi terhadap struktur teks wayang/ *topèng ḍhâlâng*.
3.3 Memahami struktur teks, unsur kebahasaan, dan pesan moral dari teks lisan dan tulis yang berupa fiksi (*wayang/ cerkak/*folklor/ *topèng ḍhâlâng).*	3.3.1 Menenjelaskan struktur teks wayang/ *topèng ḍhâlâng*. 3.3.2 Menentukan unsur kebahasaan teks wayang/ *topèng ḍhâlâng*. 3.3.3 Menyimpulkan pesan moral teks wayang/ *topèng ḍhâlâng*
4.3 Mengapresiasi teks fiksi (*wayang/cerkak/* folklor/ *topèng ḍhâlâng*) sesuai konteks secara lisan dan tulis.	4.3.1 Menanggapi isi teks wayang/ *topèng ḍhâlâng* secara tulis. 4.3.2 Membaca hasil tanggapan teks wayang/ *topèng ḍhâlâng* 4.3.3 Merelevansikan pesan moral teks wayang/ *topèng ḍhâlâng* dengan kehidupan

JENENGKU GATHUTKACA

Aku mung bisa nangis kekejer lan mancal-mancal. Bapakku Werkudara lan Ibu Dewi Arimbi kaya lagi kerubuhan gunung. Mengkono uga sing padha rawuh. Sri Bathara Kresna, Uwa Prabu Puntadewa, Paman Arjuna, Paman Nakula lan Sadewa uga melu sungkawa. Takdeleng panakawan, Uwa Semar, si Gareng, Petruk, lan Bagong sing biasane cengar-cengir uga melu sedhih.

Weruh Ibu Arimbi nangis, aku melu nangis maneh, tambah banter. Ari-ariku isih gandheng karo awakku. Bapakku Werkudara wis nyoba nganggo kuku Pancanaka, ora bisa. Kembang Wijaya Kusuma kagungane Uwa Kresna ora masah. Pasopati lan Arda Dedaline Uwa Arjuna uga ora mempan. Sanjata Cakra kagungane Uwa Kresna malah ngetokake geni mletik-mletik, ning pancet ari-ariku ora bisa pedhot.

Bebarengan karo Bathara Kresna kabeh padha muji donga, padha prihatin supaya enggal nemu pepadhang. Akhire rawuh Buyutku, Begawan Abiyasa. Panjenengane banjur ngutus paman Arjuna nyuwun pitulungan pusaka marang dewa. Baline ngasta sarunge pusaka Kuntawijaya.

“Arjuna, golek pusaka kok mung oleh sarunge iki kepriye ta yayi?” pitakone Prabu Kresna.

“Nun inggih, Kaka Prabu. Senjata Kuntawijaya klentu dipunparingaken Adipati Karna ing Awangga. Kula namung saged ngrebat warangkanipun menika,”

“Hmm, ora oleh pusakane ora apa-apa. Wis Jlamprong.. coba pedhoten ari-arine ponakanmu!”

Temenan bareng warangka Kuntawijaya ditamakake ing ari-ariku, krasa mak thes. Getih abang netes. Ari-ariku pedhot. Kabeh padha bungah. Aku nangis maneh tandha gumbira. Nanging aneh, warangka sing kanggo ngethok ari-ari mau ilang musna. Uwa Arjuna bingung lan kaget. Prabu Kresna mung mesem lan ngendika supaya aku dijaga lan diadohna saka Kuntawijayane Adipati Karna nganti tekan wektune. Aku ora ngerti apa maksud ngendikane.

Dumadakan ana sing teka. Pawakane lemu bunder. Anehe bisa mabur. Tekane mau saka langit.

”Prekincong..prekincong waru dhoyong ditegor uwong..lere..lere..kali codhe sapa sing nduwe.. Ingsun sing prapta Werkudara. Anakmu si Tetuka bakal dakgawa, disraya para dewa.”

”Hmm.. Narada dewaku, digawa kepriye? Wong bayi isih abang, lagi pupak pusere?”

”Aku ra papa.. percayaa karo para dewa. Anakmu iki bakal bisa mikul dhuwur mendhem jero. Dewa saiki golek jago. Ana ratu buta Kala Pracona. Ora ana sing bisa nandhingi kejaba si Tetuka”

Aku digawa mabur, dilebokake ing kawah Candradimuka, digodhog bareng karo gamane para dewa. Aku nangis nanging arep kepriye maneh. Urip iku saderma nglakoni. Kabeh wis ana sing mranata. Kita mung kudu njaga kautaman lan tumindak becik. Aku pinaringan klambi wujud kotang Antrakusuma lan ajian Suryakantha. Aku bisa mabur tanpa swiwi. Jenengku Gathutkaca .

Kacritakake dening Davit Harijono

Bausastra

kerubuhan gunung	: nampa kanugrahan sing nyusahake
sungkawa	: sedhih.
ari-ari	: plasenta (bi)
pasopati, arda dedali	: sanjatane Arjuna paringane dewa
kuntawijaya	: sanjatane Adipati Karna paringane Bathara Surya.
warangka	: wadhahe sanjata
kotang antakusuma	: agemane Gathutkaca paringane dewa
suryakantha	: sanjatane Gathutkaca paringane dewa

1. Wacan ing dhuwur wacanen lan setitekne kanthi permati!
2. Sawise maca, pitakon ing ngisor iki wangsulana kanthi patitis!
    a. Apa irah-irahane crita wayang ing dhuwur ?
    b. Apa tema saka wacan ing dhuwur ?
    c. Kepriye alure crita ing dhuwur ?
    d. Sapa bae paraga utama lan paraga tambahane? Kepriye wewatakan paragane ?
    e. Kepriye latar wektu lan panggonane ?
    f. ”Sudut pandang” sapa sing digunakake ?
    g. Kepriye lelewaning basa kang ana ing wacan ?
    h. Nilai moral/amanat apa sing bisa kajupuk saka wacan ing dhuwur?

Pepeling

Wacan ing dhuwur wujud crita wayang sing wis dimodhifikasi. Crita wayang kuwi salah sijine tuladhane wacan narasi. Wacan narasi bisa awujud crita wayang, crita rakyat, dongeng, wacan bocah, cerkak lan sapunanggalane. Ing saben crita utawa narasi fungsi utamane kanggo marisake nilai budi pekerti, norma-norma sosial, budaya lan adat istiadat.

Pitakon-pitakon ing ngisor iki ngarah marang struktur teks, unsur basa, lan pesan moral, nilai budi pekerti kang mangun wacan crita.

Kegiatan 1 Modhel Teks Crita Wayang

Teks crita wayang kalebu teks narasi. Titikane teks narasi, kaya ing ngisor iki:

a. Wujude wacan narasi bisa dideleng saka perangan wewangunan utawa struktur sing bisa mangun wacan lan perangan basa kang dumadi saka panganggone tembung, lan ukara.
   1) Struktur wacan narasi dumadi saka orientasi, komplikasi, klimak, resolusi, reorientasi, lan koda/amanat.
   2) Unsur basa, utawa wujud basane wacan narasi arupa tembunge, ukarane, lan wangune paragraf. Ing kalodhangan iki mligi ngenani tembung lan ukara sing dadi cirine wacan narasi, yaiku arupa tembung, ukara paesan utawa basa rinengga, lan unggah-ungguh basa.

b. Tujuan panulisan lan pamacane wacan narasi kuwi kanggo panglipur sing bisa dijupuk pesan moral/nilai budi pekerti, lan hikmahe.

c. Fungsi wacan narasi saliyane wujud medhar gagasan lan ide, uga kanggo marisake nilai budi pekerti luhur.

Tugas 1: Teks Narasi ing Ngisor iki Wacanen lan Jingglengana!

KARNA TANDHING



Perang Baratayuda tambah dina ora mendha, ananging tansaya sengit lan nggegirisi. Layone prajurit *wor suh* karo kunarpane para pangeran lan raja *wadyabala* Kurawa lan Pandhawa. Ana sing bisa dirukti, disuceni lan disampurnakake, nanging isih luwih akeh sing ora karukti. Ambu anyir *ludirane* para prajurit campur bawur bangere bathang kewan tunggangan.

Aneng pakuwoning wadyabala Pandhawa, putra wayah Pandhu *atetawang tangis amelas arsa*, anggetuni *seda*ne para pepundhene lan putra-putrane sing dadi bantening perang Baratayuda.

" Adhimas Prabu Yudhistira, sasurute Abimanyu, Drestajumena lan para senopati liyane, sliramu kudu enggal milih salah siji saka para kadang Pandhawa dadi senopatine perang." Prabu Kresna mecah tangising para kadang Pandhawa.→**Orientasi**

"Kaka Prabu, kula rumaos boten saged nglajengaken perang punika, raosing *ciut manah* kula, sampun boten kuwawa nandhang *dhuhkita* tinilar pawongan ingkang kinasih, punapa malih milih para kadang Pandhawa minangka senopati lajeng mangke *pralaya* ing palagan, sanajan kula mangertos sedaya punika wujud darmaning satriya." Yudhistira matur marang Kresna isih karo swara lirih cinandhet ing gurung.

" Ora Yudhistira, perang kudu terus lumaku, yen sliramu ora bisa netepake sapa sing kudu dadi senopati, aku minangka penasehat perang saka Pandhawa netepake Arjuna sing kudu dadi senopati, amarga Kurawa wis netepake Ratu Awangga Karna minangka senopati." Kagyat Sang Arjuna, njenggirat, *angusap waspa*.

" Kaka Prabu, kados pundi anggen kula badhe nglampahi *aben ajeng* ing *madyaning* palagan kaliyan kadang sepuh pribadi, kula boten sagah kaka Prabu."

" Arjuna elinga iki dudu perkara sedulur apa dudu sedulur, perang Baratayuda iki wujud perang antara bebener lan kamurkan, perang mbelani hak, lan ngayahi kewajiban, mbelani jejeging nagara, wis samesthine ora ana tidha-tidha, *nglabuhi* nagara nganti *pecahing dhadha wutahing ludira* minangka darmaning satriya sejati. Karna sanajan sedulur tuwa sing kebeneran dadi mungsuhmu, ing perang Baratayuda iki uga netepi *darmaning satriya*, males budi marang pawongan lan nagara sing sasuwene iki wis menehi *kamulyan* uripe. Karna uga duwe rasa pangrasa kaya sliramu, ananging ngemban *jejibahan* lan males budi luwih wigati. Coba yen nganti sliramu ora enggal maju apa ora muspra anggone para raja wadyabala Pandhawa lan putra Pandhawa sing wis ngorbanake jiwa ragane. Saiki rungokna ing sabrang palagan wadyabala Kurawa *dipandhegani* Adipati Karna, sora swarane *ambata rubuh* anantang sliramu. Wis aja was sumelang aku sumadiya dadi kusir kreta perangmu." Pangandikane Prabu Kresna mau nunjem atine Arjuna, kaya kaslenthik jiwane. Netra cumlorot kebak panginggit-inggit, pasuryaning abang semburat mendhem kanepson.→**Komplikasi**



" Menawi makaten mangga Kaka Prabu kula ndherek, kula sagah dados senopatining perang, para kadang Pandhawa kersanipun *nyamektakaken* sadaya prajurit mapag *kridhanipun* Adipati Karna." Sigra Sang Senopati Arjuna nyengklak kreta perang *kinusiran* Sang Prabu Kresna. Ing sabrange tegal Kurusetra, Sang Adipati Karna uga wis samekta, kreta perang kinusiran Sang Prabu Salya.

Cekaking crita aneng satengahing palagan Tegal Kurusetra, katon satriya loro, tan bisa kabedakake, *pindha jambe sinigar*, pawakane, pasuryane, panganggone, sanjatane. Kekarone mudhun saka kreta.

" Kangmas Adipati Karna pun rayi ngaturaken sembah pangabekti, ugi nyuwun agunging samodra pangaksami sampun *kumawantun* lan *cumantak*a dhumateng panjenengan wonten ing *palagan* punika, ugi ngaturaken welingipun pun Ibu Ratu Kunthi, sejatosipun dereng telat menawi panjenengan kersa makempal nunggal sawiji kalihan sedaya kadang Pandhawa." Arjuna lumajar banjur angrungkepi *padan*e sang Adipati Karna.

" Ora ana sing perlu dingapura adhiku Arjuna, aku lan sliramu ora ana bedane, iki mung saderma ngayahi wajib *darmaning satriya tama*. Ngertia aku wis janji karo Ibu Ratu Kunthi, yen ta aku tetep njaga Pandhawa lima, dadi ora ana Pandhawa enem, mula ing kene mengko sapa sing bakal *pralaya*, aku apa sliramu, Pandhawa tetep lima kaya janjiku marang ibu." Pangandikane Adipati Karna karo ngangkat bahune Arjuna. Tempuk pandelenge satriya loro mau, *sumoroting netra*, ana asih, ana greget, ana kesumat campur-adhuk.

" Menawi makaten Kakang Adipati Karna, mangga enggal karampungaken jejibahan punika." Arjuna atur sembah lan sumadiya nyengklak kreta perang, semono uga Adipati Karna.

Ing satengahaing *palagan,* perang campuh, anggegirisi, swara Kurawa lan Pandhawa adu katiyasan *pindha bantheng ketaton*. Satriya kekarone uga ngetog kasudibyane, sanjata panah lumepas pindhane udan. Ananging Sri Kresna ngrasa yen lumepasing panahing Arjuna ora mugen katujokake kanggo musuh ananging mung lumepas sakarepe.

" Arjuna aja *kalepyan*, kae musuhmu, aja rangu-rangu kewajibanmu menangake andon yuda iki." bareng lan pangandikane Sri Kresna tanpa kanyana panahe Adipati Karna mleset nyamber gelunge Arjuna.

" Kados pundi Rama Prabu panjenengan punika, mesthinipun menawi boten kasendhal lisipun dirada, Arjuna sampun pejah kenging jemparing kula." Adipati nguman-uman Rama maratuwane, karo mudhun mbenakake rodane kreta kejeglong awit anggone nyendhal Prabu Salya kebanteren, rodane kreta kejeglong. Diuman-umani mantune Prabu Salya mendel kewala, amung ing batine ngendikan "aku lila kowe sing mati tinimbang Arjuna."→ **Klimak**

" Ayo Arjuna enggal dipungkasi, Pasopatimu gunakna" Prentahe Prabu Kresna marang Arjuna, tanpa kumecap panah Pasopati wis lumepas, Adipati Karna sing nembe bae mapan lan munggah ing kreta tanpa bisa enda panah Pasopati tumancep nunjem dhadha, sakala *ambruk kumalasa* mental saking kreta.

Arjuna weruh Adipati Karna ketaman panahe lan mental saking kreta, enggal *mlesat pindha thathit*, diarah aja nganti anggane Adipati Karna tumiba ing bumi

" Adhuh kakang Adipati Karna, pun rayi nyuwun pangaputen" Arjuna karo atetawang tangis mangku mustakane Adipati Karna, pasuryane Adipati Karna ngatonake rasa marem.→ **Resolus**i

" Adhiku Arjuna dudu salahmu, iki pancen wis tinakdir, matura Ibu Kunthi menawa aku ngaturake sembah pangabekti lan nyuwun pangapura aku durung bisa dadi putra kang tuhu bekti, ananging aku uga wis netepi janjiku, Pandhawa tetep lima, mung bae sapungkurku aku titip Ibu Kunthi marang sliramu sakadang. Muga-muga kamenangan lan kawijayan tetepa kanggo kadang Pandhawa." Bubar ngendikan ana cahya putih *cumlorot* metu saka *anggane* Adipati Karna *mumbul ngawiyat* tumuju swarga. →**Reorientasi**

Ninggal Arjuna sing *atetawang tangis* sinambi mbopong kunarpane Sang Adipati Karna tumuju pakuwone Pandawa. Kunarpane Adipati Karna karukti dening para kadang Pandawa kairing donga puji. Iku minangka bukti yen tali paseduluran apa maneh tunggal bapa lan ibu ora bakal bisa kapisah lan pedhot krana urusan donya. →**Koda/Panutup**

http://facebook.com/caritawayang

Wacan andharan utawa wacan narasi kuwi andharan sing nduweni wujud, tujuan lan fungsi.

Bausastra

wor suh	: campur dadi siji
kurnapa	: layon, jenasah, jisim, mayit.
bantening perang	: banten+ing = korban+ing.
seda	: surut, ngemasi,
andon yuda	: perang tandhing
pepundhene	: sesepuh
tetawang tangis	: nangis terus, nangis kelara-lara
amelas arsa	: memelas, nggawe trenyuh
duhkita	: susah
waspa	: luh
aben ajeng	: adu arep

darmaning satriya : sikap lan perilaku sing wajib diduweni para satriya
kamulyan : ka+mulya+an, ater-ater ka +tembung lingga+panambang -an ngrimbag tembung dadi tembung aran: *kemuliaan* (BI)
jejibahan : kewajiban
dipandhegani : dipimpin
ambata rubuh : rame banget kaya bata rubuh: bebasan
nyamektakake : ny-samekta-ake; samekta:nyiapake.
kinusiran : dikusiri
pindha jambe sinigar: persis , padha (pepindhan)
kumawantun : kuma+wantun (kr. a): kuma +wani, ater-ater kuma tegese mbangetake: banget anggone wani cumantaka:
palagan : papan jembar kanggo perang
lumajar : mlayu
netra kr.a) : mripat
kalepyan : lena
lisipun : kendhali, kekang
ambruk kumalasa : ambruk nggeblak
anggane :awake
mustaka :sirah
mlesat pindha thathit: mabur mendhuwur kaya thathit(kilap)
mumbul ngawiyat : mumbul mendhuwur ing awang-awang.

Tugas 2: Nyemak Struktur Teks Narasi

a. Orientasi :
Orientasi utawa tetepungan ana ing paragraf dikenalake karo tokoh (*wadyabala* Kurawa lan Pandhawa, pangeran lan raja), prastawa (Perang Baratayuda), latar waktu (tambah dina), panggonan lan kahanan (ambu anyir), ing paragraf 1 nganti tekan paragraf 2.

b. Komplikasi:
Komplikasi, ing kono titikane wiwit ana prakara yaiku konflik ing batine Yudhistira nalika kudu milih senopati, konflik amarga Arjuna ora gelem dadi senopati, ing paragraf 3 nganti tekan paragraf 6

c. Klimaks:
Prakara dadi ruwet ndadekake prakara ngambra-wara. Titikan bisa dideleng saka paragraf sing njlentrehake kanepsone Arjuna, kanepsone Adipati Karna uga prentahe Prabu Kresna marang Arjuna, ing paragraf 7 nganti tekan paragraf 22.

d. Resolusi:
Prakara wis kudu enggal diudhari lan njupuk keputusan.Titikan sing bisa dijupuk saka paragraf ana ing keputusane Arjuna gelem dadi senopati, lan miwiti perang lumawan Adipati Karna, paragraf 23 nganti tekan paragraf 26

e. Reorientasi:
Pamawas ulang ngenani perkara, bisa katitik ing paragraf kang njelasakake yen ta perange Adipati Karna lan Arjuna mligine, utawa perang Baratayuda, ora mung wujud perang pribadi/ keturunan nanging perange para satriya njejegake darmaning satriya, paragraf 27.

f. Koda/Amanat:
Dudutan sing bisa dijupuk saka paragraf sing njelasake nilai budi pekerti sing bisa dadi patuladhan, kaya pangruktine Pandhawa marang kunarpane Adipati Karna, awit sesambungan sedulur kuwi ora bakal pedhot krana urusan donya, ana ing paragraf 28.

Pepeling

Stuktur Teks Narasi

Orientasi, sudut pandhang/pamawas lan pengenalan utawa tetepungan, maksude pamawas utawa tetepungan karo tokoh/paraga, latar/setting, prakara/prastawa, sing ana sajerone wacan narasi.

Kompikasi, tegese wis ana perkara sing bakal dadi underan/pokok lan ndadekake aluring crita.

Klimak, prakara wis tambah ngambra-ambra lan ruwet.

Resolusi, prakara wis nemokake dalane kanggo ngrampungi. **Reorientasi** pamawas ulang yen ana.

Koda/amanat, rupa panutup, bisa dudutan/kesimpulan, nilai budi pekerti sing bisa didudut saka isine crita, amanat utawa pesen.

Tugas 3 : Nyemak Unsur Basa Teks Narasi

1. Andharan ing ngisor iki semaken!

a. Ciri Basane Teks Narasi

Cirine wacan narasi mesthi nganggo tembung katrangan (wektu, panggonan, kahanan), tembung kriya, lakone runtut, migunanake basa rinengga utawa basa paesan.

Tuladhane:

Perang Baratayuda *tambah dina* ora mendha (1), *tambah dina*, ateges wis pirang – pirang dina wektu kanggo perang. (2) *perang*, wujud tembung kriya sing mbutuhake aksi. Lakone runtut, tegese urut-urutane critane runtut wiwitan nganti tekan pungkasan.

b. Basa rinengga (entar, saroja, garba)

Basa rinengga, basa sing dipaesi, basa sing didandani supaya luwih endah, nges, lan mentes uga mandhes. Rinengga saka basa *rengga sing tegese paes (hias:BI)* + seselan in, tegese direngga *(dihias:BI)*. Carane ngrengga utawa ndandani bisa kanthi cara nganggo milih dasanama sing luwih alus utawa luwih endah, tembung entar, tembung saroja, tembung garba, paribasan, bebasan lan sapanunggalne. Ing tema 3 iki sing bakal diandharake ngenani dasanama, tembung entar, tembung saroja lan tembung garba.

(1) Dasanama kuwi tembung kang nduweni teges luwih saka siji.

Tuladhane:

"Layone prajurit *wor suh* karo kunarpane para pangeran lan raja *wadyabala* Kurawa lan Pandhawa. Ana sing bisa *dirukti*, disuceni lan disampurnakake, nanging isih luwih akeh sing ora karukti. Ambu anyir *ludirane* para prajurit campur bawur bangere bathang kewan tunggangan."

Tembung *layon, kunarpa* dasanamane mayit (*jenasah*), *dirukti* dasanamane diopeni, *ludira* dasanamane getih, rah.

(2) Tembung entar, tembung kang duwe teges ora salugune, utawa teges silihan *(kiasan:BI)*

Tuladhane :

"... Kula rumaos boten saged nglajengaken perang punika, *ciut manah* kula."

Tembung *ciut* lumrahe kanggo barang, ananging dianggo manah/ati, sing tegese atine mamang, ora yakin. Tembung *ciut manah* kalebu tembung entar. Tuladha liyane, dawa tangane, adol kringet, gedhe atine, lan sapanunggalane.

(3) Tembung saroja, tembung loro meh padha tegese digunakake bebarengan, kanggo mbangetake.

Tuladhane:

"Layone prajurit wor suh lan kunarpane para pangeran lan raja *wadyabala* Kurawa lan Pandhawa"

Tembung *wadyabala,* wadya tegese prajurit, bala tegese uga prajurit. Tuladha liyane andhap-asor, jejel-riyel, lila-legawa, lan sapanunggalane.

(4) Tembung garba, yaiku rerangkene tembung kanthi nyekak ketemune aksara swara, kang fungsine kanggo nyekak guru wilangan.

Tuladhane:

"...*Aneng* pakuwoning wadyabala Pandhawa, putra wayah Pandu atetawang tangis amelas arsa, anggetuni sedane para pepundhene lan putra-putrane sing dadi bantening perang Baratayuda."

Tembung *aneng* asale saka ana + ing kang digarba kanthi sandhi swara.Tuladha liyane jiwangga (jiwa + angga), lagyantuk (lagi + antuk) lan sapanunggalane.

c. Unggah-ungguh basa

Unggah-ungguh basa manut trap-trapane tembung kang digunakake ing ukara, ana rong perangan gedhe yaiku ***ukara nganggo tembung krama* lan *tembung ngoko***. Krama ana loro yaiku krama alus lan krama lugu, semono uga ngoko uga ana loro yaiku ngoko alus lan ngoko lugu. Tuladhane:

"Ambu anyir *ludirane* para prajurit campur bawur bangere bathang kewan tunggangan". Ukara iki tembunge ngoko kabeh mula ukarane diarani ***ngoko lugu***.

"*Putra wayah* Pandu atetawang tangis amelas arsa, anggetuni *sedane* para pepundhene lan putra-putrane sing dadi bantening perang Baratayuda", ukara iki tembunge campuran antara ngoko lan krama. Ukarane diarani ***ngoko alus.***

"Kangmas Adipati Karna, pun rayi ngaturaken sembah pangabekti, ugi nyuwun agunging samodra pangaksami sampun kumawantun lan cumantaka dhumateng panjenengan wonten ing palagan punika, ugi ngaturaken welingipun pun ibu ratu Kunti, sejatosipun dereng telat menawi panjenengan kersa makempal nunggal sawiji kalihan sedaya kadang Pandhawa." Ukara ing paragraf kuwi dumadi saka tembung ***krama alus***.

Pepeling

a. Carane niteni titikane unsur basa ing crita wayang.
   Jingglengi tembung sing paling akeh, menjila, seje sing digunakake ing wacan.

b. Basa Rinengga
   Basa rinengga utawa basa paesan, maksude tembung sing digunakake, dipilih sing luwih endah, mentes lan mandhes. Wujude basa rinengga, ing antarane tembung saroja, tembung entar, tembung garba, paribasan, bebasan, saloka, purwakanthi, uga dasanama.

c. Unggah – ungguh basa
   1) Krama alus, tembunge krama kabeh, gunane kanggo ngurmati wong sing diajak omong-omongan, yaiku a) wong sing durung kenal, b) wong enom marang wong tuwa, c) wong sing luwih dhuwur drajat lan pangkate.
   2) Krama lugu, tembunge krama lugu kabeh, digunakake kanggo awake dhewe, nalika omong-omongan karo wong sing dikurmati.
   3) Ngoko alus, tembunge campuran tembung krama lan ngoko, ananging yen rupa tembung kriya sing dikramakake mung tembung linggane bae. Gunane uga kanggo ngurmati wong sing diajak omong-omongan ananging rumaket.
   4) Ngoko lugu, tembunge ngoko kabeh, kanggo omongan ing antarane wong sing rumaket/akrab amarga kanca sabarakan, wong sing duka/muring-muring, nggremeng/ngunandika.

Tugas 4: Njingglengi Fungsi lan Tujuan Teks Narasi

1. Andharan ing ngisor iki semaken!
   a. Nilai budi pekerti/pesan moral
      Nilai budi pekerti utawa pesan moral bisa dijupuk saka isine wacan kanthi jinglengi watak lan perilakune paraga ing wacan. Tuladhane: (1) Kasetyane Karna marang Duryudana minangka wujud bales budi, maksude dadi wong aja lali marang kabecikane liyan lan diupayakake bisa males budi. (2) Kasanggupane Arjuna dadi senopati perang mbelani negarane, maksude saben warga negara kuwi wajib mbelani negarane ing kahanan apa bae, bukti saka bektine.
   b. Relevansi isi crita karo kahanan jaman saiki.
      Wacan crita wayang ing dhuwur mung salah siji saka maewu-ewu crita sing isih ngrembaka ing satengahing masyarakat Jawa. Mligi crita wayang

kuwi wujud wewayangane (bayangan/gambaran; BI) wong urip ing alam donya. Wewayangan dudu sejarah. Slaras lan fungsi crita wayang minangka sarana kanggo nuduhake gegambarane patrap lan perilakune manungsa, sarta akibat saka patrap lan perilakune tumrap awake dhewe, wong liya, lan bebrayan agung.
Tuladhane:
"Perange Pandhawa lan Kurawa kuwi amarga padha rebutan drajad, pangkat lan semat", kahanan kaya ngono kuwi ing jaman saiki akeh banget tuladhane.
"Ibu Kunthi sing tega ninggal putrane Karna", ing jaman saiki malah akeh banget prastawa sing padha, ibu ninggal anak, ibu tega mbuwang anak lan sapanunggalane.

Pepeling
1. Tujuan panulisan lan pamacan wacan crita wayang pinangka panglipur kang bisa dijupuk nilai budi pekerti, pesan moral lan hikmahe.
2. Fungsine wacan crita wayang saliyane kanggo panglipur uga marisake nilai budi pekerti, norma-norma, budaya dan adat istiadat.

Kegiatan 2 Mangun Teks Narasi Bebarengan

SUMANTRI NGENGER

Ing sajabane padhepokan Arga Sekar isih repet-repet, angin esuk krasa seger banget, Resi Suwandagni wis katon lenggah sila ing pendhapa cecawis *ubarampene* sesembahan, mapag sumoroting *sang bagaskara* ing bang wetan direwangi putrane Bambang Sumantri banjur diterusake *sembah puja* konjuk Sang Hyang Widhi, lumantar Dewa Surya ing sanggar pamujan. Resi Suwandagni kagungan putra loro, yaiku Bambang Sumantri lan Sukrasana. Putra loro mau *wineleg* ing samubarang *kagunan*, lan guna *kasekten* sing padha. Bedane, Bambang Sumatri *tinakdir* pinangka satriya kang bagus rupane lan alus solah bawane, suwalike Bambang Sukrasana tinakdir awujud buta bajang.

" Bapa kepareng kula matur?" Sumantri miwiti wawan rembug ing antarane bapa putra, sarampunge sembah puja.

" Oleh anakku, matura, ana apa?" pangandikane Resi Suwandagni sareh, karo ngingset anggone lenggah madhep putrane.

” Inggih bapa matur nuwun, makaten bapa sampun *antawis dangu* kula anggadhahi krenteg badhe *nyuwita* dhateng ratu gusti ing kraton Mahespati.” Sumantri matur ramane kanthi tatag.

” Yen pancen wis gilig tekadmu, bapa amung paring pangestu bae, dakkira ya wis cukup pawitanmu, guna kasekten, olah *kanuragan*, kagunan ilmu wedha sing wis dakparingake. Saiki age samektakna ajaken adhimu Sukrasana, sapa ngerti butuh bebantu,” pangandikane Resi Suwandagni karo menyat jumeneng.

” Inggih Bapa sedaya sampun samekta, ananging kula boten saged ngajak adhi Sukrasana, benjang menawi sampun katampi *panyuwitan* kula, adhi Sukrasana kula papagipun, kula nyuwun pangestu sapunika ugi kula bidhal” Sumantri atur sembah pangabekti sarta nyuwun pangestu.

” Iya Sumantri, yen ngono karepmu budhala, pangestuku tansah *njampangi laku*mu.” Karo ngelus pundhake putrane, pangandikane Resi Suwandagni krasa ana geter sanajan tan ana tumetesing *waspa*. Sumantri age-age budhal, metu regoling padhepokan tanpa tumoleh.

Tan kocapa, ing gandhok tengah Sukrasana ngrungokake kabeh pangandikane ramane lan kakange. Ora ndadak ngenteni weruh kakange budhal Sukrasana nututi lakune Sumantri lan tansah ngulati saka kadohan.

Sumantri katrima panyuwitane marang Prabu Arjuna Sasrabahu yen ta bisa minangkani pamundhute Sang Prabu, yaiku nglamarake Dewi Citrawati ing negara Magada. Sumantri nyaguhi, sawise nyuwun palilah enggal budhal menyang negara Magada.

Negara Magada wis *kinepung wakul binaya mangap* dening raja sewu negara sing atekad nglebur negara Magada amarga Prabu Citrawijaya durung paring wangsulan ngenani panglamare marang Dewi Citrawati. Mulane tekane Sumantri tiba kebeneran, Prabu Citrawirya kersa nampa panglamare Prabu Arjuna Sasrabahu, yen Sumantri bisa ngalahake raja sewu negara kang nedya nglebur negara Magada. Sumantri nyaguhi. Sumantri *sing sekti mandra guna, tan tedhas tapak palune pandhe sisane gurinda*, tanpa kangelan bisa nelukake raja sewu negara.

Dewi Citrawati sida kaboyong ing negara Mahespati kasowanake Prabu Arjuna Sasrabahu.

” Sinuwun Prabu Arjuna Sasrabahu, kawula sowan ing ngarsa panjenengan boten ateges sagah dados garwa paduka, awit ingkang mimpang wonten ing perang lawan raja sewu negara Bambang Sumantri, samesthinipun ingkang dados *jatukrama* kula inggih pun Sumantri, pramila menawi paduka taksih ngersakaken kawula dodas garwa paduka kawula anggadhahi tigang *punagi*. Punagi ingkang kapisan, panjenengan kedah saged tandhing yuda kalawan Sumantri, punagi ingkang nomer kalih lan tiga kula aturaken menawi

panjenengan sampun mimpang tandhing yuda.” Ngendikan mangkono Dewi Citrawati sinambi *mbalang liring* marang Sumantri.

” Oh ngono iya dakturuti kersamu Dewi. Bambang Sumantri enggal-enggala samekta ayo tandhing yuda ing alun-alun,” pangandikane Prabu Arjuna Sasrabahu marang Sumantri. Sumantri amung sendika dhawuh. Cekaking crita amarga padha *sekti mandraguna*, tandhing yuda ora ana rampunge. Prabu Arjuna Sasrabahu enggal tiwikrama kanggo mungkasi bandayuda. Sumantri ngrumangsani, banjur nyerah kalah.

Punagine Dewi Citrawati sabanjure sing nomer 2, nyuwun diiringi 40 widodari putri domas lan gamelan lokananta ing adicara temu penganten, lan sing nomer 3 nyuwun diboyongake taman Sriwedari saka kahyangan. Prabu Arjuna Sasrabahu paring parentah marang Sumantri supaya enggal mujudake pamundhute Dewi Citrawati. Sumantri budhal, ananging ora ngerti apa sing kudu ditindakake.

” Kakang Sumantri aja kuwatir, aku sing bakal minangkani pamundhute Dewi Citrawati, kakang ngenteni ana kene bae sesuk mesthi bisa kaleksanan kabeh.” Sumantri kaget weruh adhine Sukrasana wis ana ing ngarepe.

” Sukrasana adhiku, matur nuwun pambiyantumu, iya *dakanti* ana kene muga-muga kasil.”

Sesuke wis sumadiya 40 widodari dadi putri domas lan gamelan lokananta minangka pengiring temanten, semono uga taman Sriwedari wis pindah saka Kahyangan Untarasegara menyang tamansarine negara Mahespati. Saka banget marem lan sukane Sang Prabu ora mung nrima panyuwitane Bambang Sumantri nanging malah kepara antuk kanugrahan *sinengkakake* minangka patih, kanthi asma patih Suwanda.

Bausastra

ubarampene	: piranti
bagaskara	: srengenge
dakanti	:daktunggu
sekti mandraguna	: sekti banget
sinengkakake	: diangkat
tiwikrama	: nesu banget banjur malih rupa nggegirisi

Tugas 1 : Njingglengi Teks Narasi

1. Nggawea klompok dhiskusi ora luwih saka bocah 4 minangka anggotane.
2. Kewajiban minangka anggota klompok kudu dilakoni kanthi **tanggung jawab** lan **kerjasama** sing temen.

3. Salah siji anggota klompok, kudu ana sing dadi ketua klompok.
4. Kewajibane ketua klompok kudu tanggung Jawab marang kabeh sing dadi tugase klompok dibantu karo anggota liyane.
5. Wacan "Sumantri Ngenger" ing dhuwur coba dijingglengi bebarengan saklompokmu.
6. Pitakon ing ngisor iki wangsulana salaras karo asile anggonmu dhiskusi.
   a. Jlentrehna struktur wacan saka crita "Sumantri Ngenger" ing dhuwur kanthi bukti paragraf sing nyengkuyung pranyatanmu!
      1) Orientasi :
         ....
         ....
      2) Komplikasi :
         ....
         ....
      3) Klimak :
         ....
         ....
      4) Resolusi :
         ....
         ....
      5) Reorientasi :
         ....
         ....
      6) Koda/penutup :
         ....
         ....

   b. Jlentrehna unsur basane lan wenehana bukti saka crita "Sumantri Ngenger" ngenani:
      1) Cirine basa teks narasi:
         ....
         ....
      2) Basa rinengga (entar, saroja, garba) :
         ....
         ....
      3) Unggah ungguh basa (*tataran bahasa*) :
         ....
         ....
   c. Jlentrehna fungsi lan tujuan teks narasi!
      1) Nilai budi pekerti/pesan moral:
         ....
         ....

2) Relevansi isi crita karo kahanan jaman saiki:
....
....

Tugas 2: Njingglengi Unsur Basane Teks Narasi

Garapen bebarengan!

1. Goleka tuladhane dasanama sing ana sambung rapete karo tembung katrangan waktu lan tembung kriya 5 bae!
2. Goleka tuladhane tembung garba 5 bae!
3. Goleka tuladhane tembung entar 5 bae!
4. Goleka tuladhane tembung saroja 5 bae!
5. Goleka tuladha judhule wacan crita wayang liyane 5 bae!

Kegiatan 3 Mangun Wacan kanthi Mandhiri

Tugas 1: Njingglengi Teks Narasi

Goleka wacan crita wayang saka ngendi bae bebas, bisa golek ing internet, majalah, buku-buku crita, lan liya-liyane. Pilihen siji bae, sing penting kudu **golek dhewe**, banjur wacanen lan jingglengana!

Tugas 2: Nintingi Teks Narasi

Sawise maca lan njingglengi wacan sing wis kopilih, jlentrehna nganggo ukaramu dhewe **ora kenek nurun** kancane lan buktekna saka wacan mau ngenani:

a. Struktur wacan
   1) Orientasi : ....
   ....
   2) Komplikasi : ....
   ....
   3) Klimak : ....
   ....
   4) Resolusi : ....
   ....
   5) Reorientasi : ....
   ....

6) Koda/panutup : ....
   ....

b. Jlentrehna lan tulisen buktine unsur basa sing ana ing crita ngenani:
   1) Ciri basane teks narasi:
      ....
      ....
   2) Basa rinengga (entar, saroja, garba) :
      ....
      ....
   3) Unggah ungguh basa (*tataran bahasa*) :
      ....
      ....

c. Jlentrehna fungsi lan tujuane, tulisen buktine ing teks narasi!
   1) Nilai budi pekerti/pesan moral:
      ....
      ....
   2) Relevansi isi crita karo kahanan jaman saiki:
      ....
      ....

Uji Kompetensi Wulangan 3

I. Pitakon ing ngisor iki wangsulana kang patitis, kanthi milih siji wangsulan kang paling bener!

1. " ... Ing sajabane padepokan Arga Sekar isih repet-repet, angin esuk krasa seger banget, Resi Suwandagni wis katon lenggah sila ing pendhapa cecawis ubarampene sesembahan, mapak sumoroting *sang bagaskara* ing bang wetan direwangi putrane Bambang Sumantri banjur diterusake *sembah puja* konjuk Sang Hyang Widhi, lumantar Dewa Surya ing sanggar pamujan. Resi Suwandagni kagungan putra loro, yaiku Bambang Sumantri lan Sukrasana. Putra loro mau wineleg ing samubarang kagunan, lan guna kasekten sing padha. Bedane, Bambang Sumatri tinadir pinangka satriya kang bagus rupane lan alus solah bawane, suwalike Bambang Sukrasana tinakdir awujud buta bajang...."
   Paragraf ing dhuwur yen katitik saka struktur teks kalebu peranganane....
   a. orientasi
   b. klimaks
   c. komplikasi
   d. resolusi
2. " Oleh anakku, matura, ana apa? pangandikane Resi Suwandagni sareh, karo ngingset anggone lenggah madhep putrane.
   " Inggih bapa matur nuwun, makaten bapa sampun antawis dangu kula anggadhahi krenteg badhe nyuwita dhateng ratu gusti ing kraton Mahespati." Sumantri matur ramane kanthi tatag.
   Paragraf ing ndhuwur miturut struktur teks kalebu perangane....
   a. orientasi
   b. klimaks
   c. komplikasi
   d. resolusi
3. " Inggih Bapa sedaya sampun samekta, ananging kula boten saged ngajak adhi Sukrasana, benjang menawi sampun katampi panyuwitan kula, adhi Sukrasana kula papagipun. Kula nyuwun pangestu sapunika ugi kula bidhal." Sumantri atur sembah pangabekti sarta nyuwun pangestu.
   Paragraf ing dhuwur migunakake basa....
   a. ngoko lugu
   b. krama lugu
   c. ngoko alus

d. krama alus

4. " Iya Sumantri, yen ngono karepmu budhala, pangestuku tansah njampangi lakumu." Karo ngelus pundhake putrane, pangandikane Resi Suwandagni krasa ana geter sanajan tan ana tumetesing waspa.
   Paragraf ing ndhuwur migunakake basa....
   a. ngoko lugu
   b. krama lugu
   c. ngoko alus
   d. krama alus
5. Resi Suwandagni wis katon lenggah sila ing pendhapa cecawis ubarampene sesembahan, mapag sumoroting *sang bagaskara* ing bang wetan.
   Tembung *sang bagaskara* ing ukara ndhuwur, ateges....
   a. srengenge
   b. bumi
   c. lintang
   d. rembulan
6. Ngendikan mangkono Dewi Citrawati sinambi *mbalang liring* marang Sumantri.Tembung *mbalang liring* ing ukara dhuwur, kalebu jinise tembung....
   a. entar
   b. garba
   c. saroja
   d. dasanama
7. Cekaking crita amarga padha *sekti mandraguna*, tandhing yuda ora ana rampunge.
   Tembung sing katulis nganggo aksara miring ing ukara ndhuwur, kalebu jinise tembung....
   a. entar
   b. garba
   c. saroja
   d. dasanama
8. Ing crita "Sumantri Ngenger" ing dhuwur, sing dadi paraga utamane yaiku....
   a. Bambang Sumantri
   b. Dewi Citrawati
   c. Arjuna Sasrabahu
   d. Sukrasana

9. Prabu Arjuna Sasrabahu iku minangka raja ing ....
   a. Padhepokan Sekar Arga
   b. Kraton Majapahit
   c. Pedhepokan Sriwedari
   d. Kraton Maespati
10. Bambang Sumantri nalika diwisuda sinengkake dadi patih, asmane dadi....
   a. Patih Sumantri
   b. Patih Sukrasana
   c. Patih Suwanda
   d. Patih Sekar Arga

II. Wangsulana pitakonan ngisor iki kanthi patitis!

1. Coba aranana sapa wae paragane teks crita ”Sumantri Ngenger”!
2. Kepriye watak wantune para paraga mau? Terangna !
3. Tembung-tembung basa rinengga apa kang ana ing teks ”Sumantri Ngenger”?
4. Apa tegese tembung-tembung sing wis koktemokake mau?
5. Wenehana tuladhane ukara basa krama alus sing ana ing teks crita ”Sumantri Ngenger”!

WULANGAN IV

LELAGON TEMBANG KREASI ANYAR

Kompetensi Dasar	Indikator
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional	1.1.1 Berdoa sebelum memulai dan sesudah kegiatan belajar bahasa daerah. 1.1.2 Menggunakan bahasa daerah dalam berkomunikasi dengan tata kram
1.3 Menghargai danmensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana menyajikaninformasi lisan dan tulis	1.3.1 Menggunakan bahasa daerah sebagai sarana menyajikan informasi lisan dan tulis sesuai dengan tata krama
2.2. Memiliki perilaku percaya diri dan tanggung Jawab dalam membuat tanggapan pribadi atas karya budaya masyarakat daerah yang penuh makna dan tata krama	2.2.1 Percaya diri dan bertanggung Jawab dalam membuat tanggapan pribadi terhadap pesan moral lagu kreasi baru.. 2.2.2 Percaya diri dan santun dalam melagukan lagu kreasi.
3.5 Memahami struktur teks, unsur kebahasaan, dan pesan moral lagu tembang macapat dan kreasi secara lisan dan tulis	3.5.1 Mengidentifikasi jenis-jenis tembang kreasi 3.5.2 Mengidentifikasi struktur dari setiap teks tembang kreasi. 3.5.3 Mengklasifikasi unsur kebahasaan dari setiap teks tembang kreasi. 3.5.4 Menyimpulkan pesan moral lagu kreasi.
4.5 Melagukan dan mengungkapkan pesan tembang *macapat* danlagu kreasi	4.5.1 Membaca notasi (titi laras) teks tembang kreasi. 4.5.2 Melantunkan masing-masing tembang kreasi sesuai titi larasnya



Mbabar Wawasan

Ing kegiatan iki kowe diajak ngumbara, ngeling-eling babagan lelagon kreasi anyar. Sadurunge mahami teks lelagon kreasi anyar, semaken cakepan tembang ing ngisor iki, tembangna, banjur wangsulana pitakon kang wus sumadiya!

KUNCUNG
(Anggitane Ranto Edi Gudel/
Dipopulerake dening Didi Kempot)



cilikanku rambutku dicukur kuncung
kathokku saka karung gandum
klambiku warisane mbah kakung
sarapanku sambel korek sega jagung

kosokan watu neng kali nyemplung ing kedhung
jaman dhisik durung usum sabun ...,
(pabrike rung dibangun)
andhukku mung cukup andhuk sarung
dolananku montor cilik saka lempung

bis holopis kuntul baris
rekasane saiki wis
bis holopis kuntul baris
gegere gek mbok ndang uwis

tanggal limalas padhang njingglang bulane bunder (seser)
aku dikudang suk yen gedhe dadi dhokter
tanggal limalas padhang njingglang bulane bunder (seser)
bareng wis gedhe aku disuntik bu dhokter

ha na ca ra ka
iki crita jaman semana
da ta sa wa la
iki crita saka wong tuwa

1. Wangsulana pitakon ing ngisor iki !
    a. Sapa sing nembangake lelagon kreasi ing dhuwur?
    b. Lelagon kasebut sapa sing ngripta?
    c. Kedadean apa sing digambarake ing lelagon iku ?
    d. Ana ngendi panggonan dumadine crita sing digambarake lelagon kasebut?
    e. Tembang kreasi liyane sing kongerteni apa wae? Sebutna 5 wae!
    f. Miturut jinise, tembang kreasi ana pira? Sebutna !
    g. Tembang dolanan apa sing koelingi? Coba sebutna 5 wae!

Cakepan tembang ing dhuwur ora liya lelagon campursari kang dianggit Ranto Edi Gudel lan dipopulerake dening Didi Kempot kang asma asline Didi Prasetyo. Dheweke penyanyi langgam campursari klairan kutha Solo, 31 Desember 1966, mung protholan kelas II SMA. Sawise ora sekolah saben dina gaweyane mbarang ngamen, munggah-mudhun bis saka kutha siji tumuju kutha liyane, nganti akhire keplantrang tekan Jakarta. Iya saka anggone mbarang ngamen sadawane dalan iku banjur lair lagu-lagune kang kondhang kawentar, kayata *Stasiun Balapan, Terminal Tirtonadi, Tulung, Cucak Rowo, We-Cen-Yu, Yang Penting Hepi*, lan *Moblong Moblong*.

Langgam campursari mujudake salah sijine tembang utawa lelagon kreasi. Tembang iki nganti saiki isih ngrembaka lan disenengi meh kabeh lapisan masyarakat. Ora mung masyarakat Jawa sing seneng, nanging warata saindenging Indonesia, malah kawentar nganti manca negara. Ngrembakane lelagon kreasi iki diprakarsani para seniman sepuh, kayata Andjar Any, Gesang, lan Ki Narto Sabdo. Generasi penerus sabanjure diembani dening Manthos, Didi Kempot, lan para seniman mudha liyane.

Sawetara lelagon kreasi kang banget populer ing kalangan masyarakat Jawa, umpamane: *Gambang Suling* (anggitane Ki Narto Sabdo), *Yen Ing Tawang Ana Lintang* (anggitane Andjar Any), *Caping Gunung* (anggitane Gesang, 1973), *Jenang Gula* (anggitane Andjar Any), *Jangkrik Genggong* (anggitane Andjar Any), *Pamitan* (anggitane Gesang), lan *Aja Lamis* (anggitane Gesang).

Tembang utawa lelagon kreasi ora mung wujud langgam campursari, nanging uga isih ana tembang dolanan.Tembang dolanan iku jinis tembang kreasi gagrag anyar sing ora nganggo paugeran guru gatra, guru lagu, lan guru wilangan. Tembang dolanan lumrahe ditembangake dening bocah-bocah cilik, utamane ing padesan, sinambi dolanan bebarengan karo kanca-kancane lan bisa dibarengi wiramaning gendhing. Lumantar tembang dolanan, bocah-bocah ditepungake bab sato kewan, sato iwen, thethukulan, tetanduran, bebrayan, lingkungan alam, lan sapanunggalane.

Tembang dolanan uga kena kanggo ngundhakake pendhidhikan budi pekerti. Tembang iki akeh ngemot pitutur luhur kang bisa kanggo patuladhan urip ing alam donya. Wulangan budi pekerti lumantar tembang luwih gampang disenengi bocah tinimbang sarana ceramah, jalaran bocah malah ora pati nggatekake.

Sapa sing isih kelingan cakepan tembang dolanan kaya ing ngisor iki?

E, DHAYOHE TEKA

E, dhayohe teka, e, gelarna klasa

E, klasane bedhah, e, tambalen jadah
E, jadahe mambu, e, pakakna asu
E, asune mati, e, cemplungna kali
E, kaline banjir, e, kelekna pinggir
E, pinggire jero, e, tinggalen kono

Tembang dolanan iki biyen dienggo dolanane bocah-bocah cilik nalikane rembulan ndhadhari. Isih akeh maneh cakepan tembang dolanan liyane kang bisa kita goleki.

Kegiatan 1 Modhel Teks Tembang Kreasi

Gatekna teks tembang kreasi ing ngisor iki !

PRAON (PRAU LAYAR)
Pelog Pathet Nem (Ki Nartosabdo)

. . 5 5 5 5 5 5 1’ 5 5
Yo kan ca neng gi sik gem bi ra

. . 5 6 5 3 2 5 3 5 3 2 1
A le rap le rap ba nyu ne se ga ra

. . 5 5 5 5 5 5 1’ 5 5
Ang gli yak num pak pra u la yar

. . 5 6 5 3 2 5 3 5 3 2 1
Ing di na ming gu keh pa ri wi sa ta

. . 7 1’ 2’ 3’ 5 6 1’ 1’
A lon pra u ne wis ne ngah,

. 1’ 2’ 1’ 2’ 1’ 2’ . 5 5 2’ 2’ 2’
Byah byuh byah ba nyu bi ne lah

. 3’ 2’ 3’ 2’ 3’ 2’ 1’ 1’ 1’ 2’ 2’ 1’
O ra je mu je mu ka ro me sem nggu yu

. 1’ 2’ 7 1’ 2’ 7 1’ 2’ 7 1’
Ngi lang a ke ra sa lung krah le su

. 1’ 1’ 1’ 5 6 . 4 5 6 4 5
A dhik nja wil Mas, je bul wis so re

. . 5 6 5 3 2 5 3 5 3 2 1

Witing ke la pa tan sah nga we a we

. 2 3 1 2 3 1 2 3 1 2
Pra yo ga ne be cik ba li wa e

5 6 . 6 5 6 1' 2' 3' 1' 5 5 5 5
De ne se suk e suk tu man dang nyambut ga we

Wangsulana pitakon ngisor iki!

1. Apa irah-irahane tembang lelagon kreasi ing dhuwur?
2. Tembang kasebut anggitane sapa?
3. Apa temane tembang kasebut?
4. Tembang ing dhuwur nyritakake bab apa?
5. Apa isine tembang kasebut!
6. Apa paedahe nindakake pariwisata?

Tindakna pakaryan iki bebarengan karo kancamu!

1. Kanthi bimbingan gurumu, wacanen titi larase tembang kreasi "Prau Layar" ing dhuwur kanthi trep!
2. Sawise wasis maca titi larase, sabanjure tembangna cakepane salaras karo titi larase!

Tugas 1: Struktur Teks Tembang Kreasi Anyar

Ora ana struktur gumathok kang dadi pathokane tembang kreasi. Teks tembang kreasi anyar strukture bebas, nanging amarga wujude tembang nduweni *titi laras* lan *cakepan*.

1) Titi Laras

Titi laras yen ana ing istilah seni musik saemper karo *tangga nada*. Asale saka tembung *titi* kang ateges angka, tulis, notasi, utawa lambang lan *laras* tegese susunan nada. Dadi titi laras iku notasi tulis, huruf, angka utawa lambang kang nuduhake laras tartamtu.

Titi laras, utawa cukup diucapake laras, kaperang dadi loro, yaiku:

a) Laras slendro

"Slendro" iku salah sijine laras ing gamelan. Saliyane slendro, ana uga pelog. Ana 5 swara, dumadi saka swara 1 2 3 5 6 (diwaca : ji ro lu ma nem). Laras slendro ora ana swara 4 (papat) karo 7 (pitu).

b) Laras pelog

Beda karo laras slendro kang mung dumadi saka 5 swara, laras pelog nduweni 7 swara. Dumadi saka 1 2 3 4 5 6 7 (diwaca ji ro lu pat ma nem pi).

2) Cakepan yaiku naskah, teks, utawa syaire tembang kreasi. Cakepan tembang iki sejatine ora beda karo wangun geguritan kang banjur dilagokake.

Saliyane titi laras lan cakepan, struktur teks tembang kreasi kang awujud langgam (campursari) ora bisa dipisahake karo struktur lagu populer liyane. Ing kono tinemu bagean-bagean, kaya ta intro, *verse* (pada), *chorus* (*reffain*), lan *ending*. Perangan-perangan iki ora kudu ana ing tembang dolanan.

Intro, yaiku laras wiwitan kang murwakani sawijining tembang. Perangan iki nduweni fungsi kanggo menehi kalodhangan wiraswara (penyanyi) kanggo nyiapake dhiri sadurunge tembang dilagokake. Intro biasane awujud instrumen musik tanpa cakepan.

Verse yaiku perangan pada pambuka. Ana kalane uga diarani pada basa-basi amarga ora nduweni isi kang wigati. Nanging perangan iki penting, jalaran kanggo mlebu marang isine tembang. Tembang sing apik nduweni perangan *verse* sing kuwat tumrap melodi lan harmoni, ora kalah karo perangan *reffain*.

Chorus (reffain) iku perangan kang dadi intine tembang. Ing perangan iki pangripta medharake pesan moral tumrap pamiarsane, mula perangan iki biasane dibolan-baleni. Perangan *chorus* iki minangka roh utawa klimaks-sawijine tembang kreasi.

Ending, utawa diarani pada panutup iki perangan cakepan tembang kang kanggo mungkasi sawijine tembang supaya krasa nges, ora mandheg ndadak. Wujude bisa perangan *reffrain* kang dibolan-baleni, bisa uga pungkasaning lagu kang dibolan-baleni, utawa instrumen khusus kang sengaja digawe kanggo mungkasi lagu.

Pepeling

Ora kabeh tembang kreasi dumadi saka : *intro, verse (pada), chorus (reffain), lan ending*. Akeh cakepan langgam utawa tembang dolanan kang kabeh perangane dipentingake. Dadi angel dibedakake endi perangan *verse, reffain* lan *endhing.*

Tugas 2: Nintingi Unsur Basa Teks Tembang Kreasi

Gatekna cakepan tembang iki !

ANOMAN OBONG

- Cip: Ranto Edi Gudel

Ceritane... Wayang Jawi... ing Praja Ngalengka Diraja...
Rahwana Raja arane... gawe geger nyolong Shinta...
Anoman cancut tumandhang... Ngalengka wis dadi awu...
kobong... kobong... kobong gedhe,,, jeroning praja..

Ceritane Wayang Ramayana
Ing negara Ngalengka Diraja
Ratu buta Rahwana Raja
Gawe geger nyolong Dewi Shinta

Anoman Si Kethek Putih
Sowan taman Sinta dijak mulih
Konangan Indrajit lan patih
Ning Anoman ora wedi getih

eh lhadalah, Ngalengka diobong (diobong-diobong)
Togog Bilung wa a o padha pating domblong
Omah gedhe padha dadi areng
Dasamuka dadi gereng-gereng

iya wae yaiya iya wae... 4x

Cakepan tembang kreasi ing dhuwur migunakake pilihan tembung kang mirunggan, runtut swara, sastra, lan basane, saengga krasa enak lan kepenak yen dirungu. Pangrakite tetembungan kang kaya mangkono diarani basa rinengga kang awujud purwakanthi.

Purwakanthi istilah linguistike aran **aliterasi** iku unen-unen utawa ukara kang runtut swara, sastra, utawa basane. Purwakanthi kang runtut swarane diarani purwakanthi guru swara, yen runtut sastrane diarani purwakanthi guru sastra, dene yen runtut basane diarani purwakanthi guru basa utawa lumaksita. Dadi purwakanthi bisa digolongake dadi telu, yakuwi purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra lan purwakanthi lumaksita.

Cakepan tembang ing dhuwur cetha migunakake purwakanthi guru swara (*asonansi*). Bisa dideleng saka runtute swara –/e/ ing gatra 1 lan 2, banjur swara /an-an/ ing gatra 3 nganti 5, lan swara /a/ ing gatra 6 lan 7, lan sateruse ana pungkasane swara kang endah dirungu. Tuladha liyane purwakanthi guru swara kaya ing ngisor iki:

1. Aja dumeh menang, banjur tumindak sawenang-wenang.
2. Ana awan, ana pangan
3. Ana dina, ana upa

4. Ati karep, bandha cupet
5. Bareng wis makmur, lali marang sedulur
6. Becik ketitik, ala ketara
7. Tiwas sayah, ora paedah

Beda maneh karo cakepan tembang dolanan sing siji iki :

GOTRI

Gotri ala gotri nagasari – ri
Riwul awal-awul jenang grendul –dul
Dolan awan-awan ndelok manten – ten
Titenana mbesuk gedhe dadi apa – pa
Podheng mbako enak mbako sedheng – dheng
Dhengklek eklak-eklek dadi kethek.

Ana ing cakepan tembang dolanan ing dhuwur purwakanthi guru basane cetha banget. Wanda pungkasan ri dienggo ing tembung riwul, wanda pungkasan dul diambali maneh ing tembung dulan, lan sapanunggalane. Tuladha purwakanthi guru basa utawa purwakanthi lumaksita liyane kaya ing ngisor iki :

1. Asung bekti, bektine kawula marang Gusti
2. Bayem arda, ardane ngrasuk busana
3. Lungguh dhingklik, dhingklike wong cilik-cilik
4. Nandang lara, laraning wong lara lapa
5. Pandhu suta, suta madyaning Pandhawa
6. Raja putra, putra daleme Ngastina

Purwakanthi guru sastra (*aliterasi*) iku tetembungan kang runtut sastrane. Sastra tegese tulis. Ing babagan purwakanthi iki dilambangake karo konsonan. Dadi purwakanthi guru sastra titikane runtut susunan konsonane ing tetembungan utawa ukara sing digunakake. Tuladhane kaya ing ngisor iki:

1. Tata titi titig tatag, tanggung tertib
2. Taberi nastiti lan ngati-ati, mesthi bakal dadi
3. Wong jejodhoan kudu ngelingi : babat, bibit, bobot, bebet
4. Ruruh, rereh, ririh ing wewarihipun, mrih reseping para miyarsi
5. Tarti tata-tata, ate metu turut ratan, diutus tuku tahu tempe dhuwite kertas telung atus
6. Tindak-tanduk lan tutur kang kalantur, tamtu katula-tula katali, bakal kacatur, katutuh, kapatuh, pan dadi awon.

Kanggo latihan, coba tetembungan ing ngisor iki aranana kalebu purwakanthi apa?

1. Sluman slumun slamet, salamun nyemplung kali plung, slulup slelep-slelep oleh slepi isi klobot, njumbul bul klambine teles bles.
2. Saking tresna, tresnane mung samudana.
3. Ireng-ireng ketok untune, bareng seneng ketok guyune.
4. Ora cepet, ora ngliwet.
5. Thenguk-thenguk, nemu kethuk.
6. Kala kula kelas kalih, kula kilak kalo kalih kuli-kuli kula, kalo kula keli, kali kilen kula, kalo kula kampul-kampul, kula kelap-kelip kala-kala keling-keling.
7. Urip iki ora angel, angele sok ginawe dhewe, dheweke tan ngrasa bisa, bisane mung nyadhong dhawuh, dhawuhe Sang Bupati, tibane mung guyonan.

a. Unggah-Ungguh Basa

1. Basa Ngoko Alus

Basa ngoko alus uga diarani basa ngoko andhap. Basa iki sanajan ngoko nanging hurmat marang wong sing digunem utawa sing diajak guneman.

a) Ciri-cirine basa ngoko alus kaya ing ngisor iki :

1) Tetembungane ngoko kacampuran krama inggil tumrape wong kang diajak guneman (*Orang kedua*) lan wong kang digunem (*Orang ketiga*) saperlu kanggo ngajeni/ngurmati. Kosok baline tumrap awake dhewe nganggo tembung ngoko utawa tembung krama andhap. Dene kang digawe krama, yaiku:

(a) Tembung sesulih purusa (*kata ganti orang*) panjenengan (tumrap wong kang luwih tuwa), sliramu (tumrap wong kang luwih enom), panjenengane utawa slirane.

(b) Tembung kriya (*kata kerja*)

Tembung kriya kang digawe krama inggil iku tembung kriya tumrape wong kang diajak guneman (*orang kedua*) lan wong kang digunem (*orang ketiga*). Tembung kriya tumrape wong kang guneman (*orang pertama*) cukup nganggo tembung ngoko utawa tembung krama andhap.

(c) Ater-ater lan panambang tumrap tembung krama inggil utawa krama andhap tetep ngoko.

b) Basa ngoko alus/andhap digunakake kanggo omong-omongan/guneman:

1) Wong tuwa marang wong enom kang perlu diajeni.

Tuladha: Nak Eko, sliramu kondur saka kantor jam pira?

2) Wong enom marang wong luwih tuwa umure, amarga kudu ngajeni.
   Tuladha: Mbakyu, matur nuwun wis maringi jambu aku.
3) Ngajeni marang wong sing digunem (*orang ketiga*)
   Tuladha: Min, bu guru mau ndhawuhi nggarap tugas ing kaca pira?

Katrangan:
Kanggo luwih mangerteni kepriye bedane antarane basa ngoko lugu lan ngoko alus, coba gatekna tuladha ing ngisor iki!
(1) Ri, kowe duwe kamus basa Jawa apa ora?
(2) Bapak wis kondur saka kantor.

Ukara (1) kabeh tetembungane ngoko (yaiku tembung kowe, duwe, kamus, basa, Jawa, lan ora). Ukara (1) mau diarani ukara kang nggunakake basa ngoko (ngoko lugu).
Ukara (2) iku tetembungane ngoko (yaiku wis, saka, lan kantor), nanging kacampuran tembung krama inggil, yaiku tembung kondur. Tembung kondur iku basa ngokone bali/mulih. Tembung bali/mulih ora digunakake ing ukara iku amarga kanggo ngajeni wong sing digunem (*orang ketiga*), yaiku bapak. Yen tembung kondur kaganti nganggo tembung bali/mulih, kurang trep karo undha-usuk utawa unggah-ungguh basa.

Gatekna ukara-ukara ing ngisor iki!
a. Mbakyu, kowe mau mara dhewe apa sakulawarga?
b. Aku diwenehi dhuwit dening Pakdhe.
c. Dhik Joko, kowe saiki mulang ana ngendi?

Ukara a, b, lan c iku tetembungane nggunakake basa ngoko kabeh. Mula, ukara-ukara iku mau diarani ukara kang nggunakake basa ngoko lugu. Ananging ukara mau kurang trep amarga ora manut unggah-ungguh (kaya katrangan sing wis dijelaske ing dhuwur). Mula, ukara-ukara mau prayogane digawe ngoko alus.
a. Mbakyu, panjenengan mau tindak dhewe apa sakulawarga?
b. Aku diparingi dhuwit dening Pakdhe.
c. Dhik Joko, panjenengan saiki ngasta ana ngendi?

Kanggo njajagi pamahamanmu, ukara-ukara ing ngisor iki owahana dadi basa ngoko alus!

1. Simbah lagi adus nganggo banyu anget amarga lagi lara.
2. Mas, apa kowe ora sida lunga saiki?

3. Sus, kowe mau kok disrengeni Pak Guru mergane apa?
4. Aku uwis ngombe jamu. Ibu durung sida ngombe jamu amarga durung mangan.
5. Bapak anggone tangi kepadhangen amarga mau bengi nonton wayang

2. Basa Krama alus

Basa krama alus iku basa kang ngajeni banget. Kadhang ana sing ngarani basa krama inggil. Kamangka istilah kasebut sejatine keliru. Krama inggil iku sing ana mung tumrap tembung, yaiku tembung krama inggil. Tembung krama inggil iku tembung kang digunakake kanggo nginggilake utawa ngajeni wong sing diajak guneman, utawa wong sing digunem. Kosok baline tembung krama andhap, yaiku tembung kang digunakake kanggo ngandhapake awake dhewe.

Wujude krama alus dumadi saka tembung-tembung krama kacampuran tembung krama inggil utawa tembung krama andhap, basane luwih alus lan ngajeni banget. Kaya dene basa ngoko andhap, sing nganggo tembung krama inggil yaiku tembung sesulih purusa, tembung kriya (panindake) lan barang kaluwihane. Yen tumrap awake dhewe ora kena nganggo tembung krama inggil (ora kena ngramakake awake dhewe), kepara yen ana kudu nganggo tembung krama andhap. Tembung krama inggil sing digunakake iku tujuane kanggo ngurmati wong sing diajak guneman. Kosok baline tembung krama andhap iku kanggo ngandhapake awake dhewe.

Basa krama alus bisa digunakake kanggo guneman marang sapa wae sing pancen kudu dihurmati. Tuladha:

a. Manawi Ibu badhe dhahar, mangga kula ladosi!
b. Bapak badhe tindak dhateng Jakarta.
c. Punapa Rini sampun panjenengan pundhutaken obat?

Ukara ing ngisor iki owahana dadi basa krama alus!

1. Pak Guru tindak menyang Surabaya amarga arep penataran.
2. Aku ora ngerti apa sing dingendikakake Pak Junaedi.
3. Saben dina pak Agus nitih motor bareng karo garwane.
4. Pak Warsito nate ngendika manawa panjenengane ora bakal kondur yen durung rampung pakaryane.
5. Panjenengan mau diutus apa karo Pakdhe?

Pepeling

Tumprape wong Jawa duwe pakulinan menawa ngajak utawa diajak guneman, awake dhewe diasorak, dene sing diajak guneman luwih diajeni. Aja pisan-pisan ngramakake awake dhewe. Bab kang kaya mangkono iku kudu digatekake awit menawa ana wong sing krungu lan ngerti marang unggah-ungguh basa, bisa-bisa awake dhewe diarani ora ngerti tata krama utawa ora ngerti unggah-ungguh.

Basa Salah	Basa Bener
Kula sampun dhahar.	Kula sampun nedha.
Aku tindak dhisik, ya.	Aku lunga dhisik, ya.
Kula sampun siram.	Kula sampun adus.
Saenipun bapak wangsul kemawon	Saenipun bapak kondur kemawon.

Basa ngoko alus lan basa krama alus iku basa sing universal. bisa digunakake guneman dening sapa bae lan marang sapa bae, amarga wis samesthine marang sapepadhane iku tansah ajen-ingajenan.

Tugas 3: Nintingi Pesan Moral Tembang Kreasi

Gatekna cakepan tembang ing ngisor iki :

LUMBUNG DESA

Lumbung desa pra tani padha makarya –ayo dhi
Njupuk pari nata lesung nyandhak alu – ayo yu
Padha nutu yen wis rampung nuli adang – ayo kang
Dha tumandang yen wus mateng nuli madhang

Cakepan tembang dolanan ing dhuwur migunakake ukara prasaja, nanging ngandhut piwulang kang mentes. Ing antarane ngajari supaya wong urip iku kudu sregep makarya (nyambut gawe). Mesthine kanggo nyukupi kebutuhan kulawarga lan bebrayan. Kudu guyup, rukun, lan gotong royong kang pancen dadi ciri lan pakulinan tumrap masyarakat lan bebrayan Jawa.

Isih akeh pitutur luhur kang bisa didhudhah saka tembang dolanan lan tembang kreasi liyane. Saben cakepan bisa dionceki mungguh tuladha pakarti lan pitutur kang migunani tumrap panguripan. Ora mung budi pakarti, nanging uga ilmu pengetahuan werna-werna kang disajekake kanthi entheng lan nyenengake. Cocog karo jenenge tembang dolanan, isine bisa kanggo suka parisuka.

Kegiatan 2 Nembang Lelagon Kreasi Bebarengan

Tugas 1: Nembang lelagon kreasi

Kanthi bimbingan guru, coba lagokna langgam "Mbok Ya Mesem" anggitane Ki Narto Sabdo ing ngisor iki! Carane gatekna pituduh iki:

- Nggawea klompok, saben klompok dumadi saka 5 nganti 6 anggotane.
- Temtokna sapa sing dadi ketua klompoke.
- Tugase ketua klompok, mimpin anggota klompok anggone ngayahi kewajibane kanthi **jujur, tanggung Jawab,** lan **santun**.
- Tugase klompok, gladhen tetembangan wiwit maca titi laras nganti cakepan kang wis sumadiya.
- Sakwise wasis banjur tembangna bebarengan, saperangan maca titi laras, saperangan maneh maca cakepane kanthi bebarengan.
- Asile gladhen direkam wujud audiovisual minangka portofolio.

MBOK YA MESEM Laras Slendro 9

|| 1′ 1′ 1‵ 1′ 2′ 5 1′ | 2′ 3′ 1′ 6 5 6 1′ |
E e e mbok ya me-sem mre-ngut pe- dah-e a-pa
1′ 1′ 1′ 1′ 2′ 5 1′ | 2′ 3′ 1′ 5 6 1′ 2′ |
E e e mbok ya nggu yu susah pe dah e a pa
. 3′ 1′ . 6 5 5 | . 3 5 3 2 3 1 |
Pan ja- luk ku dhik te tep a ing jan ji
. 6 1′ . 6 5| . 3 5 3 2 3 1 |
A ja e wa a ja tan sah cu-wa
. 1 6 1 2 3 1 3 |3 . 1 3 5 5 |
Na dyan a ku u ga tan se- lak ing jan ji
1′ . 1′ 2′ 5 | . 3 5 3 2 3 1 |
E me sem a tan sah tak en ten i
3 3 3 3 3 6 | 1′ 1′ 1′ 1′ 2′ 5 |
Yo ba reng a ngu di lu hur ing ka gu-nan
3 3 5 3 3 5| . 3 2 1 2 3 1 ||
Wa ton e tu me men mes thi ka sem- ba- dan

Tugas 2: Nembang Lelagon Kreasi Liyane

Sakwise bisa nembangake langgam ing dhuwur, saiki terusna kanthi nembangake cakepan tembang dolanan lan tembang kreasi ing ngisor iki!

1. **GETHUK**

Sore-sore padhang bulan
Ayo kanca padha dolanan
Rene-rene bebarengan
Rame-rame, e dha gegojegan

Kae-kae rembulane
Yen disawang kok ngawe-awe
Kaya-kaya ngelingake
Kanca-kanca ja turu sore-sore

Reff: Gethuk asale saka tela
Mata ngantuk iku tambane apa
Gethuk asale saka tela
Yen ra mathuk atine rada gela
Ja ngono mas aja-aja ngono
Kadung janji mas aku mengko gela

2. **PARIWISATA**

Anjajah desa milang kori
Kalamangsane pariwisata
Wruh endahe alam nuswantara
Keh kang adiluhung
Alas lan gunung-gunung

3. **GUGUR GUNUNG**

Ayo kanca ayo kanca ngayahi karyaning praja
Kono-kene kono-kene gugur gunung tandang gawe
Sayuk sayuk rukun bebarengan ro kancane
Lila lan legawa kanggo mulyaning negara
Siji loro telu papat, maju papat-papat
Diulang-ulungake mesthine enggal rampunge
Holopis kuntul baris holopis kuntul baris
Holopis kuntul baris holopis kuntul baris

Tugas 3: Nintingi Unsur Basa Lelagon Kreasi

Golekana tuladha purwakanthi kang ana ing tembang dolanan ing dhuwur!

Purwakanthi Guru Swara	....
Purwakanthi Guru Sastra	....
Purwakanthi Lumaksita	....

Kegiatan 3 Mangun Teks kanthi Mandhiri

Tugas 1: Nggolek Teks Tembang Kreasi

1. Goleka tuladha tembang dolanan 2 bae, banjur salinen!
2. Goleka tuladha tembang campursari 2 bae, banjur salinen!
3. Jelasna pesan moral / pitutur kang ana ing tembang anggonmu golek tuladha mau!

Tugas 2: Nembangake Tembang Kreasi

Tembangna salah siji cakepan tembang sing wis koksalin!

Uji Kompetensi Wulangan 4

I. Pilihen wangsulan kang bener kanthi nyontreng abjad jawabane!

YEN ING TAWANG ANA LINTANG

(Pangripta: Anjar Any)

Yen ing tawang ana lintang, cah ayu
Aku ngenteni tekamu
Marang mega ing angkasa, nimas
Sun takokne pawartamu

Janji-janji aku eling, cah ayu
Sumedhot rasane ati
Lintang-lintang ngiwi-ngiwi, nimas
Tresnaku sundhul wiyati

Reff: Dhek semana janjimu disekseni
Mega kartika kairing rasa tresna asih

Yen ing tawang ana lintang cah ayu
Rungokna tangising ati
Binarung swarane ratri, nimas
Ngenteni mbulan ndhadhari

1. Cakepan tembang kreasi ing dhuwur awujud ....
   a. tembang dolanan
   b. langgam
   c. tembang macapat
   d. panembrama
2. Tembang ing dhuwur diripta dening ....
   a. Anjar Any
   b. Ki Narto Sabdo
   c. Didi Kempot
   d. Manthous

3. Tembang ing dhuwur migunakake purwakanthi guru swara. Perangan kang nuduhake purwakanthi guru swara, yaiku ....
   a. Yen ing tawang ana lintang
   b. Janji-janji aku eling, cah ayu
   c. Dhek semana janjimu disekseni
   d. Rungokna tangising ati
4. Temane cakepan tembang ing dhuwur yaiku ....
   a. pendhidhikan
   b. kaendahan
   c. perjuwangan
   d. katresnan
5. Dhek semana janjimu disekseni
   Mega kartika kairing rasa tresna asih
   Tembung 'kartika' ing pethikan cakepan dhuwur tegese ....
   a. rembulan
   b. lintang
   c. awang-awang
   d. panggonan
6. Purwakanthi, miturut wujude dibedakake dadi 3. Pamilahe kaya ing ngisor iki, *kajaba* ....
   a. purwakanthi guru lagu
   b. purwakanthi guru swara
   c. purwakanthi guru sastra
   d. purwakanthi lumaksita
7. Bu guru : Sapa jenengmu ?
   Murid : ....
   Ukara sing bener kanggo mangsuli pitakone Bu Guru yaiku ....
   a. Nami kula Budi Santosa
   b. Jenengku Budi Santosa
   c. Asma kula Budi Santosa
   d. Jeneng kula Budi Santosa
8. Aku dikongkon Mas Bayu tuku kacang karo roti mari.
   Ukara basa ngoko lugu kasebut yen diowahi dadi basa krama alus :
   a. Kula dikengken Mas Bayu tumbas kacang kaliyan roti.
   b. Kula dipunutus mas Bayu tumbas kacang kaliyan roti.
   c. Kula diutus mas Bayu mundhut kacang kaliyan roti.
   d. Kula lan mas Bayu dipunutus mundhutaken roti.
9. Dhik Widhi dipun timbali Bapak badhe dipunutus ngaturaken serat dhateng Pak Winardi.
   Ukara ing dhuwur yen diowahi dadi basa ngoko alus:
   a. Dhik Widhi diceluk Bapak arep dikongkon ngeterake surat marang Pak Winardi

b. Dhik Widhi dipun celuk Bapak badhe dipun kengken ngeteraken serat dhumateng Pak Winardi.
c. Dhik Widhi ditimbali Bapak arep diutus ngeterake layang marang Pak Winardi
d. Dhik Widhi dipuntimbali Bapak badhe dipunutus ngeteraken serat dhumateng Pak Winardi.

10. Timun monte – tela landa – ndemok asu – sugih utang – tanggal siji – jimantolo – lan sateruse. Rakitaning tetembungan kaya kasebut diarani ....
    a. purwakanthi guru swara
    b. purwakanthi guru sastra
    c. purwakanthi guru lagu
    d. purwakanthi lumaksita

II. Pakaryan ing ngisor iki tindakna miturut prentahe!

SEPURAN
Sinten nunggang sepur bayare setali
Wong niki sepur dhur terus teng Kedhiri
Sapa trima nggonceng konangan kondhektur
Sampeyan didhendha napa boten kojur

1. Jelasna pitutur luhur kang kinandhut ing tembang kasebut!
2. Purwakanthi apa bae kang tinemu ing cakepan tembang kasebut?
3. Tembang ing dhuwur dumadi saka pirang gatra?
4. Miturut cakepan ing dhuwur, yen nunggang sepur kudu kepriye?
5. Bu Guru : Ing semester iki kowe melu ekstra apa:
   Wangsulane murit sing bener yaiku:
   Murid : ....

Gladhen Ulangan Akhir Semester Ganjil

Wacanen kanthi premati!

PESISIR PUL0 MERAH, PRIMADHONA WISATA ANYAR ING BANYUWANGI

Pesisir Pulo Merah, mujudake objek wisata anyar katon ing Kabupaten Banyuwangi. Objek wisata iki pernahe manggon ing Kecamatan Pasanggaran. Diarani pesisir Pulo Merah amarga pesisir iki ngayunake pulo cilik kang tekstur lemahe werna abang ngelam-elami kang manggon ing lambene pesisir pulo mau. Pulo mau bisa ditekani kanthi mlaku dharat nalika segarane lagi surut. Ing pulo mau uga ana bangunan pura kang digunakake para sedulur panggilut agama Hindu kanggo nindakake upacara makiyis.

Nalika tahu 1990 kawasan Pulo Merah nate rusak banget diterjang Tsunami. Lagi nalika jaman pamarintahan Kabupaten Banyuwangi diasta Bapak Abdullah Azwar Anas Pulo Merah entuk kawigaten kang mirunggan. Pesisire kang endah ngelam-elami ati narik kawigatene Bapak Bupati kanggo dikembangake dadi objek wisata andhalan. Akses dalan tumuju pesisir mau didandani. Sing maune mung wujud dalan makadam kang ciut, dijembarake lan diaspal alus. Pantaine uga dijaga supaya tetep resik, ditata apik, lan dijangkepi sarana-prasaranane.

Dhek akhir taun 2012 kepungkur, Pemkab. Banyuwangi wus ngenalake pesisir Pulo Merah marang wisatawan internasional lumantar nggelar ajang lomba balap sepedhah ”Banyuwangi Tour de Ijen”. Iya wiwit prastawa iku banjur kawasan pesisir Pulo Merah dikenal ora mung wisatawan nuswantara, nanging nganti tekan manca negara. Ora kleru yen banjur Pesisir Pulo Merah dadi primadhona wisata anyar.

Kanthi dibukake objek wisata anyar Pesisir Pulo Merah ndayani gumregahe panguripan masyarakat ing sakiwa-tengene pesisir. Akeh warga masyarakat kang banjur bukak usaha, kayata warung mangan, maneka-warna olahan asil segara, jajanan khas pesisir, asil kerajinan lan cendera mata, panginapan, nganti tekan panggonan parkir. Ateges kanthi ora langsung kabukak lapangan kerja anyar. Masyarakat melu mundhak ekonomi panguripane. Asile olah tetanen, asile nelayan, lan asile para pangrajin bisa payu, lan kabeh masyarakat melu ngrasakake manfaat tumrap objek wisata anyar Pesisir Pulo Merah.

I. Pilihen salah siji wangsulan kang bener menehi tandha ping (x) ing sangarepe jawaban!

1. Objek wisata Pesisir Pulo Merang manggon ing dhaerah ....
   a. Kecamatan Pesanggaran Banyuwangi

b. Kecamatan Grajagan Banyuwangi
c. Kecamatan Banyuglugur Situbondo
d. Kecamatan Puger Jember

2. Diarani Pulo Merah amarga ....
   a. Tekstur lemahe werna abang
   b. Tanduran sing urip ing pulo mau godhonge werna abang
   c. Banyu segara ing sakiwa tengene pulo wernane abang
   d. Digunakake kanggo upacara makiyis dening panganut Hindu
3. Pada ka-1 ing wacan dhuwur miturut struktur teks dheskriptif diarani perangan....
   a. klasifikasi
   b. dhefinisi
   c. dheskripsi bagian
   d. simpulan
4. Dene perangan dheskripsi bagian ing wacan dhuwur dituduhake pada ....
   a. kapisan
   b. kapindho
   c. katelu
   d. kapapat
5. Objek wisata Pesisir Pulo Merah wiwit kawentar sawise dikenalake lumantar ajang lomba balap sepedhah "Banyuwangi Tour de Ijen". Kegiatan mau dianakake tahun ....
   a. 1990
   b. 2010
   c. 2012
   d. 2014
6. Pembangunan objek wisata Pulo Merah ditindakake nalika pemerintahan ....
   a. Bupati Azwar Anas
   b. Ratna Ani Lestari
   c. Samsul Hadi
   d. HT Purnomo Sidik
7. Ing ngisor iki efek positif dibukake objek wisata Pulo Merah tumrap masyarakat sakiwa tengene, *kajaba* ....
   a. Masyarakat bisa mbukak warung ing sakiwa tengene objek wisata.
   b. Masyarakat bisa masarake asil kerajinane kanggo *souvenir* para wisatawan.
   c. Masyarakat bisa mbangun omahe saka asil ngedol pekarangane marang investor asing
   d. Masyarakat pangasilan saben dinane bisa mundhak, lan luwih sejahtera.

Wacanen kanthi permati!

Mendhung Ing Ayodya

”…Rikala Dewi Kekayi dipunpundhut garwa dening Prabu Dasarata, Dewi Kekayi duwe panjaluk menawa mbesuk kudu putrane sing dadi ratu ana ing Ayodya. Nalika Barata wis diwasa, Dewi Kekayi nagih janji. Rama putra Prabu Dasarata sing mbarep katundhung lunga saka Ayodya lan nindakake urip ing alas.

Langit ing kraton Ayodya pindha katutup mendhung, Dewi Sukasalya ibune Rama sanadyan sungkawa, ana uga rasa mongkog ing batin, dene kang putra Rama Wijaya netepi darmaning satriya, nglilakake dhampar keprabon kanthi legawaning ati, minangka tandha bektine marang kang rama. Mangkono uga Laksmana putrane Dewi Sumitrawati, kang setya marang Raden Rama Wijaya minangka sedulur sepuh….”

8. Garwane Prabu Dasarata sing paling tuwa paring asma ….
   a. Dewi Kekayi
   b. Dewi Sukasalya
   c. Dewi Sumitrawati
   d. Dewi Sinta
9. Ibune Barata asmane ....
   a. Dewi Kekayi
   b. Dewi Sukasalya
   c. Dewi Sumitrawati
   d. Dewi Sinta
10. Ibune Laksmana asmane ....
   a. Dewi Kekayi
   b. Dewi Sukasalya
   c. Dewi Sumitrawati
   d. Dewi Sinta
11. Sing dadi ratu ing Ayodya Barata dudu Rama, amarga ….
   a. Barata minangka putrane Prabu Dasarata sing paling tuwa.
   b. Ramawijaya minangka putra sing pambarep kudu dibuwang urip ing tengah alas.
   c. Prabu Dasarata ditagih janji Dewi Kekayi sadurunge dipundhut garwa manawa putra keturunane sing bakal dadi ratu ing Ayodya.
   d. Ramawijaya wus nindakake kesalahan, saengga kudu diukum buwang urip ing tengah alas.

12. Dewi Sukasalya ibune Rama mongkog batine, amarga ....
    a. Rama Wijaya kudu urip ing tengah alas
    b. Rawa Wijaya didherekake keng rayi Leksmana
    c. Rama Wijaya kanthi lila legawa masrahake dhampar keprabon minangka bukti bektine marang ingkang rama.
    d. Barata kasil ngusir Rama Wijaya saka kraton lan urip ing tengah alas.
13. Basa ngoko kang kacampuran tembung krama inggil utawa tembung krama andhap diarani ....
    a. basa ngoko lugu
    b. basa ngoko alus
    c. basa krama lugu
    d. basa krama alus
14. Bu Guru : Lho Ran, Bapakmu ki nyambut gawe apa ta?
    Rani : ....
    Jawaban sing trep tumrap Rani miturut unggah-ungguhe yaiku....
    a. Bapakku nyambut gawe ing kejaksaan
    b. Bapakku kerja neng kejaksaan
    c. Bapak kula ngasta wonten kejaksaan
    d. Bapakku ora nyambut gawe
15. ”Mbak Risti, aku mau dikongkon Ibu menehne layang iki marang bu Minah,” critane Lindha marang Risti, mbakyune. Ucapane Lindha marang mbakyune mau kurang pas, amarga nganggo basa ngoko lugu. Mesthine kudu nganggo basa ngoko andhap/alus. Basa ngoko aluse dadi ....
    a. Mbak Risti, kula wau dipun kengken Ibu nyukakaken layang niki dhateng bu Minah.
    b. Mbak Risti, kula kalawau dipunutus Ibu ngaturaken serat niki dhateng bu Minah.
    c. Mbak Risti, aku mau diutus Ibu ngaturake layang iki marang Bu Minah.
    d. Mbak Risti,layang iki wenehna bu Minah.
16. Pak Warsito nate ngendika manawa panjenengane ora bakal kondur yen durung rampung pakaryane. Yen diowahi dadi basa krama alus ....
    a. Pak Warsito natos ngendika manawi panjenenganipun boten badhe kondur manawi dereng rampung padamelanipun.
    b. Pak Warsito natos sanjang manawi piyambakipun boten badhe wangsul manawi dereng rampung padamelanipun.
    c. Pak Warsito natos ngendika manawi piyambake boten badhe wangsul manawi dereng rampung padamelanipun.
    d. Pak Warsito nate ngendika manawi panjenengan dalem boten badhe kundur manawi dereng rampung padamelanipun.

17. Wiwitan tembang kreasi kang awujud instrumen musik tanpa cakepan diarani ....
    a. intro
    b. verse
    c. reffain
    d. ending
18. Intine tembang kang lumrahe anggone nembangake dibolan-baleni lan dadi sarana medharake pesan moral diarani ....
    a. intro
    b. verse
    c. reffain
    d. ending
19. Rakitan tetembungan kang runtut swarane diarani ....
    a. purwakanthi guru swara
    b. purwakanthi guru sastra
    c. purwakanthi guru lagu
    d. purwakanthi lumaksita
20. Rakitane tetembungan kang runtut sastrane diarani ....
    a. purwakanthi guru swara
    b. purwakanthi guru sastra
    c. purwakanthi guru lagu
    d. purwakanthi lumaksita
21. Rakitane tetembungan kang runtut basa / tembunge diarani ....
    a. purwakanthi guru swara
    b. purwakanthi guru sastra
    c. purwakanthi guru lagu
    d. purwakanthi lumaksita
22. Ing ngisor iki tuladha purwakanthi guru swara, yaiku ....
    a. Ireng-ireng ketok untune, bareng seneng ketok guyune
    b. Lungguh dhingklik, dhingklike wong cilik-cilik
    c. Kala kula kelas kalih, kalung kula kolang-kaling keli ing kalen kilen kula
    d. Pak Karta tuku kertu dhuwite kertas, nunggang kreta pating kertep liwat Kreteg Kertasana
23. Timun – munte – tela – landa – ndemok asu – sugih utang – tanggal siji – jimantolo – lopas lapis – pista raja – jaka bagus – gusti kula – lombok abang – bangku dhuwur – wura-wari – rina wengi – ngilo kaca – cara landa.
    Tetembungan kasebut diarani ....
    a. purwakanthi guru swara
    b. purwakanthi guru sastra
    c. purwakanthi guru lagu
    d. purwakanthi lumaksita

Kanggo nggarap soal no. 24 – 25, gatekna cakepan tembang dolanan ing ngisor iki!

PADHA NYAWIJI

Ayo padha nyawiji
Tuwa mudha jaler estri
Sayuk eka kapti
Bareng dha tumandang nyukupi
Sandhang pangan kita sami
Nanging aja ana kang korupsi
Yen padha korupsi
Negarane rugi kang sayekti

24. Pitutur luhur kang kinandhut ing cakepan tembang dolanan ing dhuwur kaya ing ngisor iki, *kajaba*....
    a. Tuntunan supaya tansah njaga kerukunan lan *persatuan*.
    b. Tuntunan supaya padha gotong royong nyambut gawe bebarengan
    c. Tuntunan supaya padha korupsi
    d. Yen padha korupsi sayekti negarane bakal nandhang rugi.
25. Cakepan tembang ing dhuwur nggunakake basa rinengga ....
    a. purwakanthi guru swara
    b. purwakanthi guru sastra
    c. purwakanthi lumaksita
    d. purwakanthi carita
26. *"Layon*e prajurit wor suh lan *kunarpa*ne para pangeran lan raja *w*adyabala Kurawa lan Pandhawa".
    Tembung layon lan kunarpa tegese padha karo mayit. Tembung kang padha tegese kaya tetembungan ing dhuwur diarani ....
    a. tembung saroja
    b. dasanama
    c. tembung entar
    d. tembung garba

Kanggo mangsuli soal no. 27 nganti 30 jingglengana pethikan crita "Srikandhi, Senopatine Pandhawa" ngisor iki!

Perang Baratayuda wis **ngancik** dina kang kaping lima. **Wadyabala** Pandhawa lan Kurawa wis sapirang-pirang kang dadi kurban, klebu Prabu Salya lan Raden Drestajumena. Kanggo nerusake perang, Prabu Duryudana **disengkuyung** para **rayine** kayata Dursasana, Durmagati, Dursilawati lan liya-liyane**,** **misuda** Resi Bisma minangka senopati. Kahanan mau ndadekake **gorehe** para Pandhawa,

amarga saliyane Resi Bisma kuwi sekti mandra guna, uga pepundhene para Pandhawa. Mula saka iku, Pandhawa banjur nyuwun **iguh-pratikel** marang Prabu Kresna kanggo ngadhepi Senopatine Kurawa.

27. Pethikan ing dhuwur ngenalake kahanan wiwitane perang Baratayuda, lan para tokohe. Miturut struktur teks narasi crita pewayangan, perangan kaya pethikan kasebut diarani ....
    a. orientasi
    b. klimaks
    c. komplikasi
    d. reorientasi
28. **Wadyabala** Pandhawa lan Kurawa wis sapirang-pirang kang dadi kurban, klebu Prabu Salya lan Raden Drestajumena.
    Tembung **wadyabala** iku tembung loro kang padha tegese, dianggo bebarengan lan ngemu surasa mbangetake. Tembung kaya ing dhuwur diarani ....
    a. tembung saroja
    b. dasanama
    c. tembung entar
    d. tembung garba
29. Pandhawa banjur nyuwun **iguh-pratikel** marang Prabu Kresna kanggo ngadhepi Senopatine Kurawa.Tembung **iguh-pratikel** ing ukara dhuwur tegese ....
    a. kekuwatan
    b. pamrayoga
    c. keyakinan
    d. pepenginan
30. Kang dijaluki iguh pratikel Pandhawa kanggo ngadhepi senopatine Kurawa yaiku ....
    a. Adipati Karno
    b. Prabu Baladewa
    c. Prabu Kresna
    d. Prabu Salya.

WULANGAN V

LINGKUNGAN

KOMPETENSI DASAR	INDIKATOR
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional	1.1.1 Berdoa sebelum memulai dan sesudah kegiatan belajar bahasa daerah. 1.1.2 Menggunakan bahasa daerah dalam berkomunikasi dengan tata krama
1.2 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana memahami informasi lisan dan tulis.	1.2.1 Menggunakan bahasa daerah sebagai sarana memahami informasi tulis
2.2 Memiliki perilaku percaya diri dan tanggung Jawab dalam membuat tanggapan pribadi atas karya budaya masyarakat daerah yang penuh makna dan tata krama.	2.2.1 Percaya diri dan bertanggungJawab dalam membuat tanggapan pribadi terhadap pesan moral puisi 2.2.2 Santun dalam menyajikan/ mempresen tasikan tanggapan pribadi terhadap pesan moral puisi
3.4 Memahami struktur teks, unsur kebahasaan, dan pesan moral puisi secara lisan dan tulis	3.4.1 Menjelaskan struktur teks puisi 3.4.2 Menjelaskan unsur kebahasaan teks puisi 3.4.3 Menjelaskan pesan moral teks puisi
4.4 Mengapresiasi secara lisan dan tulis.teks puisi	4.4.1 Menulis teks puisi sesuai tema. 4.4.2 Membaca indah teks puisi. 4.4.3 Menanggapi isi teks puisiyang dibaca temannya. 4.4.2 Menceritakan relevansi pesan moral puisidalamkehidupansehari-hari.



Mbabar Wawasan

NRESNANI LINGKUNGAN

Lingkungan alam kang endah lan asri kanugrahaning Gusti Allah. Gusti Allah Kang Maha Agung wis nyiptakake alam saisine kang endah kanggo manungsa. Gunung-gunung kang endah, alas-alas kang rungkud wit-witane, banyu kali kang

bening, asil tetuwuhan kang maneka warna, kabeh mau kanggo kapreluane manungsa. Mulane kita kudu bisa njaga *keseimbangan alam* supaya bisa tetep lestari. Lingkungan alam kang saimbang lan lestari wigati banget tumrap uripe manungsa. Awit manawa manungsa ora njaga kalestarene lingkungan alam, bakal dumadi bencana alam kang bisa gawe kapitunane manungsa dhewe.

Bencana alam, kayata banjir lan lemah longsor, minangka akibat saka karusakan alam kang disebabake saka tangane manungsa kang tamak, ngrusak lan nguras alas kanggo kapreluwane tanpa duga-kira. Alas-alas dijarah, dikethoki wit-witane, dibabat entek kanggo lahan tetanen. Wit-witan ing alas digundhuli diganti *tanaman industri*. Gunung-gunung dikedhuki, dijupuki asil tambange. Iku mau minangka tuladha tumindake manungsa kang ngrusak lingkungan alam.

Kahanan gunung lan alas kang rusak mbebayani banget tumrap keslametane manungsa. Gunung lan alas kang gundhul, ing mangsa udan ora bisa nahan ilining banyu lan bisa mahanani banjir lan lemah longsor. Mulane kita kudu bisa njaga kalestarene alam kang minangka kanugrahaning Gusti Kang Akarya Jagad. Wondene yen kita lali ora gelem njaga kalestarene alam, Gusti Kang Akarya Jagad bakal duka, banjur kadadean prahara kaya kang wis tau kita rasakake. Umpamane: anane banjir, lindhu, tsunami, gunung mbledhos, lan liya-liyane.

Warga masyarakat sing becik kudu bisa njaga karesikan lan *kesehatan* lingkungan. Awit karesikan lan *kesehatan* lingkungan iku wigati banget tumrap uripe manungsa. Lingkungan kang resik ndadekake manungsa urip sehat lan adoh saka lelara. Lingkungan ing sakiwatengen kita kudu dijaga lan dilestarekake supaya katon asri. Aja mbuwang larahan (sampah) saenggon-enggon, mligine ing got, parit-parit, utawa kali. Awit larahan-larahan mau yen wis numpuk ndadekake got utawa parit buntu. Wekasane tibane mangsa rendheng, nalika udan deres got utawa parit bisa buntu kang bisa mahanani banjir. Mbuwang larahan ing kali uga ora becik. Awit bisa nyebabake kali dadi cethek (pendangkalan), kang bisa mahanani bencana banjir. Yen wis dumadi bencana banjir, sapa sing rugi? Ora wurung ya wong akeh kang nanggung akibate. Mulane kita kudu bisa njaga karesikan lingkungan kita.

Kajaba saka iku para warga sing mapan ing tlatah *hulu* kali uga kudu bisa njaga kalestarene lingkungan alas. Aja ngethoki wit-witan ing alas sembarangan! Awit manawa alas-alas kasebut wit-witane padha gundhul, wekasane tibane ing mangsa rendheng nalika udan deres ora bisa nahan ilining banyu. Ing perenge gunung, manawa wit-witane dikethoki lan gundhul, mbebayani banget. Tibaning mangsa udan bakal dumadi bencana banjir gedhe lan lemah longsor. Kamangka tarkadhang akeh pomahan kang mapan ing sangisore pereng gunung. Yen dumadi lemah longsor bisa ndrawasi. Omah-omah kasebut bisa keblegan lemah longsor saka ndhuwure. Ing Indonesia saben taun mesthi ana pawarta kang

ngabarake ngenani bencana banjir lan lemah longsor. Wis akeh kapitunan, kurban bandha lan nyawa kang disebabake saka bencana alam kasebut. Mulane kita kudu bisa njaga karesikan lan kalestarene lingkungan alam, supaya ora ngrugekake tumrap uripe manungsa. Lingkungan alam kang lestari lan saimbang ndadekake urip kita ayem-tentrem ora ana bencana alam kang ngancam jiwa kita.

Sadurunge kowe dhiskusi ngengingi 'geguritan', ayo padha nggatekna gambar ing ngisor iki !



Gambar 1. Tim Ekspedisi Kali Surabaya dibiyantu para nelayan lagi ngresiki kali lan njaring iwak kanggo kaperluwan panliten.

Gugur gunung utawa gotong royong sing katon ing gambar 1. asring kita sekseni ing bebrayan agung.

1. Wacan ing ndhuwur iku wacanen kanthi premati !
2. Pitakon-pitakon ing ngisor iki wangsulana kanthi patitis !
   a. Alam saisine kang diciptakake dening Gusti Kang Akarya Jagad iku kanggo sapa ?
   b. Apa wae sing kudu dilakoni manungsa supaya alam iki tetep lestari ?
   c. Sapa sing kudu njaga supaya alam saisine iki tetep lestari ?
   d. Sapa sing ndadekake alam saisine iki bisa rusak ?
   e. Sikap apa wae sing bisa kokjupuk lan koktuladhani saka wacan ing dhuwur ?

Ing piwulangan bab V iki nduweni ancas utawa tujuan supaya para siswa bisa mangerteni ciri, struktur , lan unsur basa sajrone teks geguritan, sarta bisaa para siswa mengko maca endah teks geguritan lan nulis geguritan kanthi tema 'Lingkungan'. Ancase supaya siswa kulina nelakake rasa syukur marang Gusti kang Murbeng Dumadi.

Kegiatan 1: Modhel Teks Geguritan

Ing kegiatan 1 iki para siswa bakal nyinau teks geguritan kanthi tema ”Lingkungan”. Supaya luwih wasis, para siswa kudu nggarap tugas 1,2,lan 3. Gatekna tuladha teks geguritan iki, banjur wacanen kanthi ekspresi kang becik!

MERAPI

(Putu Aryana)

Merapi....,
Saka kadohan katon gagah
Mega putih ndedel ing awiyat
Tilas dalan lahar katon cetha
Kena sunare Sang Hyang Bagaskara

Merapi....,
Saumpama kowe bisa crita
Kabeh kadadean ing tanah Jawa
Wiwit jaman Mataram kuna
Nganti madege Kraton Ngayogyakarta

Merapi....,
Sliramu anyekseni kridhaning bangsa
Wiwit nalika ngusir penjajah Walanda
Jaman kamardikan jaman Sukarno
Nganti jaman Suharto
Jaman Habibie tumekaning Megawati lan Susilo
Merapi dadi saksi

Tugas 1:Nyemak Teks Geguritan

Coba gatekna tuladhane geguritan ing ngisor iki!

TAMAN

Dening : J.F.X. Hoery

Ing taman
Ing taman anakku
Tawon lan kupu rebutan madu
Kinjeng lan kombang rebutan kembang
Angin esuk ngerog ebun ing pucuking kudhup
Kekedhering kinjeng lan kupu
Aja nganti mbokincup
Sawangen wae
Endahe.
Ing taman



Gb 2. Kupu ing taman

Ing taman anakku
Kupu lan kinjeng isih kapiadreng
Tawon lan kombang ngenam panandhang
Madu lan kembang ninggal kudhup esuk
Mega-mega putih gegojegan mapag angin sore
Aja mbokguyu dheweke
Sawangen
Ing biruning langit
Kae papane kawruh lungit
Lan ing kana uga aku titip
Geguritan kang dakrakit.

Padangan-Bojonegoro, 1986, *Jayabaya*, No. 28 tgl. 9 Maret 1986

lungit = (*Ind. rumit, namun indah*)

Coba, wangsulana pitakon-pitakon ngisor iki kanthi patitis !

1. Apa irah-irahane geguritan ing dhuwur?
2. Sapa sing nganggit geguritan ing dhuwur?
3. Ing taman iku ana apa wae?
4. Ing wayah esuk, apa sing dilakoni dening kewan-kewan mau?
5. Apa sebabe kewan-kewan mau ora oleh diincup?
6. Nalika wayah sore, apa sing dilakoni dening kewan-kewan mau?
7. Sapa sing mapag angin sore?
8. Ing ngendi papane kawruh lungit iku?
9. Panggurit titip guritan sing wis dirakit ing ngendi?
10. Kanggo nambah kawruhmu bab geguritan, gancarna geguritan mau!

Pepeling

Tembung 'geguritan' asale saka tembung gurit kang ateges gubah, karang, sadur. Yen ing kamus umum Bahasa Indonesia diterangake 'geguritan' iku asale saka tembung gurit kang ateges sajak utawa syair (Poerwadarminta, 1986 : 161).
Miturut **Hadiwijaya** (1967 : 129), Geguritan yaiku : golongane sastra kang edi (puisi) cengkok anyar, wedharing rasa edi, kalair basa kang laras runtut karo edining rasa, nanging ora usah kecancang ing pathokan-pathokan, wilangan, dhong-dhing kang tetep tinamtu, beda banget karo sipate tembang macapat lan sapanunggale.
Wondene miturut **Subalidinata** (1999), geguritan yaiku : iketane basa kang memper syair, mula ana kang ngarani syair Jawa gagrag anyar.
Dudutan: geguritan yaiku jenise puisi Jawa gagrag anyar sing panulise ora kaiket dening paugeran-paugeran kaya ing tembang macapat (yaiku anane guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu), nanging tetep ngugemi kaendahan.

Sawise koksemak tuladha teks ing dhuwur, bisa diandharake kaya mangkene : teks ”Taman” lan ”Merapi” iku nuduhake jinise teks geguritan gagrag anyar.

Tugas 2 : Nyemak Struktur Teks Geguritan

Puisi Jawa gagrag anyar (sabanjure aran geguritan), panulise bebas. Tegese ora kaiket dening aturan tartamtu. Ewa semono isih tetep ngugemi ananing rasa kaendahan. Endahe geguritan dumunung ana ing pilihan tembung pantes, mentes, lan mantesi. Geguritan ora padha karo tembang macapat kang isih kaiket guru lagu, guru wilangan lan guru gatra.

Coba gatekna andharan ngisor iki kanggo nggamblangake pamikirmu bab geguritan!

	Struktur teks geguritan	**Struktur teks tembang macapat**
1.	Tanpa kaiket ing guru lagu, guru wilangan, lan guru gatra	Kaiket ing guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.
2.	Cakrike bebas, bisa wujud pada, bisa uga wujud carita.	Cakrike miturut kaidah jinise tembang

Tugas 3 : Nyemak Unsur Basa Teks Geguritan

1. Unsur basane teks geguritan :
   a. Ciri basa teks geguritan “Taman”:
   Tansah ngugemi kaendahaning rasa kang dumunung ing :
      1) Pilihane tembung kang endah, mentes lan mantesi, upamane: ”tawon lan kupu rebutan madu”. Sing ateges tawon lan kupu genti-genten menclok ing kembang ngisep madu, lan sapanunggalane.
      2) Migunakake tembung Kawi, upamane: ”kae papane kawruh lungit”. Tembung lungit iku tembung kawi, ateges linuwih, rumit, lan endah.
      3) Rinakit kanthi tipografi kang cundhuk karo isi, pesan moral, lan gagasan kang diwedharake.
      4) Nggunakake wirama lan basa rinengga.

   b. Basa rinengga
   Basa rinengga kang tinemu ing geguritan, utawa ing tembang macapat akeh-akehe wujud tembung saroja, upamane: tembung lega-lila, edi-peni, lan sapanunggalane. Uga tinemu pepindhan, upamane: .”angin esuk ngerog ebun ing pucuking kudhup”, ”mega-mega putih gegojegan mapag angin sore”. Angin esuk lan mega putih dimiripake utawa diemperake kaya manungsa sing bisa ngerog ebun, gegojegan mapag angin sore. Lan ”ing biruning langit kae papane

kawruh lungit ...” Langit biru dimiripake sawijing papan panggonan, lan sapanunggalane.

c. Unggah-ungguh basa (tataran basa) :
   Basa kang dienggo ing geguritan biasane cukup nganggo tembung ngoko.

Pepeling

Carane niteni titikane unsur kebahasaane geguritan yaiku : basane endah, mentes, lan mantesi sarta migunakake tembung Kawi (Jawa Kuna). Sok-sok tinemu tembung dasanama, tembung entar, purwakanthi, pepindhan,tembung saroja,lan sapanunggalane.

2. Pesan moral lan relevansine isi geguritan:
   a. Nilai budi pekerti/pesan moral:
      Geguritan gagrag anyar ”Taman” ngandhut nilai moral kudu njaga kaendahaning taman utawa alam.
   b. Relevansi isi geguritan karo kahanan jaman saiki:
      Geguritan gagrag anyar ”Taman” isine isih akeh tinemu nganti saiki, upamane ing Kutha Surabaya sansaya akeh taman kang dibangun kanggo nglestarekake lingkungan.

Kegiatan 2 Nyusun Teks Geguritan Kanthi Bebarengan

Tugas 1 : Nyemak Geguritan

SIMPANG LIMA

Dening : Rama Sudi Yatmana

Dakkira aku iki ora ngimpi
Mlaku-mlaku ing pinggiring swarga adi
Angin wengi
Ngliwati sela-selaning mesjid baiturakhman
Srebet sumilir dolanan klambi
Ing dhadha krasa lega
    Mongkog melu duwe gedhong olahraga
    Simpang lima
    Samar mubyar rinengga cahya
    Muwuhi asrining swasana
    Rembulane prawan mesem
    Kaanane ayem tentrem
    Pak gupenur panggalihe marem, rakyate nora kucem
Becak satitahe
Apa kae, kang ngaya nyengkut kue
Kedher-kedher mesining motor



Gb.4 Simpang Lima

Kumeplasing hondha yamaha
Aku ngerti
Kabeh kuwi
Nanging ora tumanem ing ati
Eling yen urip iki
Ngumbara sawatara
Neng gisiking samodra raya
Mula, jiwa ragaku
Aja kakehan punika
Amung jumbuhna
Karo gelaring alam ing sanyatane
Iya kana iya kene
Tanpa wangenan
Tanpa pungkasan
Tanpa tembe

Sawijining sore, 1975 (Geguritan Alam Sawegung, 2010:68)

Bausastra

srebet = sribit = obahing angin
gisik = pesisir
jumbuh = cocog, pas, nyawiji
gelar = jereng, tata lair
wangenan = wates
tembe = wiwitan, purwa
ngumbara = lunga saparan-paran
mongkog = seneng banget
rinengga = direnggani, dipaesi
nyengkut = ngaya
kedher = obah alus bola-bali
kumeplas = banter

Tugas 2: Nintingi Struktur Teks lan Unsur Basa Sajrone Geguritan

1. Nggawea klompok dhiskusi ora luwih saka bocah 5 (lanang lan wadon) minangka anggotane!
2. Salah siji anggota dadi ketua klompok sing nduweni tugas ngoordinir lumakune dhiskusi, siji maneh dadi sekretaris sing nyatheti asile dhiskusi.
3. Ketua, sekretaris, apadene anggota dhiskusi kudu bisa nglakoni dhiskusi kanthi rasa temen, tanggung Jawab, percaya diri, disiplin, santun, lan kerjasama kang bener.
4. Teks ”Simpang Lima” kasebut coba njingglengana bebarengan saklompokmu kanthi premati.
5. Pitakon ing ngisor iki wangsulana salaras karo asile anggonmu dhiskusi!
   a) Jlentrehna struktur teks saka geguritan ”Simpang Lima” ing dhuwur kanthi bukti sing nyengkuyung pranyatanmu!
   b) Jlentrehna unsur basa sing ana ing geguritan ngenani :
      1) ciri basa teks geguritan:
         bukti ana ing teks geguritan ”Simpang Lima”

         ....

2) basa rinengga:
bukti ana ing teks geguritan "Simpang Lima"

....

3) unggah-ungguh basa (tataran basa) :
bukti ana ing teks geguritan "Simpang Lima"

....

c) Jlentrehna nilai budi pekerti lan relevansi isi teks geguritan!

1) Nilai budi pekerti/pesan moral:
bukti ana ing teks geguritan "Simpang Lima"

....

2) Relevansi isi teks karo kahanan jaman saiki:
bukti ana ing teks geguritan "Simpang Lima"

....

Tugas 3: Nulis Teks Geguritan

Semaken gambar ing ngisor iki, banjur salah siji gawenen geguritan!



Gambar 1. Reboisasi Mangrove



Gambar 2. Sawah kang ijo royo-royo.



Gambar 3. Kebon Binatang Surabaya

Pepeling

- Sejatine ora ana cara kang kusus kanggo nulis guritan.
- Kanggo nggampangake ajar nulis guritan dakandharake langkah – langkah kaya kang kacetha ing ngisor iki.
  1. Nemtokake tema apa kang bakal katulis ing guritan. Kanthi anane tema kang wis katemtokake kita bakal nduweni pathokan lan pikiran ora dadi ngambra – ambra.
  2. Ngumpulake tetembungan kang ana sesambungane karo tema kang ditemtokake. Upamane tema kang kita temtokake ngenani bab *panyuwune murid marang guru*.
  3. Ngrakit frase adhedhasar tetembungan kang wus dikumpulake.
  4. Adhedhasar langkah 1,2 lan 3 ing ndhuwur kita bisa ngrakit guritan.

Tugas 4: Nyritakake Isine Teks Geguritan

Coba wacanen kanthi tliti geguritan ing ngisor iki, banjur wangsulana pitakon-pitakone kanthi rembugan karo kancamu saklompok!

INDONESIAKU

Dening: Septika Ratna S.

Jamrud khatulistiwa julukanku
Rowa ... samudra raya tanpa winates
Wiwit Sabang tumekan Merauke
Tharik-tharik pulo-pulone ... endah ing netra
Ijo royo-royo dadi sesawangan ngelam-ngelami ati
Sugih mblegedhu tumekan saiki
Urip bebarengan, guyub rukun mbangun karaharjaning urip
Iku mung ana ing impen
Impen kang sarwa endah tan bisa dadi kasunyatan
Saiki sing ana mung lebu lan lendhut
Cinepeng anane pepenginan mulyakake awakira
Ora preduli mring rakyat kesrakat

Ora preduli mring tatanan kautaman
Ora preduli mring uripe liyan
Sing ana mung urip mulya
Mulya sadhuwure lara-lapane papa sudra
Najan mangkono iki negeriku
Negeri kelairanku
Negeri nganti tumeka patiku
Negeri nenek moyangku
Negeri kang dakdama-dama
Ing manah lan saben lakuku
Indonesiaku ....

(Panjebar Semangat No. 35-31 Agustus2013, kaca 40)

1. Apa irah-irahane geguritan ing dhuwur?
2. Sapa sing nganggit geguritan ing dhuwur?
3. Apa temane guritan mau?
4. Pesan moral apa kang kinandhut ing guritan?
5. Basa rinengga apa kang kinandhut ing guritan?
6. Manut panggurit, kepriye bumi Indonesia iku? Critakna nganggo basamu dhewe!

Nyritakake geguritan iku bisa lumantar parafrase. Parafrase yaiku ngowahi teks geguritan dadi teks gancaran. Carane:

1. Negesi tetembungan kang katulis ing geguritan. Yen nemu tembung kawi bisa nggunakake bausastra (kamus).
2. Ngowahi ukara basa pinathok dadi ukara gancaran
3. Nggathukake gatra siji karo gatra liyane kanthi wujud ukara

Pepeling:
Supaya bisa mangerteni isine geguritan, ana bab-bab sing kudu digatekake:
1. Negesi tetembungan sing angel ing geguritan iku, yen kangelan negesi tembung-tembung kawi, bisa digoleki ing bausastra/ kamus.
2. Mahami maknane tulisan ing saben-saben gatra / larik lan nulis ing sawijing ukara.
3. Nggathukake maknane ing antarane gatra siji lan sijine sing wis katulis ing ukara.
4. Nggoleki dudutan saka pokok pikiran sing kinandhut ing geguritan mau.
5. Nulis ukara sing dadi gagasan bakuning geguritan.
6. Saka gagasan baku mau bisa disimpulake gagasan baku sing paling wigati kang mujudake pesan moral utawa amanah sing kinandhut ing geguritan mau.

Kegiatan 3 Mangun Teks kanthi Mandhiri

Tugas 1: Maca Endah Teks Geguritan

BUMIKU

Dening: Ibu Sunami

Bumi iki aku sing nduweni
Sapa Bapa Adam lan Ibu Hawa
Ora tuku ora nyewa
Dak sedhot hawane dak sesep sari banyune
Rumasuk ing balung nembus sungsum
Mili saranduning badan tumekan jantung
Bumi iki aku sing nduweni
Warisan saka bapa biyung
Wujud kali lan gunung
Dak pundhi dak sengkuyung ing dhadha lan mustaka
Dadia jimat sangune agesang
Run tumurun anak putu
Kowe sapa lan saka ngendi pinangkamu
Kok wani gawe dredah ngaru biru
Sak dumuk bathuk, sak nyari bumi
Dak labuhi, nganti kowe ngerti
Yen bumi warisan iki kowe ora nduweni
Kowe sapa lan arep apa
Kok wani ngesatake kali, nggundhuli alas jati
Mung arep njupuk sari tanpa ngopeni
Bumi iki aku sing nduweni
Run temurun anak putu
Lan mung aku lan anak putu sing kudu njaga lan ngopeni

(Panjebar Semangat No. 25-22 Juni 2013, kaca: 40)

Wacanen nganggo lafal, intonasi, andhegan lan ekspresi kang becik tur bener!
Kanca liyane nyemak pamacane kanthi mbiji kaya ing ngisor iki:

Jeneng :
Kelas/No.absen :

Aspek	Nilai				Jumlah
	1	2	3	4	
Lafal					
Intonasi					
Andhegan					
Ekspresi					

Tugas 2: Nanggapi Teks Geguritan

1. Coba wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi patitis !
    a. Apa irah-irahane geguritan ing dhuwur?
    b. Sapa sing nganggit geguritan ing dhuwur?
    c. Bumi iki duweke sapa?
    d. Ing gatra kapisan lan kaloro, nerangake bab apa?
    e. Ing gatra katelu lan kapapat, nerangake bab apa?
    f. Apa sing kudu dilakoni ing bumi iki?
    g. Sapa sing kudu nglakoni ?
    h. Gambarna apa sing kokweruhi ing geguritan mau!
2. Sawise kokwangsuli, critakna maneh isine geguritan ing dhuwur nganggo basamu dhewe !
3. Terangna pesan moral / amanah kang tinemu ing geguritan mau!
4. Jlentrehna struktur teks geguritan ”Bumiku” ing dhuwur kanthi bukti ukara-ukara sing nyengkuyung pranyatanmu!
5. Jlentrehna unsur basa sing ana ing teks ngenani:
    a. Ciri basa teks geguritan:
    bukti ana ing teks ....
    b. Basa rinengga (entar, saroja, garba) :
    bukti ana ing teks ....
    c. Unggah ungguh basa (tataran bahasa) :
    Bukti ana ing teks ....
6. Jlentrehna nilai budi pekerti lan relevansi isi teks geguritan “Bumiku”!
    a. Nilai budi pekerti/pesan moral:
    bukti ana ing teks...
    b. Relevansi isi crita karo kahanan jaman saiki:
    bukti ana ing teks..

Uji Kompetensi Wulangan 5

I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih siji wangsulan sing bener!

1. Asil karya sastra Jawa kang kaiket ing aturan guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu diarani ....
   a. tembang macapat
   b. tembang dolanan
   c. geguritan
   d. gancaran
2. Asil karya sastra Jawa kang ora kaiket ing aturan guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu lan awujud puisi, diarani ....
   a. tembang macapat
   b. tembang dolanan
   c. geguritan
   d. gancaran
3. Wong sing ngasilake karya sastra wujud geguritan, diarani ....
   a. panggurit
   b. niyaga
   c. komposer
   d. penyanyi
4. Ing basa Indonesia, geguritan gagrag anyar diarani ....
   a. puisi
   b. prosa
   c. karya ilmiah
   d. semboyan
5. Gatekna pethikan geguritan ing ngisor iki!

   Wanci sekolah miwiti pasinaon
   Kathah siswa kang sami pitakon
   Sabtu enjing kagem lingkungan kemawon
   Kerja bakti tanpa dikongkon
   ....

   Purwakanthi kang tinemu ing geguritan yaiku ....
   a. purwakanthi guru swara
   b. purwakanthi guru sastra
   c. purwakanthi lumaksita
   d. purwakanthi guru basa
6. Basa sing asring digunakake ing geguritan iku basa ....
   a. krama inggil
   b. kedhaton
   c. ngoko
   d. bagongan
7. Supaya bisa mangerteni isine geguritan, luwih dhisik kudu mangerteni....
   a. tegese tembung

b. carane maca
c. tegese ukara
d. golek ide

8. Supaya bisa maca geguritan kanthi becik, kudu ....
   a. mangerteni macane
   b. mangerteni tulisane
   c. mangerteni wujude
   d. mangerteni isine
9. Supaya bisa nulis geguritan kang apik tur enak diwaca, kudu ....
   a. tembunge endah, mentes
   b. tembunge apik, mentes
   c. tembunge entar
   d. tembunge ilmiyah
10. Geguritan kang diemot *Panjebar Semangat* kanthi irah-irahan ”Indonesiaku” kaanggit dening ….
    a. Septika Ratna S.
    b. HM.Moersito
    c. Rama Sudi Yatmana
    d. Ibu Sunami

II. Wacanen geguritan iki kanthi patitis!

KAHANAN WAYAH ESUK

Awan kanthi bulak
Kahanane peteng dhedhet
Kabeh pada keblowok turu kepati
Tanpa raga tanpa swara
Ora watara suwe
Wengise wengi sing kumlebat
Karosane ilang tanpa tilas
Kasentor ublik katon gagah
Sapungkure iku
Ngundang etan gedhe, ngancik wayah esuk
Kawiyak sunaring srengenge
Surya ngrembaka maneh
Kabeh pada tangi
Kabeh pada bungah
Kabeh kewan sumringah
Kembang-kembang semburat maneh
Muhammad Khoirunnas 5 Maret 2012 22.30

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi patitis !

1. Apa irah-irahane geguritan ing dhuwur?
2. Sapa sing nganggit geguritan ing dhuwur?
3. Geguritan ing dhuwur iku nerangake bab apa?
4. Basa rinengga apa bae kang tinemu ing guritan?
5. Gambarna apa sing kokweruhi ing geguritan mau!
6. Sawise kokwangsuli, critakna maneh isine geguritan ing dhuwur nganggo basamu dhewe !
7. Tulisen pesan moral / amanah kang tinemu ing geguritan mau!

WULANGAN 6

PENDHIDHIKAN

KOMPETENSI DASAR	INDIKATOR
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional	1.1.3 Berdoa sebelum memulai dan sesudah kegiatan belajar bahasa daerah. 1.1.4 Menggunakan bahasa daerah dalam berkomunikasi dengan tata kram
1.3 Menghargai danmensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana menyajikaninformasi lisan dan tulis	1.3.1Menggunakan bahasa daerah sebagai sarana menyajikan informasi lisan dan tulis sesuai dengan tata krama
2.2. Memiliki perilaku percaya diri dan tanggung Jawab dalam membuat tanggapan pribadi atas karya budaya masyarakat daerah yang penuh makna dan tata krama	2.2.1 Percaya diri dan bertanggungJawab dalam membuat tanggapan pribadi terhadap pesan moral tembang macapat. 2.2.2 Percaya diri dan santun dalam melagukan tembang macapat
3.5 Memahami struktur teks, unsur kebahasaan, dan pesan moral tembang macapat dan lagu kreasi secara lisan dan tulis	3.5.1 Mengidentifikasikan struktur teks tembang macapat. 3.5.2 Mengklasifikasikan unsur kebahasaan tembang macapat. 3.5.3 Menyimpulkan pesan moral tembang macapat.
4.5 Melagukan dan mengungkapkan pesan tembang *macapat* danlagu kreasi	4.5.1 Membaca notasi tembang macapat. 4.5.2 Melagukan tembang macapat 4.5.3. Mengungkapkanpesan yang terdapatdalamtembangmacapat. 4.5.4 Mengarang tembang macapat sesuai dengan kaidah.

Mbabar Wawasan

1. Setitekna gambar ing ngisor iki!



Sanggar Dwija Laras SMPN 6 Kediri nalika pentas ing plataran pemkot Kediri

Semaken tembang ing ngisor iki!

PUCUNG

Ngelmu iku kalakone kanthi laku
lekase lawan kas,
Tegese kas nyantosani
Setya budya pangekese durangkara
Angkara gung neng angga anggung gumulung
Gegolonganira
Tri loka lekere kongsi
Yen den umbar ambabar dadi rubeda

Bausastra

laku	= sesirik, tirakat	triloka	= jagad tetelu
lekase	= patrape	lekere	= kupenge
lawan	= karo	kongsi	= nganti
budya	= nalar	den	= di
kekes	= miris	rubeda	= alangan
dur	= ala	lamun	= yen

2. Wangsulana pitakon ing ngisor iki
   a. Sapa sing kacetha ing gambar dhuwur?
   b. Dheweke lagi nyangapa?
   c. Sapa sing nate nonton pementasan wayang kulit?
   d. Apa ing pementasan kasebut uga migunakake tembang macapat?
   e. Tembang macapat jinis apa wae sing nate kokrungu?

Kegiatan I Modhel Teks Tembang Macapat

Tugas 1: Nyemak Struktur Teks Tembang Macapat

ASMARADANA (Pl.6)

1 2 3 5 5 5 5 5
A - ja tu - ru so - re ka - ki
5 6 i i 2 i i 5 5 6
a - na de - wa ngang - lang ja - gad
3 2 1 5 3 2 3 1 2
Nyang - king bo –kor ken - ca - na - ne
2 3 5 5 5 5 2 3 5
I - si - ne do - nga te - tu - lak
2 2 2 2 2 3 2 3 1
San - dhang ka - la - wan pa - ngan
6 1 2 2 2 2 2 3 1 2
Ya - i - ku ba - ge - an - i - pun
1 1 1 1 1 2 3 2 1
Wong me - lek sa - bar na - ri - ma

a. Pangertene Tembang Macapat.
Macapat yaiku tembang tradhisional ing tanah Jawa. Diarani tradhisional amarga kaiket dening guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu. Saben pada (bait) macapat nduweni baris ukara sing diarani gatra, lan saben gatra nduweni sawetara guru wilangan (*suku kata*) tinamtu, lan dipungkasi nganggo uni pungkasan sing diarani *guru lagu*. Macapat tegese *maca papat-papat*, yaiku carane maca andhegane saben patang wanda (*suku kata*).

b. Paugerane Tembang Macapat
Tembangmacapat kalebu *karya sastra* kang nduweni daya kekuwatan lan kaendahan. Tembang macapat iku minangka salah siji wujud tembang tradhisional ing tlatah Jawa. Diarani tembang tradhisional, amarga kaiket ing aturan/paugeran tartamtu.
Paugeran-paugeran jroning tembang macapat, yaiku:
1) Guru gatra yaiku cacahing gatra/larik/baris ing saben pada.
2) Guru wilangan yaiku cacahing wanda ing saben gatra.
3) Guru lagu yaiku tebaning swara ing pungkasaning gatra.

Tembang macapat jinise ana 11. Saben jinis tembang macapat duwe paugeran dhewe-dhewe. Kanggo luwih cethane ngenani jinise tembang,

guru gatra, guru wilangan, lan guru lagune bisa dideleng ing tabel ngisor iki :

No	Jenenge Tembang	Guru Gatra	Guru Lagu lan Guru Wilangan									
			1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1	Maskumambang	4	12i	6a	8i	8a						
2	Pocung	4	12u	6a	8i	12a						
3	Megatruh	5	12u	8i	8u	8i	8o					
4	Gambuh	5	7u	10u	12i	8u	8o					
5	Mijil	6	10i	6o	10e	10i	6i	6u				
6	Kinanthi	6	8u	8i	8a	8i	8a	8i				
7	Durma	7	12a	7i	6a	7a	8i	5a	7i			
8	Pangkur	7	8a	11i	8u	7a	12u	8a	8i			
9	Asmaradana	7	8i	8a	8e/o	8a	7a	8u	8a			
10	Sinom	9	8a	8i	8a	8i	7i	8u	7a	8i	12a	
11	Dhandhanggula	10	10i	10a	8e	7u	9i	7a	6u	8a	12i	7a

c. Saliyane kaiket guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu, tembang macapat uga nduweni titilaras lan cakepan. Titi laras, utawa cukup di ucapke laras, kaperang dadi loro, yaiku laras slendro lan laras pelog.
d. Cakepan tembang iki sejatine ora beda karo wangun geguritan kang banjur dilagokake.

Tugas 2 : Nyemak Unsur Basa Teks Tembang Macapat

Setitekna cakepan tembang Asmaradana ing ngisor iki!

ASMARADANA

Anjasmara arimami
Masmirah kulaka warta
Dasihmu tan wurung layon
Aneng kutha Probolingga
Prang tandhing Uru Bisma
Karia mukti wong ayu
Pun kakang pamit palastra

Ing cakepan tembang kasebut tinemu tembung kawi, yaiku:

ari	: adhi	mami	: aku
masmirah	: barang aji	dasih	: abdi
layon	: mayit	tan	: ora
mukti	: mulya	palastra	: mati

Tembung kawi uga diarani tembung Jawa kuna. Tembung-tembunge saiki wis arang digunakake ing guneman padinan. Tembung iki digunakake kanggo pepaes, utawa rerenggan.

Tugas 3:Nintingi Pesan Moral Tembang Macapat

PANGKUR

(Laras Pelog Pathet Nem)

3 5 5 5 5 3 3 3

Ming – kar ming – kur – ing ang - ka - ra

3 5 5 5 6 1 1 1 1 1 23 21

A - ka - ra - na, ka - re - nan mar - di si wi

5 6 i i i i 1’ 2’ 2’

Si - na - wung res - mi – ning ki - dung

i 6 5 5 5 5 4 5

Si - nu - ba si - nu - kar - ta

3 5 5 5 6 1 1 1 1 1 2 3 3

Mrih ker - tar - ta, pa - kar - ti - ning ngel - mu lu - hung

6 1 1 1 1 1 1 1

Kang tum - rap neng ta - nah Ja - wa

1 2 3 1 2 3 3 2 1

A - ga - ma a - ge - ming, a - ji

Jinejer ing Wedhatama,
mrih tan kemba kembenganing pambudi,
mangka nadyan tuwa pikun,
yen tan mikani rasa,
yekti sepi sepa lir sepah asamun,
samasane pakumpulan,
gonyak-ganyuk nglelingsemi.



http://isi.ac.id/program/sarjana/seni-pertunjukan/jurusan-karawitan/

Pitutur luhur apa sing bisa kapethik saka cakepan tembang pangkur ing dhuwur?

Tembang macapat bisa kagunakake kanggo sarana medhar gagasan werna-werna. Wiwit medharake ilmu pengetahuan lan teknologi, tuntunan tata kaprajan,

ulah tetanen, nganti pitutur luhur kanggo ngundhakake budi pekerti. Kabeh iku bisa diwedharake liwat tembang macapat. Coba gatekna cakepan tembang mijil ing ngisor iki!

Dedalane guna lawan sekti
Kudu andhap asor
Wani ngalah luhur wekasane
Tumungkula yen dipun dukani
Bapang den simpangi
Ana catur mungkur

Cakepan tembang ing dhuwur ngandharake manawa manungsa kepingin pinter lan mukti kudu andhap asor. Lire ngurmati marang liyan. Wong wani ngalah iku luhur /dhuwur wekasane. Lire ngalah iku ora ateges kalah. Malah kosok baline wong kang gelem ngalah iku luhur wekasane. Tumungkula yen didukani. Tegese yen dituturi kudu dirungokake, ora perlu dibantah, banjur disaring. Pitutur sing becik dianggo, sing ora becik dibuwang tanpa kudu mbantah sing nuturi.

Tugas 4: Carane Nembang Macapat

Supaya bisa nglagokake tembang macapat kanthi apik, lumrahe kudu ngerteni bab-bab, kayata:

1. Nguwasani tembang, amarga jinise tembang macapat iku ana 11, sajroning nembangake tembang saben pupuh beda jinis tembange.
2. Kudu mangerteni watake tembang.
3. Mangerteni guru wilangan lan guru lagu saben tembang macapat.
4. Kudu mangerteni tegese tembung utawa *makna bahasa* sing diwaca ing tembang.
5. Nguwasani lan mangerteni dununging andhegan, aja nganti mancah sawijining tembung.
6. Yen ta amiwiti nembang gumantung wates tebaning swarane dhewe-dhewe aja nganti mblero kendheken utawa kedhuwuren.
7. Mangerteni lan nguwasani ngenani tempo jroning macapat, aja kendheken utawa kedhuwuren, kira-kira padha ukarane kaya maca gancaran. Antarane saben seleh lan saben amiwiti nembang aja kesuwen utawa kecepeten.

Kegiatan 2 Mangun Teks Tembang Macapat Bebarengan

Tugas 1: Semaken tembang ing ngisor iki!

PANGKUR

(Laras Pelog Pathet Nem)

3 5 5 5 3 3 3 3
Se kar pang kur kang wi nar na
3 5 5 56 1 1 1 2 3 3 21
Le la buh han kang kang go wong nga u rip
5 6 i i i i i 2' i2'
A la lan be cik pu ni ku
i 6 5 5 5 5 4 565
pra yo ga ka wruh ha na
3 5 5 56 1 1 1 1 1 21 2 3 3
A dat wa ton pu ni ku di pun ka du lu
6. 1 1 1 1 1 1 1
Mi wah ing kang ta ta kra ma
1 2 3 1 2 3 653 2 1
Den ka es thi si yang ra tri

Tugas 2: Nembang Pangkur Bebarengan

a. Maca titilaras bebarengan
b. Saperangan maca titi laras, saperangan maca cakepan salaras karo titi larase.
c. Maca/ nembangake cakepan tembang Pangkur bebarengan.

Tugas 3: Nintingi Tembang Pangkur

a. Tulisen guru wilangan lan guru lagune tembang Pangkur ing dhuwur.
b. Golekana lan tulisen tembung kawi sing ana tembang Pangkur ing dhuwur.
c. Tulisen pesan moral sing bisa dipethik saka cakepan tembang Pangkur ing dhuwur.

Pepeling

Tembang macapat salah sijine kagunan seni budaya Jawa sing mulangake budi pekerti luhur lan ajaran agama. Ing jaman para Wali Sanga, tembang dadi sarana medhia dakwah.

Ing jaman kang sarwa canggih kaya ing jaman saiki, akeh kang padha kepencut ing urusan ndonya wae. Pikiran lan pangrasane (perasaan) tumplek bleg kapunjerake ing masalah ekonomi, informasi, politik, lan sapanunggalane. Kegiatan-kegiatan kang asipat *gaul*, modern, dadi pilihan utama, kayata konser musik lan sapanunggalane.

Kahanan kang kaya mangkene iki njalari akeh generasi mudha kurang nduweni greget marang kabudayan, lan olah rasa. Tundhane, sastra, seni, lan budaya ora nduweni daya kanggo ngrembaka.

Kegiatan 3 Mangun Teks Tembang Mandhiri

Tugas 1: Golek Tembang Macapat Liyane

Goleka tuladhane tembang macapat saka maneka warna sumber, bisa saka internet,VCD, buku lan liyane.

Tugas 2:Nintingi Struktur Teks Tembang Macapat

Semaken tembang sing wis kokpilih, golekana lan tulisen:

1. Struktur teks tembang: ....
2. Tembung kawi sing ana ing tembang: ....
   Pesen moral sing bisa kapethik saka tembang: ....
   ....

Tugas 3 : Gawe Tembang Macapat

Gawea sapada tembang Pucung kanthi migatekake pituduh ing ngisor iki!
Guru lagu lan guru wilangane tembang Pucung: 12u – 6a - 8i – 12

Uji Kompetensi Wulangan 6

I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi cara milih jawaban kang wis sumadya kang paling bener!

1. Tembang macapat uga diarani ....
   a. tembang cilik
   b. tembang tengahan
   c. tembang gedhe
   d. tembang dolanan
2. Tembang macapat iku kaiket ing paugeran ....
   a. guru gatra, guru basa, guru lagu
   b. guru gatra, guru wilangan, guru lagu
   c. guru swara, guru basa, guru sastra
   d. guru swara, guru lagu, guru wilangan
3. Tembang macapat iku ana ....
   a. 8
   b. 9
   c. 10
   d. 11
4. Cacahe gatra ing saben sapada tembang diarani....
   a. guru gatra
   b. guru wilangan
   c. guru lagu
   d. guru swara
5. Tembang Pucung iku kadadeyan saka ... gatra.
   a. 4
   b. 6
   c. 8
   d. 10
6. Isine tembang Pucung iku lumrahe ....
   a. pitutur
   b. asmara
   c. prihatin
   d. nesu banget
7. Supaya bisa nembang macapat, kudu bisa maca angka-angka sing ana ing sadhuwure teks tembang. Angka-angka mau diarani....
   a. cakepan
   b. tangga nada
   c. titi laras
   d. notasi

8. Titi laras pelog lan slendro iku bedane ing angka....
   a. 4 lan 6
   b. 5 lan 6
   c. 5 lan 7
   d. 4 lan 7
9. Arane tembang macapat iku nggambarake manungsa wiwit lair nganti mati. Laire manungsa digambarake nganggo aran tembang....
   a. Pucung
   b. Sinom
   c. Mijil
   d. Kinanthi
10. Supaya bisa nulis/ ngarang tembang macapat, kudu mangerteni paugeran ing ngisor iki, *kajaba* ....
    a. guru gatra, guru wilangan, guru lagu
    b. sasmitane tembang
    c. watake tembang
    d. swasana batine pengarang

II. Wacanen tembang macapat ngisor iki, banjur wangsulana pitakonane!

……..
Urip ing ndonya tan lami,
aja dhemen numpuk bandha,
elinga tembe mburine,
lamun mati tan ginawa,
namung amal jariyah,
mula senenga tetulung,
marang sapadhane gesang.

1. Tembang macapat ing dhuwur, golekana guru gatra, guru wilangan, lan guru lagune !
2. Sawise koktemokake paugerane, tulisen arane tembange!
3. Critakna isine tembang ing dhuwur !
4. Pesan moral apa sing bisa kojupuk saka tembang ing dhuwur?

WULANGAN 7

KESEHATAN

KOMPETENSI DASAR	INDIKATOR
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional.	1.1.1 Berdoa sebelum memulai dan sesudah kegiatan belajar bahasa daerah 1.1.2 Menggunakan bahasa daerah dalam berkomunikasi dengan tata krama.
1.3. Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana memahami informasi lisan dan tulis.	1.3.1Menggunakan bahasa daerah sebagai sarana menyajikan informasi lisan dan tulis sesuai dengan tata krama
2.3 Memiliki perilaku jujur dan kreatif dalam memaparkan langkah-langkah suatu proses tata berbentuk linear dengan krama yang santun	2.3.1 Jujur dalam mengungkapkan tanggapan tentang kaidah penulisan teks aksara Jawa/ *carakan Madhurâ*. 2.3.2 Kreatif menuliskan kalimat-kalimat dalam bentuk teks dengan *aksara Jawa/ carakan Madhurâ.*
3.6 Memahami kaidah penulisan teks berupa kalimat sederhana dengan aksara Jawa./ *carakan Madhurâ*.	3.6.1 Mengindentifikasi penulisan teks kalimat sederhana aksara Jawa yang mengandung *sandhangan*. 3.6.2 Mengindentifikasi penulisan teks kalimat sederhana aksara Jawa yang mengandung *pasangan* 3.6.3 Menyebutkan kaidah penulisan teks kalimat sederhana aksara Jawa yang mengandung *sandhangan*. 3.6.4 Menyebutkan kaidah penulisan teks kalimat sederhana aksara Jawayang mengandung *pasangan.*
4.6 Membaca dan menulis kalimat sederhana dengan aksara Jawa/ *carakan Madhurâ*	4.6.1 Membaca teks kalimat sederhana dengan dengan aksara Jawayang mengandung *sandhangan* dan *pasangan.* 4.6.2 Menulis teks kalimat sederhana dengan aksara Jawa yang

		mengandung *sandhangan* dan *pasangan*.
	4.6.3	Mananggapi atau memberi komentar hasil pekerjaan temannya.

 **Mbabar Wawasan**

CRITA PENGALAMAN
NULIS NGANGGO AKSARA JAWA

Nulis nganggo aksara Jawa sejatine asipat ketrampilan, mula saka iku bakal dadi gampang manawa saben dina dicakake. Bocah – bocah aja ngrasa angel dhisik sadurunge nyoba nulis. Iki ana crita kang bokmanawa bisa dadi semangatmu kanggo sinau nulis nganggo aksara Jawa.

Biyen wektu aku wiwitan nulis ana ing buku *harian*, sawijining dina buku *harian*ku ditemu kancaku, diwaca ing ngarep kelas. Kaya apa isinku amarga ing kono ana bab kang mestine ora kena dimangerteni wong liya. Wiwit wektu iku aku golek cara kanggo nulis ana ing buku *harian*ku. Kebeneran dina iku pas ana pelajaran Basa Jawa pas diterangake nulis nganggo aksara Jawa, jare kanca – kanca nulis nganggo aksara Jawa iku angel, wah ... pas iki kanggoku. Nek angel tegese ... upama aku nulis ing buku *harian* nganggo aksara Jawa mesthi ora kaya kedadean mau, buku *harian*ku ora ngira diwaca ing ngarep kelas !
Tekadku ... *AKU KUDU ISA NULIS NGANGGO AKSARA JAWA*.
Bener ngendikane Pak Guru, nulis nganggo aksara Jawa pranyata ora angel, pokoke gelem latihan. Lha kanthi aku nulis buku *harian*ku nganggo aksara Jawa, aku saben dina ora krasa latihan nulis nganggo aksara Jawa (sanajan wiwitan karo ndelok Aksara Jawa ing buku Pepak Basa Jawa). Saiki *alhamdulillah* wis lancar ora perlu ndelok pepak maneh. Yen nulis nganggo aksara Jawa mesti bijiku apik lan buku *harian*ku ora diwaca wong liya maneh. Muga-muga critaku iki mau dadi semangatmu kanggo sinau nulis nganggo aksara Jawa!

Sadurunge nerusake pasinaon nulis apadene maca aksara Jawa, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki !

1. Nulis apadene maca aksara Jawa iku sejatine ora angel, yen gelem apa ?
2. Ana teks ing dhuwur iku, apa sing ndadekake semangate paraga ”aku” sinau nulis nganggo aksara Jawa ?
3. Apa tekade paraga ”aku” sajrone sinau nulis nganggo aksara Jawa?

4. Apa perlu, supaya bisa nulis nganggo aksara Jawa kudu nulis ha na ca ra ka nganti makaping-kaping supaya enggal apal? Apa alasane Jawabanmu ?
5. Kepriye paraga "aku" wiwitane nulis nganggo aksara Jawa? Kepriye asile?

Kegiatan 1 Modhel Teks Aksara Jawa

Teks ing ngisor iki wacanen sing patitis!

Tugas 1: Nyemak Andharan Panulisane Aksara Jawa

Ing kegiatan iki bocah-bocah diajab bisa mangerteni tatanan panulisane tembung sarta ukara nganggo aksara Jawa ing teks.

1. Aksara Jawa (Dentawyanjana)

Aksara Jawa (dentawiyanjana) iku cacahe ana 20. Yen digatekake, kabeh vokal kang ngantheni aksara migunakake lafal /a/.

Wujude kaya mangkene :

Ha = ꦲ	Na = ꦤ	Ca = ꦕ	Ra = ꦫ	Ka = ꦏ
Da = ꦢ	Ta = ꦠ	Sa = ꦱ	Wa = ꦮ	La = ꦭ
Pa = ꦥ	Dha = ꦝ	Ja = ꦗ	Ya = ꦪ	Nya = ꦚ

Ma = ꦩ	Ga = ꦒ	Ba = ꦧ	Tha = ꦛ	Nga = ꦔ

Carane migunakake kaya nulis biasa, yaiku kanthi nata / ngurutake kaya unine sing arep ditulis.
Gatekna tuladha ing ngisor iki :

No	Tulisan Latin	Tulisan Jawa
1	lara	ꦭꦫ
2	mata	ꦩꦠ
3	jaka	ꦗꦏ
4	dhadha	ꦝꦝ
5	kacamata	ꦏꦕꦩꦠ

2. Sandhangan

Aksara Jawa kang cacahe ana 20 wis diterangake menawa awujud legena. Menawa arep muni swara liyane, kudu diwenehi sandhangan. Sandhangan iku ana telung warna, yaiku *sandhangan swara, sandhangan panyigeg wanda, lan sandhangan wyanjana.*

a. Sandhangan Swara

Sandhangan swara cacahe ana lima yaiku kanggo nulis swara ***i , u , ê, e**, lan* ***o .*** Swara /e/ ana werna loro, kang pancen ana ing basa Jawa ana / ***e***/ sing unine / ***ê*** /, ana sing unine /e/. Aja kuwatir! Mengko bakal dijlentrehake amrih ngerti lan jelas uni lan sandhangan kang digunakake.
Wujude sandhangan swara ing ngisor iki :

No	**Jenenge**	**Wujude**	**Unine**
1	Wulu	ꦶ...........	i
2	Suku	..........ꦸ...	u

3	Pepet	…ꦼ…	ê
4	Taling	ꦺ………	e
5	Taling Tarung	ꦺ……ꦴ	o

Carane nulis sandhangan swara yaiku aksara kang diwenehi sandhangan swara mapane ana ing tandha titik- titik, kaya ing jero kothak ing dhuwur iku.

Tuladhane :

No	Tulisan Latin	Tulisan Jawa
1	dadi siji	ꦢꦢꦶ ꦱꦶꦗꦶ
2	tuku palu	ꦠꦸꦏꦸ ꦥꦭꦸ
3	teka lunga	ꦠꦼꦏ ꦭꦸꦔ
4	seje dhewe	ꦱꦺꦗꦺꦝꦺꦮꦺ
5	soto kebo	ꦱꦺꦴꦠꦺꦴ ꦏꦼꦧꦺꦴ

Carane mbedakake sandhangan pepet (..ꦼ…) lan taling (ꦺ…..) :

Ora angel carane mbedakake, cukup dititeni panganggone salah siji bae, cukup sing dititeni sandhangan pepet (..ꦼ…), sing ora migunakake sandhangan pepet, aksara /e/ mesthi ditulis nganggo sandhangan taling (ꦺ…..).

Sing kudu ditulis nganggo sandhangan pepet carane niteni ngene :

Bocah – bocah kudu bisa nyebutake tembung **"pepet"** kanthi bener !

Sawise pangucape wis bener, kari maca apa kang bakal katulis, yen nemokake aksara /e/ sing pangucape padha karo tembung **"pepet"**, nulise kudu nganggo sandhangan **"pepet"** , dene /e/ liyane kudu nganggo taling. Wis ngono thok carane, ... gampang ta ?

No	Tulisan Latin	Katrangan	Tulisan Jawa
1	tebu	Aksara /e/ ing tembung **tebu**, diwaca **padha** karo aksara /e/ ing tembung **pepet**, mula kudu **nganggo sandhangan pepet**	ꦠꦼꦧꦸ
2	sega	Aksara /e/ ing tembung **sega**, diwaca **padha** karo aksara /e/ ing tembung **pepet**, mula kudu **nganggo sandhangan pepet**	ꦱꦼꦒ
3	tela	Aksara /e/ ing tembung **tela**, diwaca **orapadha** karo aksara /e/ ing tembung **pepet**, mula kudu **nganggo sandhangan taling**	ꦠꦺꦭ
4	beda	Aksara /e/ ing tembung **Beda**, diwaca**orapadha** karo aksara/ e/ ing tembung **pepet**, mula kudu **nganggo sandhangan taling**	ꦧꦺꦢ
5	dhewe	Aksara /e/ ing tembung **dhewe**, diwaca**orapadha** karo aksara /e/ ing tembung **pepet**, mula kudu **nganggo sandhangan taling**	ꦣꦺꦮꦺ

b. Sandhangan Panyigeg Wanda

Sigeg tegese mati tumrape aksara (huruf), dadi sandhangan panyigeg wanda yaiku sandhangan kang digunakake kanggo ngganteni aksara sigeg (huruf mati). Aksara sigeg (huruf mati) kang diganteni nganggo sandhangan iki ana telu, yaiku**:** ***h, r***, lan ***ng***

Wujude Sandhangan Panyigeg Wanda:

No	Jenenge	Wujude	Kanggo sigeg/ paten
1	Wignyan	… ꦃ	h
2	Layar	……	r

3	Cecak	……	ng
4	Pangku	… ꧀	Saliyane sigeg h, r lan ng Manawa dadi sigeg (huruf mati) ing pungkasan, aksarane dipangku.

Tuladhane:

No	Tulisan Latin	Tulisan Jawa
1	isih duwe sega	ꦲꦶꦱꦶꦃ ꦢꦸꦮꦺꦱꦼꦒ
2	pasar sore	ꦥꦱꦂ ꦱꦺꦴꦫꦺ
3	gedhang goreng	ꦒꦼꦝꦁ ꦒꦺꦴꦫꦺꦁ
4	Siti mangan	ꦯꦶꦠꦶ ꦩꦔꦤ꧀
5	Sutarsih nangis	ꦯꦸꦠꦂꦱꦶꦃꦤꦔꦶꦱ꧀

c. Sandhangan Wyanjana

Sandhangan wyanjana iku ana telu. Wujud, jeneng, lan gunane ing sajroning tembung kaya pratelan ngisor iki.

No.	Wujude	Jenenge	Gunane
1.	,	cakra	Sesulihe panjingan ꦫ
2.	,	keret	Sesulihe cakra lan pepet

3.	꧀	pengkal	Sesulihe panjingan

Tuladhane:

No.	Tulisan Latin	Tulisan Jawa
1.	Sutrisna	ꦱꦸꦠꦿꦶꦱ꧀ꦤ
2.	menyang krukah	ꦩꦼꦚꦁꦏꦿꦸꦏꦃ
3.	kopyah abang	ꦏꦺꦴꦥꦾꦃꦲꦧꦁ
4.	kreta anggrek	ꦏꦿꦺꦠꦲꦁꦒꦿꦺꦏ꧀
5.	Subagya bregas	꧋ꦱꦸꦧꦒꦾꦧꦿꦺꦒꦱ꧀

3. Pasangan


Pasangan iku gunane kanggo nulis aksara kang mapane ana ing sakburine aksara sigeg, kejaba aksara sigeg mau aksara r, h lan ng. Amarga aksara sigeg r, h lan ng mau wus ana tandhane, yaiku r = layar (...), h = wignyan (ꦃ), ng = cecak (... ...).

Wujude pasangan, kaya kang kapacak ing ngisor iki :

= ha	= na	= ca	= ra	= ka
= da	= ta	= sa	= wa	= la
= pa	= dha	= ja	= ya	= nya

= ma	= ga	= ba	= tha	= nga

Gatekna carane nulis migunakake pasangan :



Aksara sigeg ditulis legena, sawise aksara sigeg ditulis nganggo pasangan. Aksara sigeg r, h lan ng ditulis nganggo sandhangan panyigeg wanda, kaya tuladha ing dhuwur. Aksara sigeg r ditulis nganggo layar.

Tuladha migunakake pasangan :

No.	Tulisan Latin	Tulisan Jawa
1.	kembang kanthil	[illegible]
2.	mangan salak	[illegible]
3.	rujak cingur	[illegible]
4.	simbah kembar	[illegible]
5.	peyek urang	[illegible]

Cathetan :

Pengkal ora lumrah karaketake ing pasangan *wa* (....), mulane yen sangarepe aksara *wa pengkal* ([illegible]) ana aksara sigeg, aksara mau kudu dipangku dhisik.Tuladhane: *sandhangan wyanjana* yen ditulis nganggo aksara Jawa dadi [illegible].

Tumrap pasangan *ka* () lan *ta* () lan *la* () yen oleh sandhangan wyanjana utawa *suku* (....) bali dadi wutuh nanging manggone tetep ana ing ngisor aksara sing dipasangi.

Tuladhane :

No.	Tulisan Latin	Tulisan Jawa
1.	mangan krupuk	ꦩꦔꦤ꧀ꦏꦿꦸꦥꦸꦏ꧀
2.	golek tuma	ꦒꦺꦴꦭꦺꦏ꧀ꦠꦸꦩ
3.	wis lumrah	ꦮꦶꦱ꧀ꦭꦸꦩꦿꦃ
4.	saiki wis tentrem	ꦱꦲꦶꦏꦶꦮꦶꦱ꧀ꦠꦺꦤ꧀ꦠꦿꦺꦩ꧀
5.	sulistya ing warna	ꦱꦸꦭꦶꦱ꧀ꦠꦾꦲꦶꦁꦮꦂꦤ

Pepeling

Gatekna lan Jingglengana!

1. Wujud aksara Jawa kang cacahe ana rong puluh iku.
2. Carane nulis nganggo aksara Jawa legena.
3. Sandhangan swara sarta carane nggunakake.
4. Gunane sandhangan panyigeg wanda sarta carane nggunakake.
5. Gunane sandhangan wyanjana sarta carane nggunakake.
6. Gunane pasangan aksara Jawa sarta carane nggunakake.
7. Pasangan aksara Jawa sing duweni ciri kusus sarta carane nggunakake.
8. Wenehana tandha ana ing teks ngenani nulis nganggo aksara Jawa ing dhuwur kang durung kok mangerteni.

Kegiatan 2 Mangun Teks Bebarengan

Ing kegiatan iki bocah-bocah diajak mangerteni apa kang dadi tatanane panulisan nganggo aksara Jawa nggunakake sandhangan swara, sandhangan

panyigeg wanda, sandhangan wyanjana sarta pasangan. Kabeh mau supaya para siswa bisa nulis nganggo aksara Jawa.

Tugas 1: Carane Nulis lan Maca Aksara Jawa

Tindakna kaya pituduh ing ngisor iki!

1. Gawea klompok, saben klompok watara lima nganti enem anggotane.
2. Bukaken maneh cathetan samubarang kang durung kongerteni ana ing kegiatan 1 ing dhuwur.
3. Dhiskusekna bab-bab kang durung kongerteni ngenani guna lan cara nulis nganggo aksara Jawa kanthi tatanan sing wis diandharake ing teks iku kanthi santun.
4. Manawa isih durung bisa ngerti kanthi dhiskusi ing klompokmu, catheten bab mau kanthi basa kang bener.
5. Takokna bab-bab kang durung bisa dimangerteni ana ing klompok dhiskusimu marang Bapak/Ibu Guru kanthi rasa tanggungjawab.

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Kepriye carane nulis nganggo aksara Jawa legena ?
2. Sandhangan iku kena diperang dadi telu, sebutna apa arane ?
3. Kepriye carane mbedakake gunane sandhangan pepet karo taling ?
4. Apa kang diarani sandhangan panyigeg wanda iku ?
5. Sebutna apa gunane sandhangan panyigeg wanda iku ?
6. Apa bedane cakra karo pepet ?
7. Apa gunane pasangan ana ing panulisan nganggo aksara Jawa ?
8. Aksara apa bae sing mujudake aksara sigeg nanging ora oleh diwenehi pasangan apadene diwenehi pangkon ?
9. Apa sababe aksara sing wis koksebutake ing no 8 iku ora oleh diwenehi pasangan apadene dipangku ?
10. Ana saweneh pasangan menawa oleh sandhangan suku, cakra, keret, lan pengkal malih dadi wutuh kaya wujud asline. Pasangan aksara apa bae iku?

Tugas 2: Nulis Nganggo Aksara Jawa

Ukara-ukara ing ngisor iki salinen nganggo aksara Jawa bebarengan karo klompokmu!

1. Palupi lunga menyang Surabaya.
2. Widodo dadi polisi.

3. Budhe Winarti rawuh saking Banyuwangi.
4. Para among tani lagi padha ngolah tegal sawahe.
5. Pak Warto tuku sate lan gule ing warung tegal.
6. Saben dina Basuki budhal sekolah numpak sepedhah.
7. Prayogane Pakdhe Hermawan dhahar dhisik mumpung segane anget.
8. Kutha Surabaya tambah maju lan asri diasta walikota Tri Rismaharini.
9. Generasi mudha kudu bisa ngleluri basa, sastra, lan budaya Jawa.
10. Saben liburan semester ganjil sekolahku nganakake rekreasi menyang pulo Bali.

Tugas 3: Maca Teks Aksara Jawa

Teks ing ngisor iki salinen nganggo aksara Latin bebarengan!

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]
[illegible]
[illegible]

[illegible]
[illegible]
[illegible]
[illegible]

Kanggo ngerteni isine teks ing dhuwur wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Apa irah-irahane teks ing dhuwur ?
2. Apa sejatine kang diarani taman obat kulawarga iku ?
3. Budidaya tanduran obat iku apa paedahe ?
4. Sing kagolong tanduran obat lan umum ditandur ana ing masyarakat iku apa bae ?
5. Ana ing kutha-kutha umume pekarangane ciut-ciut, malah ana sing ora duwe pekarangan kanggo nandur toga. Kepriye carane supaya tetep bisa nandur ?

Kegiatan 3 Nulis lan Maca Aksara Jawa kanthi Mandhiri

Tugas 1: Nulis Teks Nganggo Aksara Jawa

Ukara-ukara ing ngisor iki salinen nganggo aksara Jawa kanthi jujur sarta tanggung jawab!

1. Masyarakat padha mbudidaya tanduran obat.
2. Suruh abang iku akeh paedahe tumraping kesehatan.
3. Kabeh warga nyengkuyung anane taman obat kulawarga.
4. Lemah kidul kreteg ditanduri bangsane tanduran obat.
5. Empon-empon kuwi kalebu tanduran obat.

Tugas 2: Maca Teks Aksara Jawa

Teks ing ngisor iki salinen nganggo aksara Latin!

[illegible]

[illegible]

[illegible]

2

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]



Wit Temulawak



Kembang Temulawak



Temulawak

[illegible]

Niteni Panganggone Sandhangan

Gatekna :

[illegible]

Ukara mawa aksara Jawa iki menawa digatekake :

Jenis sing dijingglengi	Arane	Cacahe
Sandhangan swara	wulu	2
	suku	3
	pepet	4

	taling	-
	taling tarung	3
Sandhangan panyigeg wanda	layar	1
	cecak	2
	wignyan	-
	pangkon	1
Sandhangan wyanjana	cakra	-
	keret	-
	pengkal	-
Pasangan	ha = 2, da = 1, sa = 1, dha = 1	

Tulisen ukara candhake banjur golekana sandhangan apadene pasangane kaya tuladha ing dhuwur !

Tindakna pituduh ing ngisor iki supaya bisa maca lan nulis nganggo aksara Jawa, sarta bisa mangerteni isi teks sing diwaca.

Tindakna :

1. Wacan sing wis kosalin nganggo aksara Latin ing tugas 2 ing dhuwur, dhiskusekna saklompokmu ngenani isine wacan mau !
2. Tulisen isine wacan mau nganggo basamu dhewe.
3. Wacanen asiling anggonmu nulis mau ana ing ngarep kelas supaya dikomentari dening klompok liyane.
4. Salinana tulisanmu ngenani isi wacan sing wis kok tulis nganggo basamu dhewe lan wis kok owahi saperlune saka komentare kanca-kancamu mau nganggo aksara Jawa !
5. Pajangen tulisanmu kang migunakake aksara Jawa mau ana ing papan sing wis sumadya ing kelasmu, sawise diaturna lan dipriksa Bapak utawa Ibu Gurumu.

Uji Kompetensi Wulangan 7

A. Wangsulana pitakon-pitakon kanthi milih wangsulan sing paling bener!

1 Pranyatan ing ngisor iki pranyatan ngenani gunane pasangan, kang bener ….
   a. Kanggo nulis aksara sigeg ana ing pungkasane ukara.
   b. Kanggo nulis aksara ing burine aksara legena.
   c. Kanggo nulis aksara sing mengku sandhangan swara.
   d. Kanggo nulis aksara ing burine aksara sigeg, kejaba aksara sigeg mau r, h lan ng.

2 Tembung – tembung ing ngisor iki kang migunakake sandhangan pepet manawa ditulis nganggo aksara Jawa yaiku ….
   a. sambel
   b. tempe
   c. enak
   d. jarene

3 Pasangan kang owah dadi wujud asline menawa oleh sandhangan suku, cakra, keret apadene pengkal yaiku pasangan ….
   a. na, ga, pa
   b. ka, ta, la
   c. sa, ra, nga
   d. nya, tha, ma

4 pasangan kang digunakake ana ing tetembungan iku pasangan ….
   a. ba lan ta
   b. ba lan ka
   c. ca lan ka
   d. ca lan ta

5 sandhangan kang digunakake ana ing tetembungan iku

….

a. Cakra
b. Pengkal
c. Keret
d. Cecak

6 Ing ngisor iki sing nggunakake cakra lan suku manawa ditulis nganggo aksara Jawa yaiku … .
a. kuping
b. sarung
c. krupuk
d. lastri

7 Tembang Maskumambang. Panulisane Jawa sing trep yaiku … .
a.
b.
c.
d.

8 Mbarengi lenggah, panulisane Jawa sing trep yaiku … .
a.
b.
c.
d.

9 Dipangan pitik. Panulisane Jawa sing trep yaiku … .
a.
b.
c.
d.

10 Kopyah putih, yen ditulis nganggo aksara Jawa
a.

b. [illegible]

c. [illegible]

d. [illegible]

Wangsulana pitakon ing ngisor iki !

1. Sandhangan ana ing panulisan aksara Jawa iku kena kaperang dadi pira ? Jelasna !
2. Apa gunane pasangan ana ing panulisan nganggo aksara Jawa ?
3. Tulisen nganggo aksara Jawa : Krana cabe puyang awak mriyang sida ilang.
4. [illegible] yen ditulis nganggo aksara Latin ….
5. [illegible] yen ditulis nganggo aksara Latin … .

WULANGAN 8

SOSIAL

Kompetensi Dasar	Indikator
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional.	1.1.1 Berdoa sebelum memulai dan sesudah kegiatan belajar bahasa daerah. 1.1.2 Menggunakan bahasa daerah dalam berkomunikasi dengan tata krama.
1.2 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana memahami informasi lisan dan tulis	1.2.1 Menggunakan bahasa daerah sebagai sarana memahami informasi tulis
2.2 Memiliki perilaku percaya diri dan tanggungjawab atas karya budaya masyarakat daerah yang pebuh makna	2.2.1 Bertanggung jawab dalam membuat tanggapan pribadi terhadap struktur teks cerita rakyat. 2.2.2 Santun dalam menyajikan tanggapan pribadi terhadap struktur teks cerita rakyat.
3.3 Memahami struktur teks, unsur kebahasaan, dan pesan moral dari teks lisan dan tulis yang berupa fiksi (wayang/ cerpen/cerita rakyat/ topèng ḍhâlâng	3.3.1 Mengidentifikasi teks cerita rakyat. 3.3.2 Menganalisis struktur teks cerita rakyat. 3.3.3 Menganalisis unsur kebahasaan teks cerita rakyat 3.3.4 Menjelaskan pesan moral teks cerita rakyat
4.3 Mengapresiasi tekn fiksi (wayang/ cerkak/cerita rakyat/ Topeng dhalang) sesuai konteks secara lisan dan tulis	4.3.1 Membaca indah teks cerita rakyat. 4.3.2 Menanggapi isi cerita rakyat. 4.3.3 Menceritakan relevansi pesan moral teks cerita rakyat dengan kehidupan



Mbabar Wawasan

Gatekna teks ing ngisor iki kanthi premati!

SAWUNGGALING

Bedhug kenthang-kenthang, mulih saka dolan Jaka Berek atine mbedhegel, praupane *abang mbranang* ngempet kanepson. Jaka Berek muring-muring temenan, saben-saben dolan mesthi dienyek karo kanca-kancane amarga mlarat, diloke bocah karam ora duwe bapak.

" Biyung....! biyung aku isin..! aku emoh dolan maneh..., aku isin!" swara Jaka Berek bengok-bengok.

" Gek ana apa ta le, kok bengok-bengok, yen ana perkara mbok ngomong biyung iki..!" Biyunge sumaur saka njero, banjur lungguh njejeri Jaka Berek sing lagi lungguh lincak ing emper omah.

" Biyung..., aja gela atimu ya, aku daktakon. Sejatine bapakku kuwi sapa, jare kancaku aku bocah karam ora duwe bapak. Simbah daktakoni dikongkon takon biyung. Yen pancen aku duwe bapak sapa bapakku, yen isih urip nang endi panggonane, yen mati endi kubure?" Pitakone Jaka Berek marang biyunge.

" Thole anakku Jaka Berek, gedhekna atimu. Ora ana critane anak ora duwe bapak. Bapakmu ya durung seda, isih sugeng. Ananging yen nganti biyung crita janjia aja dadi serik ati marang bapakmu, awit iki kabeh ana sebab musababe. Ora mung salahe bapa biyungmu." Biyunge Jaka Berek sing sejatine Dewi Sangkrah ngendikan karo ngelus-ngelus putrane si Jaka Berek.

" Iya biyung aku janji." Jaka Berek janji marang biyunge.

" Sejatine bapakmu kuwi adipati ing Kadipaten Surabaya, asmane Jayengrana. Yen kepingin ketemu budhala, golekana bapakmu. Nalika semana bapakmu maringi biyungmu slendhang Cindhe Puspita. Iki slendhange gawanen, sapa ngerti mengko ana gunane. Dakpangestoni salakumu." Dewi Sangkrah ngendika ngono karo mbrebes mili.



" Biyung, matur nuwun palilahmu. Pangestumu biyung, aku njaluk pamit." Jaka Berek budhal menyang Kadipaten Surabaya sangu slendhang Cindhe Puspita.

Satekane Kadipaten dicegat prajurit loro. Amarga ora dililani mlebu kadipaten Jaka Berek padudon lan gelut karo prajurit mau. Untunge padudon enggal konangan Pangeran Sawungrana lan Sawungsari putra Adipati Jayengrana, saengga ora nganti ketiwasan.

" Nyuwun ngapunten Pangeran, punika wonten lare nem-neman ingkang meksa badhe mlebut kadipaten, sowan dhateng Kanjeng Adipati". Prajurit mau matur pangeran loro mau karo *keweden*, wedi kadukanan.

" He! Nom-noman, sapa jenengmu? ana parigawe apa kowe arep mlebu kadipaten?" pitakone Pangeran Sawungrana.

" Jenengku Jaka Berek, aku kepingin ketemu Adipati Jayengrana, ana sing perlu dakomongke mula aja kok alangi" Jaka Berek ngomong tanpa nganggo *subasita*.

” He...! Jaka Berek wong *murangtata*, ora bisa kowe nemoni Rama Jayengrana, muliha! Yen ora gelem, bakal dakulihke nyawamu.” Santak panantange Sawungsari.

” Ora bisa! Aku kudu ketemu Adipati Jayengrana.” Krungu tekade Jaka Berek, Pangeran Sawungrana lan Sawungsari sigra ngroyok Jaka Berek. Dadi padudon lan gelut rame antarane Jaka Berek lumawan Pangeran Sawungrana lan Sawungsari. Durung pati suwe anggone gelut, konangan Sang Adipati Jayengrana sing lagi bae metu saka njero kadipaten.

” He... leren....leren...! Ana apa iki padha gelut!” Adipati Jayengrana nglerenake sing padha gelut, lan nakoni apa sebab musababe nganti gelut.

” Jaka Berek, aku Adipati Jayengrana, ana parigawe apa kowe pengin nemoni aku?” Adipati Jayengrana *ndangu* Jaka Berek.

” Waleh-waleh apa bapak Adipati, aku kepingin ketemu sampeyan, njaluk diaku anak. Aku iki anakmu, anake biyung Dewi Sangkrah.” Jaka Berek njawab blaka suta marang Adipati Jayengrana.

” Ketemu pirang perkara! Aja ngawur, kowe nyebut aku bapakmu, apa buktimu?” *Sereng* pangandikane Adipati Jayengrana semu duka.

Jaka Berek ngetokake slendhang Cindhe Puspita saka wungkusan, diaturake Adipati Jayengrana. Nalika Adipati Jayengrana mirsani slendhang Cindhe Puspita *legeg*, kelingan menawa slendhang mau pancen tandha mata kang nate diparingake garwa selire kang kinasih kang asma Dewi Sangkrah.

” Yen ngono bener tenan, sliramu pancen putraku.” Ngendikan ngono karo ngrangkul Jaka Berek, banjur dikenalake karo Sawungsari lan Sawungrana minangka sedulure. Cekake crita Jaka Berek banjur manggon ana Kadipaten Surabaya, diparingi asma Sawunggaling. Ing sajerone kadipaten Jaka Berek *ginulawenthah* ing tata krama lan subasita, sarta tata kaprajan, padha karo putra liyane.

Bausastra

mbedhegel	: mangkel
abang mbranang	: abang banget (tembung saroja)
biyung	: simbok, ibu
gedhe ati	: percaya marang awake dhewe
palilah	: ijin
padudon	: pa+padu+an: gegeran
keweden	: ka+wedi+an
kadukanan	: ka+duka+an: duka; srengen, disrengeni
subasita	: tatakrama
murangtata	: ora duwe tatakrama
dangu	: 1) takon; 2) suwe
legeg	: kaget (nganti ora bisa ngomong)
ginulawenthah	: diopeni kanthi diwulang/diajari, digladhi/ dilatih.

Teks ing dhuwur wacanen lan setitekne kanthi permati! Sabanjure pitakon ing ngisor iki wangsulana kanthi patitis!

a. Apa judhule teks crita wayang ing dhuwur ?
b. Apa tema saka teks ing dhuwur ?
c. Kepriye alur crita teks ing dhuwur ?
d. Sapa bae paraga utama lan paraga tambahane? Kepriye wewatakane paragane ?
e. Kepriye latar wektu lan panggonane ?
f. ”Sudut pandang” sapa sing digunakake ?
g. Kepriye lelewaning basa/kawruh basa kang ana ing teks ?
h. Nilai moral/amanat apa sing bisa dijupuk saka teks ing dhuwur?

Pepeling

Crita Rakyat lan dongeng kuwi crita kang sumrambah lan sumebar ing bebrayan/masyarakat kanti cara dicritake kanthi lisan, dicritakake saka wong tuwa, simbah, bapak ibu menyang anak-putune. Crita rakyat lan dongeng kuwi saka isine lan paragane, paragane kewan (fabel), bisa dihubung-hubungake karo sejarah (sage) , kapitayan/gugon tuhon (mitos), uga dumadine sawenehing panggonan lan prastawa(legendha)liyane. Teks ”Sawunggaling” ing ngisor iki tuladhane crita sing ana rapete karo sejarah, nanging bener orane dudu perkara sing penting.


Kegiatan 1 Modhel Teks Crita Rakyat

Tugas 1: Andharan ing Ngisor iki Wacanen lan Semaken!

a. Teks crita rakyat kalebu teks narasi. Wujude teks narasi bisa dideleng saka perangan wewangunane utawa struktur sing bisa mangun teks lan perangan basa kang dumadi saka panganggone tembung lan ukara.
   1) Struktur teks narasi dumadi orientasi, komplikasi, klimaks, resolusi, reorientasi, lan koda/amanat.
   2) Unsur bahasa, wujud basane teks narasi rupa tembunge, ukarane, lan wangune paragraf. Ing kalodhangan iki bakal ngrembug mligi ngenani wangune ukara lamba lan ukara camboran, panganggone ukara langsung lan ukara ora langsung, lan uga unggah-ungguh basa.

b. Tujuan panulisan lan pamacan teks narasi kuwi kanggo panglipur sing bisa dijupuk pesan moral/nilai budi pekerti, lan hikmahe.
c. Fungsi teks narasi saliyane wujud medhar gagasan lan ide, uga kanggo warisake nilai budi pekarti luhur.

Wacanen teks ing ngisor iki!



SRI TANJUNG

Jaman biyen ing negara Sindureja, kang jumeneng ratu asma Prabu Sila Hadikrama. Negarane, subur makmur loh jinawi, tata tentrem kerta raharja, rakyate urip cukup sandhang, pangan, lan papan. Ananging Prabu Sila Hadikrama lagi nandhang dhuhkita amarga Sang Prameswari lagi nandhang gerah ora dhangan-dhangan. Prabu Sila Hadikrama utusan patihe kang asma Raden Sidapaksa nggolekake obat kagem Sang Prameswari. Patih Sidapaksa sowan eyange Sang Bagawan Tambang Petra ing padhepokan, nyuwunake obat kagem Sang Prameswari. Patih Sidapaksa kuwi isih turun Pandhawa, mula saliyane priyantune bagus, gagah prakosa, uga sekti mandraguna.→**Orientasi**

Ing padepokan, Patih Sidapaksa ketemu prawan sing ayune banget, solah bawane alus manuhara, lan nengsemake pandulu. Prawan ayu mau asmane Dewi Sritanjung. Sritanjung pancen beda karo prawan-prawan liyane amarga sejatine Sritanjung lahir saka ibu widodari. Patih Sidapaksa kepencut marang Sritanjung, kaya tumbu oleh tutup, semono uga Sritanjung. Kekarone banjur nambut silaning akrami. Sarampunge palakrama, Sritanjung kaboyong menyang kraton Sindureja lerem ing dalem kepatihan.

Prabu Sila Hadikarma bareng pirsa Sritanjung kesengsem, kayungyun mring kasulityane Sritanjung tanpa kinawruhan Patih Sidapakasa. Rina wengi Prabu Sila Hadikrama golek cara piye bisane ngrengkuh Dewi Sritanjung. Ndadekake Prabu Sila Hadikrama kerasukan watak julig culika.

" Patih Sidapaksa, ingsun ngaturaken agunging panuwun, sliramu wis bisa minangkani kersaningsun, Prameswari wis waluya jati kaya wingi uni. Ananging isih ana maneh jejibahan sing kudu koksarirani dhewe, yaiku ngaturake nawala menyang swargaloka, katur para dewa bukti suka panarimaku marang kabeh kang kaparingake ing negara Sindureja", pangandikane Prabu Sila Hadikrama ing pasewakan agung.→**Komplikasi**

" Sendika dhawuh Sinuhun, kula pundhi sedaya dhawuh paduka, mugi saged angayahi jejibahan punika". Patih Sidapaksa nyanggemi kabeh dhawuhe Sang Nata, tanpa ngaweruhi niat satemene saka Prabu Sila Hadikrama sing kepingin nyingkirake Patih Sidapaksa, amarga kepingin nggonjak Dewi

Sritanjung. Sejatine nawala kang kudu diaturake kagem para dewa mau isine ″Sapa sing nggawa nawala iki arep mbalela maranga para dewa.″

″ Yayi Dewi Sritanjung, pun kakang lagi kodheng, amarga kudu ngayahi jejibahan kang mokal kelakone pindhane ngarep-arep udan ing wayah ketiga, cebol nggayuh lintang, apa sliramu kersa paring pambiyantu?″ Pangandikane Patih Sidapaksa sarawuhe ing dalem kepatihan.

″ Aduh Kangmas Sidapaksa, boten usah kodheng panggalih panjenengan, kula sabiyantu panjenengan angayahi jejibahan punika. Kula nggadhah slendhang mustika paringanipun Bapa Rama Raden Sudamala, ingkang nglantaraken panjenengan sowan dhateng para dewa wonten ing swargaloka.″ Dewi Sritanjung enggal nyamektakake slendang mustika, minangka srana tindake Patih Sidapeksa tumuju Swargaloka sowan para dewa.

Cekaking crita satekane ing Swargaloka, nalika nawala diaturake para dewa sakala Patih Sidapaksa diajar lan dipilara amarga dianggep arep mbalela. Patih Sidapaksa lagi weruh yen isine nawala pancen sengaja kanggo nyingkirake piyambake. Amarga saka ora kuwawa nadhahi panandhange, Patih Sidapaksa sambat nyebut para leluhur Pandawa. Para Dewa nembe pirsa yen ta kabeh mung salah paham amarga saka trekahe Prabu Sila Hadikrama, mula banjur dikeparengake kondur menyang Sidureja lan kaparingan kanugrahan.

″ Aduh yayi Dewi Sritanjung wong ayu, leganana brantaningwang, sapanjalukmu dakturuti″ Lali purwa duksina, tanpa suba sita, murang tata Prabu Sila Hadikrama nyoba ngungrum, kayungyun gandrung-gandrung kapirangu marang Dewi Sritanjung.

″ Pangaputen Sang Prabu, mangga kula aturi enget, kula punika garwanipun Patih Sidapaksa, kula punika sampun kawengku priya...″ Dewi Sritanjung atetawang tangis nyuwun kawelasan, ananging Prabu Sila Hadikrama wis kepancingan setan ora maelu tangise Dewi Sritanjung. malah kepara ndadi. Sritanjung bisa karuket wani, Sritanjung bangga, jelih-jelih njaluk tulung.

″ Oh dadi ngono ya patrapmu, rupa ayu mung samudana, kanggo nutupi tumindak dursilamu, kendho tapihmu, ditinggal kakung ngleboke kakung liya.″ Ora kanyana Patih Sidapaksa wis rawuh ing taman sari kepatihan, pasuryane abang mbranang kebak kamurkan.

Kagyat sang Prabu Sila Hadikrama, dasar wis kepanjingan watak julig culika, mula kanggo nutupi tumindake malah mitenah Dewi Sritanjung.

″ Pangapuramu Patih, pancen garwamu Sritanjung kuwi murang tata, dudu wanita utama.″ Ngono pangandikane Prabu Sila Hadikrama.

″ He..., Sritanjung ora pantes sliramu urip ing ngalam donya, delahan panggonanmu″. Sora pangandikane Patih Sidapaksa. →**Klimak**

″ Aduh kakangmas Sidapaksa, nyuwun agunging pangaksami, punika boten kados ingkang panjenengan pirsani, kula boten nggadhahi tumindak

ingkang nerak kasusilan”. Dewi Sritanjung nyoba atur pambela diri. Ananging ora dipaelu dening Patih Sidapaksa.

” Inggih sampun Kakangmas, menawi panjenengan sampun boten kersa mirengaken atur kawula, kula pasrah jiwa raga, ananging perlu kawuningan lan mangga sineksenan bumi langit saisinipun, mbokbilih sanjata panjenengan tumawa ing raga kula, ingkang muncrat rah ateges kula ingkang lepat, menawi ingkang muncrat toya angganda arum, punika paring tenger bilih kula boten lepat lan boten anggadhahi tumidak dursila.” Tanpa ngenteni, sanjata keris tumacep ing dadane, saking tumamcep sanjata keris medhal toya angganda arum, Sang Dewi Sritanjung pralaya ing astane Patih Sidapaksa. →**Resolusi**

Patih Sidapaksa nglumpruk tanpa daya pindha kalolosan otot bebayune, amarga getun ora kersa nggugu ature garwane. Kawetu pangandikan ,” Besuk yen ana rejane jaman panggonan sedane Sritanjung iki karan Banyuwangi, amarga kasiram banyu angganda wangi saka anggane yayi Sritanjung, ya iki arane sapa becik kethithik, sapa ala ketara.→**Koda**

Bausastra

jumeneng (kr.a) : madheg: ngadheg
dhangan (kr.a) : waras
gagah prakosa : gagah banget;tembung saroja
sekti mandraguna : sekti banget:tembung saroja
solah bawa, alus manohara: tembung saroja
nyengsemake : ny+sengsem+ake; nyenengake, mencutake
kasengsem : kepencut
pandulu : pandeleng
kaya tumbu oleh tutup : pas banget
nambut silning akrami : palakrama: nikah
kasulistyane : ka+sulistya+ne, sulistya:ayu
julig culika : licik : tembung saroja
waluya jati : waras, kaya asale ;tembung saroja
nggonjak : nggoda, diajak tumindak slingkuh.
udan ing wayah ketiga : cebol nggayuh lintang: mokal kelakone.
nawala : surat
brantaningwang : branta+ingwang: gandrung+ku
dursila : nerak norma susila
kendho tapihmu : slingkuh; sedheng (bebasan)

Tugas 2: Nyemak Struktur Teks Crita Narasi

Sawise maca lan nyemak teks crita " Sritanjung" bakal ditemokake urut-urutane crita/struktur teks kaya katerangake ing ngisor iki.

a. Orientasi, ana ing paragraf kang nepungake paraga-paraga ing teks, panggonan kanthi njelaskake ciri-ciri: Patih Sidapaksa, Sritanjung, Negara Sindurejo lan sapanunggalane.
b. Komplikasi, ana ing paragraf kang njelasake ana prastawa, prakara kang dadi undheran crita : ketemune Patih Sidapaksa karo Sritanjung, gandrunge Prabu Sila Hadikrama marang Sritanjung lan sapanunggalane.
c. Klimaks, bisa katitik saka paragraf kang njelasake prastawa lan prakara-prakara ing teks kasebut dadi ruwet banget lan nyedhake nemokake kesimpulan/nemokake cara kanggo ngudhari prakara kang ruwet.
d. Resolusi, katitik ing paragraf kang njelasake dalan/cara kang dipilih kanggo ngudhari reruwet, bisa ndadekake apik (*happy ending*) bisa uga ndadekake elek*(sad ending)*.
e. Koda/amanat, njelaskake kesimpulan/dudutan, lan nilai budi pekerti umum kang bisa dituladha.

Tugas 3: Nyemak Unsur Basa Teks Crita Narasi

Sawise nyemak lan maca teks crita "Sritanjung" bakal ditemokake warna-warna wangune ukara. Ing Kalodhangan iki sing dadi undherane pasinaon yaiku:

a. Ukara lamba, ukara kang wangune paling sethithik dumadi saka jejer lan wasesa, bisa ditambah lesan lan katrangan. Lumrahe ing konteks teks crita arang banget digunakake.
   Tuladhane:
   "Dewi Sritanjung /nyoba atur/pambela diri"
   Dewi Sritanjung = Jejer
   nyoba atur = wasesa
   pambela diri = lesan
b. Ukara camboran, dumadi saka rong ukara utawa luwih wewangunane bisa rong jejer, rong wasesa, rong lesan lan rong katrangan. Ing konteks teks crita lumrah kang digunakake ukara camboran. Saliyane rinasa luwih endah uga kanggo nyiptakake swasana sing bisa nuwuhake greget ing pangangen-angene sing maca.
   Tuladhane:
   "Sritanjung bangga, jelih-jelih njaluk tulung."
   Sritanjung bangga (ukara 1) + Sritanjung jelih-jelih (ukara 2) + Sritanjung njaluk tulung (ukara 3)→ ukara 1,2, lan 3 drajade padha arane ukara

camboran sajajar. Cirine disambung karo tandha koma (,), bisa uga digandheng karo tembung panggandheng kayata, lan, sarta, kalih, tuwin, saha, lan sapanunggalane.

”Patih Sidapaksa nglumpruk tanpa daya pindha kalolosan otot bebayune, amarga getun ora kersa nggugu ature garwane.”
Patih Sidapaksa nglumpruk tanpa daya pindha kalolosan otot bebayune(ukara 1) , amarga + (Patih Sidapaksa) getun ora nggugu garwane. (ukara 2) →Ukara 1 lan 2 drajade ora padha, bisa kasambung krana sebab akibat, uga rupa ukara inti kang nganggo gatra panerang.

c. Ukara langsung, lumrahe nirokake sing diucapake dening jejer. Ing panulisan kaapit tandha pada pangkat (”...”). Ing teks crita, ukara langsung bisa katitik kanthi gampang menawa tokoh utamane aku, crita kacritakake dening tokoh utama.
Tuladhane:
”Aku mung bisa nangis kekejer lan mancal-mancal. Bapak Werkudara lan Ibu Dewi Arimbi kaya lagi kerubuhan gunung. Mengkono uga sing padha rawuh. Sri Bathara Kresna,Uwa Prabu Puntadewa, Paman Arjuna, Paman Nakula lan Sadewa uga melu sungkawa.”
d. Ukara ora langsung:
”Yayi Dewi Sritanjung, pun kakang lagi kodheng, amarga kudu ngayahi jejibahan kang mokal kelakone pindhane ngarep-arep udan ing wayah ketiga, cebol nggayuh lintang”, pangandikane Patih Sidapaksa sarawuhe ing dalem kepatihan.”
e. Unggah-ungguh basa:
”*Yayi* Dewi Sritanjung, pun kakang lagi kodheng, amarga kudu ngayahi jejibahan kang mokal kelakone pindhane ngarep-arep *udan ing wayah ketiga, cebol nggayuh lintang*, apa sliramu kersa paring pambiyantu ” Ukara iki arane ngoko alus., amarga tembunge campuran antara ngoko lan krama. Kawawas saka trap-trapane basa lan tata-kramane wis salaras. Sesambungan antara kakung lan putri minangka garwa, tetep kudu ana tepaslira, kurmat-kinurmat, bantu-binantu ing babagan apa bae.

”Aduh Kangmas Sidapaksa, boten usah kodheng panggalih panjenengan, kula sabiyantu panjenengan angayahi jejibahan punika.” Ukara iki krama alus, amarga tembunge kabeh krama alus. Kawawas saka tata krama, lan budaya Jawa, kalungguhane priyayi putri minangka garwa karo priyayi kakung kuwi, sesambungane antarane sing diayomi lan sing ngayomi.

”He..., Sritanjung ora pantes sliramu urip ing ngalam donya, delahan panggonanmu”. Sora pangandikane Patih Sidapaksa. Ukara iki ngoko lugu, amarga tembunge ngoko kabeh (malah kepara rada kasar). Iki uga wis trep karo trap-trapane basa yen ta wong murina/srengen/duka kuwi nganggo ngoko lugu.

Pepeling

1. Ukara lamba, ukara sing paling sithik dumadi saka jejer lan wasesa, bisa dijangkepi lesan lan katrangan. Wewangunane/polane:
   a. Jejer wasesa
   b. jejer wasesa lesan/Jejer wasesa katrangan
   c. Jejer wasesa lesan katrangan
   (Wangun/polane ora mesthi urut, nanging perangane paring ora kudu Jejer wasesa)
2. Ukara Camboran, ukara sing dumadi saka jejer, wasesa, lesan lan katrangan luwih saka siji. Wewangunane/polane:
   a. Jejer wasesa, jejer wasesa.
   b. Jejer, jejer wasesa.
   c. Jejer, wasesa wasesa
   d. Jejer wasesa
   jejer wasesa
   f. Jejer wasesa
   Jejer wasesa
   - Wangun ukara a,b, c, diarani ukara camboran sajajar amarga drajade ukara siji lan sijine padha.
   - Wangun ukara d lan e diarani ukara camboran undha-usuk, amarga ukara siji lan sijine ora padha, sing siji dadi perangane sijine.
   - Wangun/pola ora mung kaya ing dhuwur nanging bisa ditambah karo ukara panerang liyane.
3. Ukara langsung, ukara sing kaucapake langsung dening paragane/wonge, yen rupa tulisan ditandhani nganggo pada pangkat (:” ...”). Lumrahe ditulis ana ing teks pacelathon/dhialog.
   Tuladhane:
   Bapak ngendika,” Sesuk bocah-bocah kudu melu upacara!”
   Adhiku matur,”Bu, aku pundhutna bakso!”
4. Ukara ora langsung sing kaucapake dening paraga nanging dicritakake karo paraga liya. Lumrahe kanggo nulis ukara ing teks crita, panulise ditandhani nganggo pada pangkat
   Tuladhane:
   Dewi Sritanjung nyoba atur pambela dhiri, menawa dheweke ora tumindak nerak kasusilan.

Tugas 4: Nintingi Nilai Budi Pekerti Lan Relevansi Teks Crita Rakyat

Saben crita rakyat kuwi minangka sarana kanggo marisake nilai budi pekerti luhur marang generasi sateruse.

a. Nilai budi pekerti/pesan moral
   Nilai budi pekerti utawa pesan moral bisa dijupuk saka isine teks kanthi njingglengi watak lan perilakune paraga ing teks. Tuladhane: **tanggung-jawab**e Patih Sidapaksa ngayahi kewajiban, **tanggung-jawab**e Sritanjung anggone ngugemi ke**jujur**ane, rasa **hormat**e Sritajung marang Sidapaksa, **tulung-tinulung** antarane Sritanjung lan Patih Sidapaksa nalika kudu ngayahi kewajiban. Nilai budi pekerti sing tetep kudu diugemi yaiku yen ta kadurakan mesthi bisa dikalahake karo kebecikan, sapa salah mesthi kudu seleh, becik ketitik ala ketara, lan ngundhuh wohing pekerti.

b. Relevansi isi cerita karo kahanan jaman saiki:
   Teks crita rakyat /legendha ing dhuwur mung salah siji saka maewu-ewu crita sing isih ngrembaka ing satengahing masyarakat Jawa. Yen kawawas saka jaman saiki, prastawa kaya ing teks dhuwur kuwi bisa ditemoni ing sakiwa-tengene panguripan. Wong sing mung mburu senenge dhewe kaya Prabu Sila Hadikrama kang sipate dumeh sugih, dumeh jabatane dhuwur, tumindak sakarepe dhewe tanpa ngelingi panandhange liyan. Sifate Patih Sidapaksa butarepan/cemburu ing babagan apa bae bisa ndadekake ruwet, kisruh, memala, uga bebanten.

Pepeling

1. Nilai budi pekerti lan pesan moral saka teks bisa kadudut langsung saka bleger-wangune teks, bisa uga saka dudutan isine teks.
2. Relevansine nilai budi pekerti yen kawawas saka jaman saiki, bisa dijingglengi saka prastawa-prastawa kang dadi underane crita.

Kegiatan 2 Mangun Teks Bebarengan

JAKA LINTANG

Ing Negara Gagarmayang ana sawijining putri kang ngancik diwasa, sulistya ing warna, asmane Dewi Limaran. Mula akeh nom-noman kepengin nglamar minangka jatukramane. Ananging Dewi Limaran tansah nulak amarga durung kepingin omah-omah.

Ratu ing Negara Gagarmayang kaloka sekti-mandraguna, nanging uga kejem. Nalika ratu ing Negara Gagarmayang nedya nglamar, lamaran iku ditulak, Sang Prabu duka yayah sinipi. Kanthi ilmu kasektene, Dewi Limaran disotake dadi kidang wadon nanging tetep bisa tata-jalma. Dewi Limaran nangis kelara-lara, nyuwun dibalekakake dadi manungsa maneh, ananging Sang Prabu ngendika ora bisa, yen pingin dadi manungsa maneh kudu nglakoni tapa ngrame, kanthi cara tumindak becik marang sapa bae ing bebrayan.

Kidang wadon malihane Dewi Limaran ditundhung minggat saka Kraton Gagarmayang. Kidang wadon ngulandara ninggalake Negara Gagarmayang, nganti tumeka ing satengahe alas Ngrayudan, sawetane Gunung Lawu. Kidang wadon mau banjur manggon ana kono.

Sawijining dina nalika kidang wadon mau lagi leren, keprungu swarane bayi nangis lan diparani. Saka welase, bayi lanang sing ora jelas wong tuwane mau diopeni dijenengake Jaka Lintang. Bayi mau digolekake panganan woh-wohan, digawekake eyup-eyupan saka pang. Eloke lelakon, payudarane kidang wadon mau bisa ngetokake banyu susu, kanggo menehi ngombe bayi mau.

Sawise diwasa bayi mau saliyane dikandhani yen sejatine kidang wadon mau asale saka manungsa aran Dewi Limaran. Jaka Lintang uga diparingi lontar isi ilmu pangawikan sing asale saka wong tuwane Dewi Limaran. Jaka Lintang dadi nom-noman kang gagah prakosa, trampil trengginas lan sekti mandraguna. Jaka Lintang dadi kajen-karingan ing desa Ngrayudan.

Sang Prabu tindak mbebedhag menyang alas, nganti tekan alas Ngrayudan. Ing alas Ngrayudan Sang Prabu pirsa ana kidang, diuber banjur dipanah, mati. Jaka Lintang nangis meruhi ibune seda.

"He bocah bagus ana apa kowe nangis kelara-lara?" Sang Prabu ndangu Jaka Lintang.

"Nyuwun pangaputen Gusti Prabu, kawula nangisi ibu kula ingkang sampun panjenengan sedani." Jaka Lintang matur prasaja yen kidang wadon mau ibune, sing sejatine asale saka manungsa kang disotake dening ratu.

Krungu ature Jaka Lintang, langit dadi peteng dhedhet, udan deres campur angin banjur ana swara ing langit, "He Raja kang wengis, aku Dewi Limaran sing wis koksotake dadi kidang. Sawise dadi kidang saiki isih kokpanah nganti teka ing pati. Saiki titiwancine ngundhuh wohing pakartimu. Udan angin lan langit peteng dhedhet iki minangka piwalesku, sing bakal ngentirake anggamu".

Lerene swara mau ana bledheg nyamber Sang Prabu. Sanalika Sang Prabu malih dadi naga, ngeli ngatut banyu banjir amarga udan deres mandheg ing panggonan sangisore desa Ngrayudan. Panggonan mau saiki karan Sumber Naga. Ing Sumber Naga, banyune mancur, metu saka guwa watu sing wangunane kaya endhase ula.

Sarampunge gara-gara ing alas Ngrayudan, kahanan ing kraton Gagarmayang komplang tanpa ratu. Warga Gagarmayang banjur nyengkakake Jaka Lintang minangka gantine Ratu kang wis ilang katut banyu banjir.

Wiwit dina iku Jaka Lintang menehi wewaler marang warga Ngrayudan supaya aja pisan-pisan mateni kidang. Yen nganti ana sing mateni kidang bakal ana banjir bandhang ing Ngrayudan lan sakiwa tengen.

Tugas 1 : Njingglengi Teks Narasi Cerita Rakyat

Nggawea klompok dhiskusi ora luwih saka bocah 4, salah siji dadi ketua klompok lan 3 liyane dadi anggotane.

1. Saben anggota klompok kudu duwe **tanggung jawab** marang tugas klompok.
2. Tugas digarap kanthi cara **kerjasama**, lan kudu gelem **toleransi** marang panemune liyan nalika ngrampungake tugas klompok.
3. Tugas rupa laporan asil dhiskusi ditulis/diketik kudu dikumpulake ing wektu kang wis ditemtokake/**disiplin**.
4. Tugase klompok, yaiku:

   a. Pitakon ing ngisor iki wangsulana!

   Slaras karo asile anggomu dhiskusi. Jlentrehna struktur teks saka cerita "Jaka Lintang" ing dhuwur kanthi bukti paragraf sing nyengkuyung pranyatanmu.

   1) Orientasi : ....
   2) Komplikasi : ....
   3) Klimak : ....
   4) Resolusi : ....
   5) Reorientasi : ....
   6) Koda/panutup : ....

   b. Goleka tuladhane unsur kebahasaan sing ana ing cerita "Jaka Lintang" ngenani:

   1) Ukara Lamba :
   ....
   ....

2) Ukara Camboran :
....
....

3) Unggah ungguh basa
....
....

c. Golekana lan gawenen dudutan ngenani:
1) Nilai budi pekerti/pesan moral ing teks "Jaka Lintang"
....
....

2) Relevansine isi crita teks "Jaka Lintang" karo kahanan jaman saiki!
....
....

Kegiatan 3 Mangun Teks kanthi Mandhiri

Tugas 1 : Golek Teks Narasi Crita Rakyat

Goleka teks crita rakyat saka ngendi bae bebas, bisa golek ana internet, majalah, buku-buku crita, lan sapanunggalane. Sing penting kudu golek dhewe lan pilihen siji bae. Wacanen lan njingglengana!

Tugas 2: Nintingi Teks Narasi Crita Rakyat

Sawise maca lan njingglengi teks sing wis kopilih, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki manut penemumu dhewe!

1. Wangsulanmu tulisen nganggo tulisan tanganmu dhewe ana lembaran, nganggo ukaramu dhewe ora kenek nurun kancane, lan buktekna saka teks sing wis kopilih ngenani:

a. Andharna struktur teks kanthi bukti paragraf sing nyengkuyung pranyatanmu.

1) Orientasi : ....
....

2) Komplikasi : ....
....

3) Klimak : ....
....

4) Resolusi : ....
....

5) Reorientasi : ....
....
6) Koda/panutup : ....
....

b. Golekana tuladhane unsur basa ing sajrone crita ngenani:

1) Ukara Lamba :
....
....
2) Ukara Camboran :
....
....
3) Unggah ungguh basa
....
....

c. Golekana lan gawenen dudutan ngenani:

1) Nilai budi pekerti/pesan moral ing teks
....
....
2) Relevansine isi crita teks karo kahanan jaman saiki!
....
....

Uji Kompetensi Wulangan 8

I. Wangsulana pitakon ngisor iki kanthi milih siji wangsulan sing paling bener!

1. Sarampunge gara-gara ing alas Ngrayudan, kahanan ing kraton Gagarmayang komplang tanpa ratu. Warga Gagarmayang banjur nyengkakake Jaka Lintang minangka gantine Ratu kang wis ilang katut banyu banjir. Paragraf ing dhuwur yen katitik saka struktur teks kalebu peranganane....
   a. orientasi
   b. komplikasi
   c. klimak
   d. resolusi
2. ”He Raja kang wengis, aku Dewi Limaran sing wis koksotake dadi kidang. Sawise dadi kidang saiki isih kopanah nganti teka ing pati. Saiki wis titiwancine ngundhuh wohing pakartimu, udan angin lan langit peteng dhedhet iki minangka piwalesku sing bakal ngentirake anggamu”. Lerene swara mau ana bledheg nyamber Sang Prabu, sanalika Sang Prabu malih dadi naga. Paragraf ing ndhuwur yen katitik saka struktur teks kalebu peranganane....
   a. orientasi
   b. komplikasi
   c. klimak
   d. resolusi
3. Wiwit dina iku Jaka Lintang menehi wewaler marang warga Ngrayudan supaya aja pisan-pisan mateni kidang. Yen nganti ana sing mateni kidang bakal ana banjir bandhang ing Ngrayudan lan sakiwa tengene. Katitik saka wangune/polane ukara ing dhuwur kalebu....
   a. komplikasi
   b. resolusi
   c. klimak
   d. koda
4. ”He bocah bagus ana kowe nangis kelara-lara?”
   Ukara ing dhuwur katitik saka unggah-ungguh basa, tembung kang digunakake kalebu....
   a. krama alus
   b. ngoko alus
   c. krama lugu
   d. ngoko lugu
5. ”Nyuwun pangaputen Gusti Prabu, kawula nangisi ibu kula ingkang sampun panjenengan sedani.”

Ukara kasebut katitik saka unggah-ungguh basa, tembung kang digunakake kalebu....

a. krama alus
b. ngoko alus
c. krama lugu
d. ngoko lugu

6. Sang Prabu tindak mbebedhag menyang alas.
Ukara kasebut yen katitik saka wangune/polane kalebu....
a. ukara langsung
b. ukara ora langsung
c. ukara lamba
d. ukara camboran
7. Dewi Limaran tansah nulak amarga durung kepingin omah-omah. Ukara kasebut yen katitik saka wangune/polane kalebu....
a. ukara lamba
b. ukara camboran wudhar
c. ukara camboran
d. ukara camboran undha-usuk
8. Kidang wadon ngulandara ninggalake negara Gagarmayang, nganti tumeka ing satengahe alas Ngrayudan, sawetane gunung Lawu.
Ukara kasebut yen katitik saka wangune/polane kalebu ....
a. ukara lamba
b. ukara camboran wudhar
c. ukara camboran
d. ukara camboran undha-usuk
9. ”He bocah bagus ana apa kowe nangis kelara-lara?” Sang Prabu ndangu Jaka Lintang.
Ukara ing ndhuwur yen katitik saka panganggone pada pangkat, kalebu....
a. ukara langsung
b. ukara ora langsung
c. ukara lamba
d. ukara camboran
10. Ukara ing ngisor iki sing klebu tuladhane ukara ora langsung yaiku....
a. Jaka Lintang menehi wewaler marang warga Ngrayudan supaya aja pisan-pisan mateni kidang.
b. Dewi Limaran ngendikan yen apa sing dialami Ratu Gagarmayang iku minangka ngundhuh wohing pakarti.

c. Dewi Limaran disotake dadi kidang wadon nanging tetep bisa tata jalma.
d. Ratu ing negara Gagarmayang kaloka sekti mandraguna nanging uga kejem.

II. Wangsulana pitakonan ngisor iki kanthi patitis!

1. Aranana sapa bae paraga ing teks ”Jaka Lintang”.
2. Kepiye watak lan tindak-tandyke paraga-paraga mau? Terangna!
3. Wenehana tuladhane ukara lamba kanthi pola /jejer-wasesa-lesan-katrangan/ 2 bae!
4. Matura marang ibumu yen arep nyuwun dhuwit kanggo tuku klambi, nganggo unggah-ungguh basa sing bener!
5. Manut panemumu, nilai-nilai budi pekerti apa sing bisa dijupuk saka crita rakyat ”Jaka Lintang”, jelasna!

Gladhen Ulangan Akhir Semester Genap

I. Wangsulana pitakon ngisor iki kanthi milih siji wangsulan sing paling bener!

1. Asil karya sastra Jawa kang kaiket ing aturan guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu diarani....
   a. tembang macapat
   b. tembang dolanan
   c. geguritan
   d. gancaran
2. Asil karya sastra Jawa kang ora kaiket ing aturan guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu lan awujud puisi, diarani....
   a. tembang macapat
   b. tembang dolanan
   c. geguritan
   d. gancaran
3. Wong sing ngasilake karya sastra wujud geguritan, diarani....
   a. panggurit
   b. niyaga
   c. komposer
   d. penyanyi
4. Ing basa Indonesia, geguritan gagrag anyar diarani....
   a. puisi
   b. prosa
   c. fiksi
   d. drama
5. Gatekna pethikan geguritan ing ngisor iki!

   Wanci sekolah miwiti pasinaon
   Kathah siswa kang sami pitakon
   Sabtu enjing kagem lingkungan kemawon
   Kerja bakti tanpa dikongkon
   ....

   Purwakanthi kang tinemu ing geguritan yaiku ....
   a. purwakanthi guru swara
   b. purwakanthi guru sastra
   c. purwakanthi lumaksita
   d. purwakanthi guru basa
6. Basa sing asring digunakake ing geguritan iku basa....
   a. krama inggil
   b. kedhaton
   c. ngoko
   d. bagongan
7. Nalika nulis geguritan langkah kapisan kang kudu ditindakake yaiku....
   a. negesi tembung

b. nemtokake tema
c. ngumpulake tetembungan
d. ngrakit ukara

8. Supaya bisa maca geguritan kanthi becik, kudu....
   a. mangerteni macane
   b. mangerteni tulisane
   c. mangerteni wujude
   d. mangerteni isine
9. Tembang macapat uga diarani....
   a. tembang cilik
   b. tembang tengahan
   c. tembang gedhe
   d. tembang dolanan
10. Tembang macapat iku kaiket ing paugeran ....
   a. guru gatra, guru basa, guru lagu
   b. guru gatra, guru wilangan, guru lagu
   c. guru swara, guru basa, guru sastra
   d. guru swara, guru lagu, guru wilangan
11. Tembang macapat iku ana ....
   a. 8
   b. 9
   c. 10
   d. 11
12. Cacahe gatra ing saben sapada tembang diarani....
   a. guru gatra
   b. guru wilangan
   c. guru lagu
   d. guru ukara
13. Asmaradana iku kadadeyan saka ... gatra.
   a. 4
   b. 6
   c. 8
   d. 10
14. Titi laras pelog lan slendro iku bedane ing angka....
   a. 4 lan 6
   b. 5 lan 6
   c. 5 lan 7
   d. 4 lan 7
15. Supaya bisa nembang macapat, kudu bisa maca angka-angka sing ana ing sadhuwure teks tembang. Angka-angka mau diarani....
   a. titi laras
   b. tangga nada

c. cakepan
d. notasi

16. Ing ngisor iki kang mujudake sandhangan wyanjana yaiku ….
    a. cakra, keret, pengkal.
    b. wulu, suku, taling
    c. cecak, wignyan, layar
    d. taling tarung, pangkon, pepet
17. Kembang jambe, yen ditulis nganggo aksara Jawa migunakake sandhangan lan pasangan ….
    a. sandhangan cecak, taling lan pasangan ba, ja
    b. sandhangan cecak, taling lan pasangan ba
    c. sandhangan cecak, pepet lan pasangan ba
    d. sandhangan cecak, pepet lan pasangan ba, ja
18. Tuku kopyah, yen ditulis nganggo aksara Jawa migunakake sandhangan….
    a. suku, taling tarung lan pengkal.
    b. suku, taling lan pengkal.
    c. suku, taling tarung lan cakra.
    d. suku, pepet lan pengkal.
19. ꦠꦸꦏꦸꦏꦺꦴꦥꦾꦃ sandhangan kang digunakake ana ing tetembungan iku....
    a. cakra
    b. pengkal
    c. keret
    d. cecak
20. Jangan terong . Panulisan Jawa sing trep yaiku ….
    a. ꦗꦔꦤ꧀ꦠꦼꦫꦺꦴꦔ
    b. ꦗꦔꦤ꧀ꦠꦺꦫꦺꦴꦁ
    c. ꦗꦔꦤ꧀ꦠꦿꦺꦴꦁ
    d. ꦗꦔꦤ꧀ꦠꦽꦁ
21. Tembang maskumambang. Panulisane aksara Jawa sing trep yaiku ….
    a. ꦠꦼꦩ꧀ꦧꦁꦩꦱ꧀ꦏꦸꦩꦩ꧀ꦧꦁ

b. [illegible]

c. [illegible]

d. [illegible]

22. Sarampunge gara-gara ing alas Ngrayudan, kahanan ing kraton Gagarmayang komplang tanpa ratu. Warga Gagarmayang banjur nyengkakake Jaka Lintang pinangka gantine Ratu kang wis ilang katut banyu banjir.
    Paragraf ing dhuwur yen katitik saka struktur teks kalebu peranganane....
    a. orientasi
    b. komplikasi
    c. klimak
    d. resolusi
23. ”He Raja kang wengis, aku dewi Limaran sing wis koksotake dadi kidang. Sawise dadi kidang saiki isih kok panah nganti teka ing pati. Saiki wis titiwancine ngundhuh wohing pakartimu, udan angin lan langit peteng dhedhet iki minangka piwalesku, sing bakal ngentirake anggamu”. Lerene swara mau ana bledheg nyamber Sang Prabu, sanalika Sang Prabu malih dadi naga.
    Paragraf ing dhuwur yen katitik saka struktur teks kalebu peranganane....
    a. orientasi
    b. komplikasi
    c. klimak
    d. resolusi
24. Basa krama kang tembunge krama alus kabeh diarani basa krama alus. Ing ngisor iki sing mujudake tuladhane basa krama alus, yaiku ....
    a. ”Nyuwun pangaputen Gusti Prabu, kawula nangisi ibu kula ingkang sampun panjenengan sedani”
    b. Ing Negara Gagarmayang ana sawijining putri kang kang lagi ngancik diwasa, sulistya ing warna, asmane Dewi Limaran.
    c. ”He..., Sritanjung ora pantes sliramu urip ing ngalam donya, delahan panggonanmu”
    d. Jaka Lintang dadi nom-noman kang gagah prakosa, trampil trengginas lan sekti mandraguna. Jaka Lintang dadi kajen-keringan ing desa Ngrayudan.

25. ”He bocah bagus ana apa kowe nangis kelara-lara?”
    Ukara ing dhuwur katitik saka **unggah-ungguh** basa, tembung kang digunakake kalebu ....
    a. krama alus
    b. ngoko alus
    c. krama lugu
    d. ngoko lugu
26. ”*Yayi* Dewi Sritanjung, pun kakang lagi kodheng, amarga kudu ngayahi jejibahan kang mokal kelakone pindhane ngarep-arep *udan ing wayah ketiga, cebol nggayuh lintang*, apa sliramu gelem paring pambiyantu ”
    Ukara iki arane ....
    a. krama alus
    b. ngoko alus
    c. krama lugu
    d. ngoko lugu
27. ”Nyuwun pangaputen Gusti Prabu, kawula nangisi ibu kula ingkang sampun panjenengan sedani”.
    Ukara ing dhuwur katitik saka unggah-ungguh basa, tembung kang digunakake kalebu ....
    a. krama alus
    b. ngoko alus
    c. krama lugu
    d. ngoko lugu
28. Sang Prabu tindak mbebedhag menyang alas.
    Ukara ing ndhuwur yen katitik saka **wangune/polane** kalebu ....
    a. ukara langsung
    b. ukara ora langsung
    c. ukara lamba
    d. ukara camboran
29. Dewi Limaran ngendikan yen anggone malih dadi kidang amarga disotake dening ratu Gagarmayang. Ukara kasebut yen katitik saka wangune kalebu....
    a. ukara langsung
    b. ukara ora langsung
    c. ukara lamba
    d. ukara camboran
30. Ukara ing ngisor iki sing klebu tuladhane ukara ora langsung yaiku....
    a. Jaka Lintang menehi wewaler marang warga Ngrayudan supaya aja pisan-pisan mateni kidang.

b. Dewi limaran ngendikan yen apa sing dialami Ratu Gagarmayang iku minangka ngundhuh wohing pakarti.
c. Dewi Limaran disotake dadi kidang wadon nanging tetep bisa tata jalma.
d. Ratu ing negara Gagarmayang kaloka sekti mandraguna nanging uga kejem.

Daftar Pustaka

Abikusna, 1996. *Widya Basa*. Surabaya: Ekspres
Atmodjo, S. Prawira, 1996. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo.

Basuki, Widodo. 2004. *Medhitasi Alang-Alang KumpulanGeguritan*. Sidoarjo: Sanggar Zuhra Gupita

Jatirahayu, Warih dan Margono Notopertomo. *Pakartitama:Wayang Sebagai Sumber Pendidikan Budi Pekerti.* Klaten: CV Sahabat.

Tim. 1948. *Karti Basa*. Jakarta: Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan.

Kementrian Pendidikan Nasional. 2011. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Balai Bahasa

Mangunsuwito, S.A. 2002.*Kamus Bahasa Jawa, Jawa-Indonesia.* Bandung: CV. YramaWidya.

Mardimin, Yohanes. 1987. *Sekitar Tembang Macapat*. Sala: Satya Watjana.

Ngafenan, Mohammad. 1995. *Paribasan, Bebasan, lan Saloka.* Solo: CV Aneka.

Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Padmosoekotjo, S, 1982. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

______ 1953. *Ngerengan Kasusastra DJawa.* Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra DJawa*. Batavia:J.B. Wolter

Prawirodihardjo, S. 1980. Burat Sari. Surabaya: CV Citra Jaya.

PT. Pancaran Semangat Jaya. 1997. *Kalawarti Minggon Basa Jawa Panjebar Semangat*. Surabaya: PT. Percetakan Panyebar Semangat.

Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Budaya Jawa:Rekonstruksi Normatif Idealistis.* Malang: Aditya Media Publishing.

Sasangka Sry Tjatur Wisnu. 2011. *Bunyi-bunyi Distingtif Bahasa Jawa.*Yogyakarta: Elmatera Publishing.

______ 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa.* Jakarta :Yayasan Paramadina.

______ 2010. *Unggah-Ungguh Bahasa Jawa.* Jakarta: Yayasan Paramalingua.

Sawali. 2005. *Bahasa dan Sastra Indonesia untuk SMP/MTs Kelas VIII*. Yogyakarta: PT Citra Parama Aji.

Sudaryanto (ed). 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Sudaryanto & Pranowo (ed.). 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa.* Yogyakarta: badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.

Sulchan. 1991. *Serial Protokoler Contoh Praktis Pembawa Acara dan Pidato.* Surabaya: Mekar.

Suwardi. 1983. *Warisan Geguritan Macapat*. Jakarta: PN. Balai Pustaka.

Warsito, S. Mardi. 1978. *Kamus Jawa Kuna (Kawi) – Indonesia*. Ende Flores: Nusa Indah.